
u



u

COPYRIGHT© 1988, J.C. CHOATE PUBLICATIONS

RAKATSIKISVA MU U.S.A.

KEKUTANGA RAKADHINDWA: 2000 MABHUKU

KECHIPIRI RAKADHINDWA: 3,000 MABHUKU

KECHITATU RAKADHINDWA, 5,000 MABHUKU

KECHINA RAKADHINDWA, 5,000 MABHUKU

KECHISHANU RAKADHINDWA, 5,000 MABHUKU

RAKADHINDWA MUINDIA MUCHIRUNGU NEMUCHIHINDI

RIKAZODHINDWA MUINDONESIA MUBAHASA INDONESIAN

RAKADHINDWA MUZIMBABWE: 5000 MABHUKU

Bvumo Kubva:

World Evangelism Publications

Winona, Mississippi

E-Mail: Choate@WorldEvangelism.org

Web site: www.WorldEvangelism.org

u

InDesign Layout For Shona Translation:

Shane Fisher

Rakanyorwa mururimi rwechishona naTomson Mlawuzi

Email: tomsonmlawuzi@gmail.com

(+263) 772941890

Hatcliffe church of Christ Harare

Rakatsikiswa na:

Tawanda Godwin Marandure:

(+263) 772625642

Manyame Park church of Christ

Box ZG 4

Zengeza

Chitungwiza

manyamepchurchurchofchrist@gmail.com

godwinkuda@gmail.com

Rakatsikiswa Newe:

World Evangelism Publications

u

# *Jesu Kritsu*

# *Chibairo*

# *Nekusingaperi*



BETTY BURTON CHOATE

PUBLISHED BY

WORLD LITERATURE PUBLICATIONS

WINONA, MISSISSIPPI

# *Kutaira Pfungwa Kwemutsikisi*

Ndinotora semukana nerukudzo nekuda kwekukwanisa kukuzivisai bhuku iri kwamuri. Ndinoziva munyori zvakanyanya sezvo ari mudzimai vangu.

Betty ainge achidzidza chidzidzo chekuzvipira kwaKritsu kwemakore mazhinji, mukufunga nemauyiro Ake panyika ino, chirevo chekufa Kwake, uye kuti zvose zvinhu izvi zvinotaurei kwatiri. Ndaimuona nguva zhinji, apo taishanyira vamwe kana kuti mumwe munhu akatishanyira, aimutora parutivi otanga kudzidza naye nezvechibayiro chaKritsu kana nguva ikangovatendera. Kunyangwe manzwisisiro ake pamusoro pechidzidzi chechibayiro ichi ainge ari matsva kuvanhu avo vaaidzidza navo, asi zvose zvaaitaura zvaigamichirwa.

Ndinofanirwa kutaura kuti maonero aBetty pamusoro pechibayiro chaKritsu aive matsva kwandirivo, kunyangwe nyanya yose irimo muZvinyorwa. Zvechokwadhi, kutsvakurudza kwakadai kunehudzamu muchidzidzo chakakosha zvakadai chinoda kuteerera kwedu kweudzamu nekunamatira kuti zvigokwanisaka kunzwisisika.

Mushure mukudzidza pamusoro pechibayiro kwemakore gumi nemashanu, Betty akatanga kunyora bhuku iri. Apo zvinhu zvakanyorwa pasi, akazvitumira kune vafundisi vakati wandei vanoziikanwa nevanyori, zvimwechete nekushamwari nehama dzemumhuri, kuitira kuti vakwanise kucherechedza nekugadzirisa nekupa rutsigiro. Vose vakatsigira zvikuru chidzidzo chake, vamwe ndivo vakataura naye pamusoro pekuti vanyatsoisa zvinyorwa izvi muchimiro chakanaka, izvo zvinova akatenda nekugamuchira, Clay Wilkerson akabatsira pazvivaka mutauro, uye Bob naNina Stewart ndivo vakazobatsiridza mukuverenga kwekucherechedza kana zvose zvakamira zvakanaka.

Saka iri ndiro bhuku rakabuda, bhuku iro vazhinji zhinji vanomunzwa achitaura pamusoro pechidzidzo chainge chakamirirwa. Moyo yedu inoshuvira kuona kuti chichasvika chichitambirwa sei nehama. Kana zvose zvikafamba zvakanaka, tinovimba kuridhindisa munedzimwe nyika dzatinoshanda nadzo, nokuti dzine zvidzidzo zvishoma zvadzingavve nazvo pamusoro pechidzidzo ichi.

Munamato vedu kuti utore nguva yako mukudzidza muzvinyorwa zvebhuku iri uye nekufunga nezvaro usati vasvika mukurinzwira nungo kana kumhanyira kupa mhedziso yenhema. Betty haanakunyora mukutsvaka makakatanwa, asi akanyora nokuda kwekutongwa, kuchativira mukutenda uye kuti tikwanise kutsvaka kunzwisisa kuti Zvinyorwa zvinotaura kuti kudii pamusoro paKritsu neruponeso rwedu. Chishuvo chedu kuti bhuku iri richasvika mukusimudzira chido chekuda kudzidza mukereke yose, mukudzidza zvinehudzamu izvo bhaibheri rinotaura, nekutendera izvozvo bedzi.

Zvirokwazvo, apo patakasvika kuziva nekunzwisisa zvizhinji pamusoro pechibayiro chaKritsu - unowa mubairo mukuru Vaakaripa kuti tikwanise kuponeswa -zvakare kuti tikwanise kuzvigadzirira kurarama hepenyu hweChikritsu. Betty akanyora bhuku iri nokuda kwechinangwa ichi, uye nechikonzero icho ndinotaura kwairi.

J.C. Choate<br><br>Winona, MS<br><br>Nyamavhuvhu 16, 1988

## *MHANGANYAYA*

Pfungwa zhinji dzakasiyana pamusoro paJesu Kritsu dzinotaurwa apo neapo mumharidzo nemuzvidzodzo. Kwemakore ndaizama kuda kuunganidza zvidimbu zvose pamwechete mukugadzira 'mufananidzo mukuru' vaMuponesi vedu. Mupfungwa dzangu ndaida kugadzirisa kusiyana kwemaonero mukubatanidza zvinovirirana nechikamu choga choga pachezvacho. Bhuku iri chinangwa chechido ichi.

Zvirokwazvo, nzwisiso yeHukuru hweuMwari irimberi kwemafungiro emunhu. Tinokwanisa kungoona chikamu chiduku duku, uye kunyangwe pachikamu chiduku ichocho vadzidzi havasvike pakuvirirana. Zvirokwazvo kutaura kune kuzvikudza hakurondedzerwe sekudzidza kana kuva kwakatendeka muchidzidzo.

Asi mamiriro sekupihwa kwaanoitwa muchidzidzo chino anovirirana pamwechete, zvekuti chidimbu chimwe nechimwe chinopinda pachinzvimbo pacho, asi kusavirirana kwangu nazvo kwaive kwekusada, "Zvakarurama, zvirokwazvo ....!" Rwaiwe risimbiriro rwangu kuti ndisasvike pakutsikisa bhuku iri kusvikira ndagutsikana kuti hapana pakati pemhedziso dzangu dzinopikisana pachezvazvo, asi kuti imwe neimwe igosvika mukutsigira mukuisa udzamu. Mune chidzidzo chose chinemusoro venyaya weBhaibheri, kuita uku kunova kwakakosha uye kunochengetedza mukuvakwa kwenhema. Ndinekutenda zvakare kuti takavimbika maererano nekudzidza nezveHukuru hwaMwari.

Sevaverengi, zvinovanzoitika kuti munokwanisa kuva nemamwe maonero. Kana kuti munogona kuva nokutenderana kwakazara nezvinhu zvose izvi. Zvisinei, munamato vangu kuti muverengi vose achaverenga nechido, asi asingakasiki kugamuchira mhedziso, zvikurusei mukutarisa mupfungwa dzisina kubvira dzambocheredzwa kumashure. Mumakore Makumi mana ndichidzidza pfungwa iyi, zvikamu zveZvinyorwa zvetsigiro zvaisvika kuuya mupfungwa dzangu apo pandaiverenga nguva nenguva, nepamdaidzidza pane mamwe madingindira akatiwandei. Nguvadzose, zvisinei, ndaigara ndakaisa tsvakurudzo dzangu mupfungwa dzangu uye apo ndaisangana neZvinyorwa zvaipikisana kana kuona sezvinopikisana nepfungwa yangu, ndaiivedzera mubhuku randainyora zvinyorwa zvitsva zvaizondibatsira. Saka Zvinyorwa pachezvazvo zvakagadzira gwara rezvidzidzo nekugadzira mhedziso muchimiro chadziri.

Ndakanyora memazvokuda chimwe nechimwe chiratidzwa cheZvinyorwa mumamiriro acho kuitira kuti kunyangwe vadzidzi vange vasina bhuku reShoko raMwari vakwanise kunzwisisa zvainge zvichitaurwa. Zvakare, zvisinei, kuti ndakaverenga kubva kune vamwe vadzidzi vazhinji, kuona kwangu kuti mashoko emuBhaibheri akafanirwa kudzidziswa kubva muZvinyorwa kwete kubva mupfungwa dzemunhu. Nokuda kwechikonzero ichi, zvikuru sei muchidzidzo ichi, ndakashandisa zvidzidzo zvairondedzerwa neBhaibheri kutsanangura zvinyorwa, panekudzokorora kwemashoko evamwe vanyori.

Ipfungwa dzangu kuti zvipoka zvevadzidzisi zvizame kushandisa zvinhu izvi kwemakota maviri, mukuita kekutanga kuti ndikwanise kuona chimiro chose mupfungwa,

uye nekushandisa kota yechipiri mukudzidza pfungwa iyi.

2 Vakorinte 3:18 inotipa chivimbo chekuti **"Zvino isu tose tinoti tichitarira nechiso chisina kufukidzirwa kubwinya kwaShe sapachivoni-voni, tinoshandurwa tichifanana nomufananidzo iwoyo, tichibva pakubwinya kumwe tichienda kuno kumwe kubwinya, sezvinobva kuMweya waShe."** Kana uchida kuita saIye, tinofanirwa kuzvipira zvidzidzo zvedu nekumucherechedza mufananidzo Vake muchioneoni .....

Udzamu werudo rwangu kunaMwari uye kuve pedyo naIshe wedu ndizvo zvivanikwa zvezvidzidzo izvi, uye ndichachengetedza izvi **“semubairo mukuru vakakosha”.**

**Betty Burton Choate**

**[Rakadzokorodzwa nekuiswa muchimiro muna, 2014)**

**Chenjedzo:** Manzwi akanyorwa ndeekupa simbiso nekuraira, kwemazvi anovanikwa mumutauro vekutanga. Miedzaniso irimo yakanyorwa ichibva muZvinyorwa.

## *Zvirimukati*

1. Jesu Kritsu ....................................................................................................9

2. Huvepo Hwake neHukama Muukuru hwaMwari ................................................11

3. Kuzvidururira ...................................................................................................21

4. Mukoma veMunhu ............................................................................................31

5. Kutumwa  Kubudikidza naBaba ..........................................................................41

6. Kuzvitsaurira Mukupedzisa ..................................................................................49

7. Kufa .......................................................................................................................55

8. Kufa Panyama Ndiwo Mutengo Bedzi Here? ........................................................73

9. Mushure Mekufa ....................................................................................................81

10. Kupinda Kwedu ....................................................................................................88

11. Chirangaridzo ......................................................................................................98

12. Ishe Varikutonga ..................................................................................................111

13. Mwanakomana Nokusingamberi ...........................................................................117

Mhedziso .................................................................................................................122

Nhetembo:  Manzwi Angu Ehunyanzwi ....................................................................124

Kutaridzwa kweZvidzidzo ......................................................................................... 26

u



## *Jesu Kritsu*

### Chikam u Chekutanga

Mumoyo memunhu vese mune chitendero uye mwari. Mutsoropodzi, mudadi, anokwanisa kutenda maari bedzi, asi zvisinei, ndiko kutenda uye chinova chitendero chake. Chimwe chinhu chekupedzisira, munhu anoshaya hanya nekunamata zvimwari zvose zvaanenge anzwa nezvazvo, ndinotya kugumburwa kwevamwe mukufuratirwa nezuva rekupedzisira.

Kwemakore munhu haana kushanduka. Kuzvikudza kwemoyo kwakasakisa Mwari kuti vataure izvi nguva yakapfuura: **Ndizvo zvakataura Ishe Mwari: "Mwanakomana womunhu, iti kumuchinda weTire, zvanzi naIshe Jehovha, `moyo wako zvawakazvikudza,' iwe ukati, `Ini ndiri mwari, ndigere pachigaro chaMwari pakati pamakungwa,' kunyange zvakadaro, uri munhu hako, hauzi Mwari, kunyange wakamisa moyo wako somoyo waMwari. (... pakuchenjera kwako, hakuna chakavanzika chausingazivi iwe; wakazviwanira fuma nohuchenjeri hwako uye nokuziva kwako, ukazviwanira ndarama nesirivha muzvivigiro zvefuma yako; wakawedzera fuma yako nohuchenjeri hwako hukuru uye nokushambadzira kwako, moyo wako ukazvikudza nokuda kwefuma yako.)"**

**"Naizvozvo zvanzi naIshe Jehovha, `Zvawakamisa moyo wako somoyo waMwari,' naizvozvo tarira, ndinouyisa vatorwa pamusoro pako, ivo vanotyisa pakati pamarudzi ose; vachavhomorera kunaka kwohuchenjeri hwako minondo yavo, vachasvibisa kubwinya kwako. Vachakuburusira kugomba; uchafa norufu rwavanourawa mumoyo wamakungwa.**

**"Ko ungazoreva pamberi pounokuuraya, uchiti, `Ndini Mwari?' Asi uri munhu, hauzi Mwari, muruoko rwaiye unokukuvadza. Uchafa norufu rwousina kudzingiswa namaoko avatorwa,... nokuti Ndini ndakataura izvozvo," ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha** (Ezekieri 28:2-10).

Munzira dzeAtene, kwakaitika umwe humboo huguru, uye muapostora Pauro akati: **Zvino Pauro, amire pakati peAreopago, akati: Imi varume veAtene, pazvinhu zvose ndinovona kuti mononamata zvikuru. Nokuti ndakati ndichipfuvura, ndichicherekedza zvamunonamata, ndakawana vo aritari yakanyorwa izvi: KUNAMWARI USINGAZIKANWI. Zvino chamunonamata musingachizivi, ndicho chandinokuparidzirai.**

**Mwari wakasika nyika nezvose zviri mairi, iye Tenzi wedenga napasi, haagari mutembere dzakaitwa namavoko. Haashumirwi namavoko avanhu, saachinge achishaiwa chinhu, zvaari iye amene unopa vose vupenyu, nokufema, nezvose; wakaita neropa rimwe marudzi ose avanhu, achibva kunomumwe chete, kuti agare pose panyika; ambotara nguva dzavakatemerwa, nemiganhu yukugara kwavo; kuti vatsvake Mwari, zvimwe vamutsvangadzire vamuwane, kunyange Asiri kure nomumwe nomumwe wedu. Nokuti Maari tinovupenyu, tinofamba, tiripo; sezvavakareva vamwe vanyori venziyo vokwenyu, vachiti: "Nokuti tiri rudzi rwake vo."**

**Zvatiri rudzi rwaMwari, hatifaniri kufunga kuti vuMwari hwakafanana nendarama, kana sirivheri, kana ibwe, rakavezwa novumhizha kana kuchenjera kwomunhu. Naizvozvo Mwari**

**wakarega hake kurangarira nguva dzokusaziva; asi zvino unoraira vanhu vose kwose-kwose kuti vatendevuke. Nokuti wakatara zuva, raachatonga nyika naro nokururama, nomurume waakagadza; akasimbisa shoko iro kunavose, pakumumutsa kuvakafa** (Mabasa 17:22-31).

Pakati peizvi zvekupedzisira pane ruzhinji rwevanhu rwakawanda. Vanoenda pamusoro pekurarama kwavo kwemazuva ose, kazhinji vanenge vakabatikana mukuva nehanya pamusoro pezvitendero. Vazhinji vanozama, kuva vanhu vakanaka, vaine kutenda kuti izvi zvinosvika pakuvaita kuti vafadze Mwari - angazove Ani - kana vachinge azofa. "Mushure mezvese," vanopa chikonzero, "kuva vakanaka ndochinhu chakakosha, nokuti kuzvitendero zvose kunodikanwa chinhu ichi."

Ichokwadi, kuti zvitendero zvose zvinodzidzisa kunaka kunofanirwa kuvanikwa pamunhu, nemagariro akanaka, anofanirwa kunge ari panechimwe chinhanho. Mubvunzo vobva vati, kunaka kwemunhu kwakatikwanira here kuti munhu akwanise kugamuchirwa naMwari? Hakuna chitendero chinodzidzisa dzidziso dzakadai, sezvo vose vachida zvakare imwe mhando yechipo kana chibairo, kumwe kuita kunopa kodzero kana kuregererwa.

Zvimwe zvitendero zvinoparidza kuregererwa kubudikidza nechibayiro chemari, vamwe kubudikidza nezvibayiro zvemhuka, vamwe kubudikidza nemabasa ekutongwa - kunyangwe kubudikidza nekurwadzisa muviri vemunhu. Vamwe vanodzidzisa kuzvarwa patsva, vamwe vanovimba nekuona zvinhu zvakanaka zvavanoita, mukuenzanisa nezvinhu zvakashata zvaaimboita. Asi zvose zvitendero izvi zvinotaura chinhu chimwechete, nokumwe kutaura kuti: munhu pachezvake, kubudikidza nekushingaira kwake, akafanirwa kuzviponesa nekuzvipa kuzvichenesa kuzvivi zvake.

Chingori chitendero chimwechete chinoti hazviitike kuti munhu azviponese, chitendero chimwechete chinopa Muponesi: Chitendero icho Jesu Kritsu akaunza panyika.

Vamwe vanokwanisa kutaura kuti, "Asi chitendero chimwe nechimwe chine muvambi vacho, chine 'muzodziva vacho'.  Munezviitiko zvizhinji, vanhu ava vanozvipira hupenyu hwavo mukudzidzisa mune izvo vakatenda kuti ndicho chokwadi, uye munemimwe mienzaniso, vanosvika mukuzvipira kufa nokuda kwekutenda kwavo. Saka zvose zvitendero zvakanaka; zvose 'zvitsvene' vanhu vakanaka; uye Jesu ndiIshe, zvakaita seBhudha, Krishna, Islamu,  nezvimwe zvizhinji."

Ichi chingawe chokwadi here? Jesu Kritsu Ndiye 'mumwechete here pakati pevazhinji'? Ko chitendero chaakaunza panyika, kubudikidza nokufa Kwake ndicho chega here chinoratidza musiyano 'vechokwadi' unovanikwa munezvimwe zvitendero zvose?

Kana zvisizvo, chii chakaita kuti Jesu ave nemusiyano? Chii Chaakaita, Chii Akapa chisina mumwe akapa kana kuita?

Jesu akataura kuti, **Ndini nzira, nezvokwadi, novupenyu; hapana munhu unovuya kuna Baba, asi nokwandiri** (Johane 14:6).

Nokuda kwemashoko aya, Jesu Kritsu anotaura kuva nzira yedu imwechete inotisvitsa kunaMwari. Kubudikidza nesimba rani Raakataura kutaura uku? Aitaura chokwadi here? Kana zvirizvo, Haasingori Ishe umwechete pakati pavanhu vazhinji munyika ino; asi kuti NdiIshe. Chinangwa chedu chechidzidzo ichi ndechekudzidza nekupa mhinduro kubva kumibvunzo iyi.

u



# Huvepo Hwake

# neUkama

# Muukuru HwaMwari

## Chikamu Chechipiri

Kuti tikwanise kunzwisisa basa nemasimba eMumwechete anodanwa kunzi Jesu Kritsu, tinofanirwa kubvunza mibvunzo iyi:  Chimiro Chake chakamira sei? Ambori Ani? Akabvepi, ndeapi mavambo Ake? Akararama kwenguva yakareba zvakadii?

Vamwe zvirokwazvo, vanotaura kuti Jesu' kutanga kwake kwakatanga nekuzvarwa Kwake munyika, umo akararama hupenyu hwemunhu akarurama, aine kuteerera kuna Mwari, nokuda kwaizvozvo Mwari Akamusimudzira pamusoro-soro pevanhu vosekuitira kuti aonekwe kuva Mwanakomana Vake.

Vamwe vanotaura kuti Jesu akararama kubva pakutanga seMwanakomana aina Baba Vake, Mwari. Vanotenda kuti shanduko imwechete yakaunzwa kubudikidza nekuzvarwa Kwake munyika kwaive kuzvipfekedza kwaainge akazviita nomuviri venyama.

Mumuono venyika, kune avo vanotenda mukudzokororwa kuratidzwa kwaMwari kubudikidza nemaporofita, kana kuzviratidza Pachake munemufananidzo yakasiyana siyana yavanhu. Vanotaura kuti Jesu ndiye chimwe chechiratidzo Mwari akaita panyika, panguva iyo munhu aida gwara idzva.

Mune zviitiko zvizhinji, kupokana kunovepo pamusoro pechidzidzo nokuti vano vanotaura kubva mukunzwa kubva kunevamwe vanhu nemukufunga kwavo. Kana tichida kuziva chokwadi pamusoro paJesu tinofanirwa kuenda kuhwaro yemavambo yeruzivo pamusoro paJesu: inova Bhaibheri. Ambori Ani maererano neBhaibheri? Mavambo ake ndeapi maererano neBhaibheri?

Johane 14:1-3 inotitora kutiendesa kumavambo, kwete kumavambo eHuMwari, asi ekudzika kwaMwari muukama wemavambo enyika ino nevagari wemo:

**Pakutanga** [mukutaridza kuti "Pakutanga Mwari vakasika matenga nenyika." Genesisi 1:1] **Shoko rakanga riripo, Shoko rakanga riri kunaMwari, Shoko rakanga riri Mwari. Ireri pakutanga rakanga riri kunaMwari. Zvinhu zvose zvakaitwa naye; kunze kwake hakuna kuitwa kunyange chinhu chimwe chakaitwa.***

VaHeberu 1:2 inotaura pamusoro peShoko:

**... kubudikidza nauyowo Iye** [Mwari] **akaita nyika.**

Vakorose 1:15-17 inotaura pamusoro penyika:

**Ndiye mufananidzo waMwari...nokuti maari zvinhu zvose zvakasikwa, zviri kudenga napanyika, zvinovonekwa nezvisingavonekwi, kana zviri zvigaro zvovushe kana vushe, kana vabati, kana masimba; zvinhu zvose zvakasikwa naye, zviripo nokuda kwake. Ndiye unotangira zvose, zvose zvakabatana maari.***

Ndima iyi inotiratidza kune umwe unhu veukuru weuMwari vakaratidzwa 'seShoko'. Mukudzokera kumashure kumaonerwe Ake ekutanga ekare, Hatione kuratidzwa kweMwanakomana, muchidzidzo kuna Baba Vake, asi tinoona ukuru hwaMwari umo 'Shoko' rakabata nzvimbo yeruenzano.

**Shoko**

Shoko *rakanga* riri Mwari. Shoko rakanga riri *kuna* Mwari, Aive shamwari mukusika. Maari [Shoko] maiva nehupenyu - kwete hupenyu *hwekuzvipa* sezvo munhu vese ane hupenyu kubva kunaMwari, asi hupenyu *tinoberekwa.* Ndivo uyo, uri Mushoko unemamirire aMwari, masimba ehupenyu, akasiyana uye kunze kwedzimwe varo dzekunze.

Shoko zvakare rinovonekwa zvakare mundima ino seRimwechete *kubudikidza Naye* uye nokuda *Kwalye* zvinhu zvose zvakasikwa.

Akatsanangurwa semunhu **"...mufananidzo valshe vasingaonekwe"** semunhu **"...chadzera chokubwinya Kwake, nomufananidzo wake chaiye"** (VaHeberu 1:3).

Muverengi veTestamente Yekare neItsva vanopamhedziso yekuti, Mwari ndiye chinangwa chikuru cheTestamente Yekare uye kuti Jesu, Mwanakomana vake, akava chinangwa chikuru cheTestamente Itsva. Kucherechedza kunehudzamu kunoratidza mufananidzo vakasiyana.

---

**Kuita Hurukuro:**

**1. Muduramanzwi 'raVine's Word Dictionary,' tarisa "Mwari" sekunyorwa kwaakaitwa muchiHeberu muna Genesisi 1:1. Nderipi inzwi rakashandiswa? ________________________**

**2. Ronorevei?________________________________________________________________**

**3. Umwechete hwechimiro kana Uwandu hwechimiro chaMwari  vakashandiswa mundima iyi here? ____________________________**

**4. Izvi zvinotiudzei pamusoro peUmunhu hwaMwari Muhukuru HwaMwari? __________________**

**El uye Elohim**

Inzwi rekuti 'Mwari' mumutauro vechiHeberu muTestamente Yekare rine umwechete neuzhinji mukuonekwa kwaro. Inzwi muumwechete 'El' rinobuda kanokwana ka500 muTestamente Yekare. Muuzhinji inzwi 'Elohim', rinotaurwa pariri chirevo chemazvirokwazvo 'cheukuru hwaMwari', rinobuda kanodarika zviuru zvitatu. Izvi zvinoreva kuti, muzviitiko zvizhinji apo muverengi vechirungu anoona inzwi rekuti 'Mwari' nekufunga Mwari muhumwechete, Zvinyorwa zvinotaridza 'Hukuru hwaMwari' muuzhinji: Mwari, Anova Shoko kana Inzwi, uye Mweya Mutsvene.

cherechedza muenzaniso uyu:

**Pakutanga Mwari** [Elohim, muuwandu] **akasika denga nenyika** (Genesisi 1:1).

**Ipapo Mwari** [Elohim, muuwandu] **akati, "Ngatiite** [muuwandu] **munhu nemufananidzo wedu,** [muuwandu] **akafanana nesu..."** (Genesisi 1:26).

**Zvino Jehovha Mwari** [Elohim, muuwandu **akati, "Tarirai, munhu ava somumwe Wedu"** [muuwandu]...**"** (Genesisi 3:22).

**"Chinzwa, Isiraeri: Ishe** [Jehovha] **Mwari wedu** [Elohim, muuwandu], **ndiIshe** [Jehovha, muumwechete, zita rake] **mumwe chete** [MuchiHeberu: *Achid* zvichireva, *kubatana,* kwete kwete kwechinhu chimwe] (Dhuteronomi 6:4) [Ndima iyi ndeyekuzivisa humwechete muzvinhu zvinobatika uye munechinangwa, muuwandu veunhu unoumba ukuru hwaMwari.]

**Zvanzi naISHE** [Jehovha], **Mambo wavaIsiraeri, noMudzikunuri wavo, ISHE** [Jehovha] **wehondo: "Ndini wokutanga nowokupedzisira; kunze kwangu hakuna Mwari** [Elohim, muuwandu]" (Isaya 44:6).

**Nokuti ndini ISHE** [Jehovha] **Mwari wako** [Elohim, muuwandu]; **Mutsvene veIsiraeri, Muponesi vako...** (Isaya 43:3).

Zvakare muuwandu 'Elohim' rakashandiswa mukudzokorora nechiito chechinhu chimwechete, kuenderera mberi mukuratidzwa kwehumwechete weunhu veukuru hwaMwari. Muenzaniso vekutaura uku tinouwana muna Genesisi 1:1 apo muuwandu 'Elohim' rinoshandiswa muchimiro chehumwechete 'chekusikwa' [bara].

Saka tinoona kubva pandima iyi kuti kazhinji kacho hukuru HwaMwari ndivo vaiita basa mukari meTestamente yese Yekare *kwete Mwari [Baba] varivoga*. Asi kuti rakange riri basa 'reShoko kana Inzwi' iro tinozama kuti tinzwisise. Tinoona kubva munaJohane 1:1 kuti Ainge *ari* Mwari, kuti ainge ari *muna* Mwari. Takaverenga Zvinyorwa zvakawanda

---

**Hurukuro:**

**5. Sarudza zviporofita zviviri zvemuTestamente Yekare zvinotaura nezvaJesu.**

**A.**

**B.**

zvinotaura nezvehukuru hwaMwari, inzwi rinova rinosanganisira Mwari, Shoko, neMweya Mutsvene. SeMumwe vehukuru hwaMwari, Shoko  rainge richizvinzwa maRiri zvose zvainge zvakazvarwa munaMwari: upenyu hwemasimba ose [unemasimba ose] hunoonekwa kwose kwose [anovanikwa posepose] musoro hwehuMwari [anova noruzivo], zvakakwana. Wakaramba vaine chinzvimbo chakaenzana sezvo vasina kusiyana masimba.

Tinoziikanwa nebasa reShoko muTestamente Itsva. Johane 1:14 inotaura,

**Shoko rakazova nyama, rikagara pakati pedu....**

Ndiko kuziviswa kwatinoitwa kuna Jesu Kritsu. Asi tisati tanyatsokusvika mukudzidzi pamusoro peMunhu uyu **"wakaberekwa mumwe chete waBaba"** (Johane 1:14). Ngatitarisei pandima iripakati

**"Pakutanga"** uye nekuti **"Shoko rakazova nyama"** nekupindura mubvunzo: Nderipi raiva basa Rake munguva yeTestamente Yekare?

## Basa Rake MuTesamente Yekare

Ko Shoko [Iro Munhu aiwa mukuzara kwenguva. iro **"rakaitwa nyama" J**esu Kritsu] rakararama mukubata munyika Asati azvarwa mumufananidzo vemunhu? Kana kuti munguva iyoyo Aive, Mwanakomana vaiteerera akagara kurudyi rwaBaba Vake, akamirira 'nguva' Yake 'yekuenda panyanga'

Mukupindura mubvunzo uyu, ngatitenderei zvinyorwa zvizvitaurire pachezvazvo:

**Zvanzi naJehovha, Mwari wavaIsiraeri, noMudzikunuri wavo, Jehovha wehondo: Ndini wokutanga nowokupedzisira; kunze kwangu hakuna Mwari** (Isaya 44:6).

Muna zvakazarurwa 1:8, Jesu Kritsu akati: '**Ndini Arfa naOmega, wokutanga nowokupedzisira,' ndizvo zvinoreva Ishe Mwari, 'uripo, wakanga Aripo, nouchazovapo, wamasimba ose.'**

Kubudikidza nekuratidza kwemutauri mune ndima mbiri idzi, tinoona kuti 'Jesu Kritsu' veTestamente Itsva waive 'Ishe' zvakare, vaitaura kuvanhu aine masimba akafanana neekuTestamente Yekare.

**Jehovha akadzikunura muranda wake Jakobho. Havana kunzwa nyota nguva yaakavafambisa mumarenje; akavayereresa mvura ichibva padombo, akatsemurawo dombo, mvura zhinji ikadzutuka** (Isaya 48:20,21).

...**madzibaba edu ose akanga ari pasi pegore, ...vose vakanwa zvokunwa padombo roMweya rakavatevera; dombo iro rakanga riri Kristu** (1 Vakorinte 10:1-4).

Ndima iyi inoratidza 'ISHE' vaitungamira vaIsiraeri kubva muhusungwa hweIjipita saJesu Kritsu.

u

**"Ngirozi" zvinoreva mutumwa. Zvimwe Zvinyorwa zvemuTestamente Yekare zvinonyora kuti "Ngirozi yangu", "Ngirozi", "Ngirozi yaIshe", "Ngirozi dzehugaro Hwake", ndezvizvi:**

**"Dzangu" kana "Ake" Ngirozi:**

**Genesisi 24:7,40**

**48:16**

**Ekisodosi 23:23**

**32:34**

**33:2**

**Daneri 6:22**

**Numeri 20:16**

**22:22**

**"Ngirozi yaIshe":**

**Genesisi 16:2,7,9,10**

**22:11,15**

**Ekisodosi 3:2**

**Vatongi 2:1,4**

**5:23**

**6:11,12,21,22**

**Vatongi 13**

**1 Madzimambo 19:5,7**

**2 Madzimambo 19;35**

**1 Makoronike 21:12**

**Mapisarema 34:7**

**Zakaria 3:1**

**"Ngirozi yeHuvepo Hwake":**

**Isaya 63:9**

**"Mukuru VeHondo yaIshe":**

**Joshua 5:13-15**

## Ngirozi yaIshe

Chikamu chechitatu chaEkisodho, kana chichinge chaiswa mukutariswa pamwechete neVakorinte vechipiri uye Johane 8:51-59. Inotibatsira kunzwisisa zvakanyanya pamusoro pebasa reShoko munguva yeTestamente Yekare. Muna Ekisodho 3:2, munhu aidana kuti ngirozi yaIshe akazviratidza kuna Mozisi, '**mugwedzi raibvira pakati pesango.'** Zvisinei kuti kwaive neboka rezvisikwa zvaidanwa kuti ngirozi, Iyi yakatsanangurwa sengirozi yaIshe, yainge isiri imwe yeidzi, nokuti mundima yechina, Yakadanwa kuti ISHE naMwari. Mundima

yechitanhatu, ISHE akati,

**Ndini Mwari wababa vako, naMwari waAbhurahamu, naMwari waIsaka, naMwari waJakobho.**

Mundima yechisere, *Mwari* akati,

**Ndaburuka kuti ndivarwire mumaoko avaIjipiti nokuvabudisa munyika ....***

Tinoona kubva muna 1 Vakorinte 10:1-4 kuti Munhu vehukuru hwaMwari zvirokwazvo akashanda nemaIsiraeri riri 'Shoko', iro kumberi Rakazotora Chimiro chemunhu nekuzvarwa saJesu Kritsu.

Muna Ekisodho 3:13,14, Mozisi anobvunza Mutauriri vedenga,

**...kana ndikasvika kuvana vaIsiraeri, ndikati kwavari, "Mwari wamadzibaba enyu akandituma kwamuri,' ivo vakati kwandiri, 'Ko zita rake ndiani?' Ndichatiyi kwavari? Mwari akati kuna Mozisi, NDICHAVA IYE WANDICHAVA. Akati, Unoti kuvana vaIsiraeri, `NDICHAVA' ndiye akandituma kwamuri."**

---

Hurukuro:

**6. Kana ukaverenga nyaya yaMozisi nekubvira kwegwenzi, unofunga here kuti ngirozi yaitaura naye, kana Mwari (Baba) kana Shoko (Ndiani Akazova Jesu)? ________________**

**7. Fungidzira uri pakati pechaunga, uchiteerera kuna Jesu. Uchipa zvikonzero kuti sei uchifunga kuti "Haaone" Iye ari pamusoro pemunhu.**

Muna Johane 8, *Jesu* aripakutaura nemaJudha. Mukupera menhauro idzi, Akataura kutaura uku,

**.... Zvirokwazvo, Ndinoti kwamuri, Abrahamu asati aveko NDAKANGE NDIRIPO.**

Mukushandisa mashoko aya Kwaari, kazhinji aishandiswa chete mukutaura Mwari, *Jesu* aitaura kutaura *kwehupenyu Hwake kusingaperi. Akasvika* mukuzvisivisa kuti NDIYE NDICHAVA uyo anotaurwa naMozisi. Vateereri vake vainge vasina dambudziko mukuteerera kutaura Kwake kwekuzviita Iye. Kupindura kwavo kwakave kwekumunhonga matombo kuti Vamuteme zvekumuuraya nokuda kwekuti vaiti aisakoshesa Mwari.

Kushandiswa kwechinyorwa 'ari' uye chirevo 'pamusoro paISHE' rinomirira kuti Munhu uyu ainge vakasiyana nengirozi dzakasikwa dzinova vashandi vaMwari mubasa Rake. Munedzimwe nhoroondo dzinoonekwa ngirozi idzi dzaIshe mubhuku raEkisodho 32:34, Ekisodho 14:19, Vatongi 13:6, 2 Samueri 14:17,20, Vatongi 2:1, Isaya 63:9.

Ekisodho 32:34, mukuenderera mberi kusvika kuchikamu 33, chinotaridza *Ishe* vachivimbisa kutumira *Ngirozi Yavo* kumaIsraeri. Sezvo Ekisodho 2 pamwechete naJohane 8 inoratidza Ngirozi irivo pakati pehukuru hwaMwari, *Jesu Kritsu*, uye sezvo 1 Vakorinte 10:14 ichienderera kuratidza Mumwechete kumaIsiraeri seDombo, *Jesu Kritsu*, zvino tinopedzesa kutaura kuti *Mutumi, ISHE*, muna Ekisodho 32,33 aive *Mwari Baba* [uye neMweya, Isaya 48:16], apo *Ngirozi iyo yainge yatumwa* yaive *Shoko* rakazova, *Jesu Kritsu.*

Vatongi 2:1 inotaridza Ngirozi yaIshe seImwechete **"Ndakakubudisa muIjipiti....."**

Vatongi 13 inotaura nyaya yaManoa achinamata kuna Ishe, achikumbira kuti *Ngirozi yaIshe, Munhu vaMwari*, atumirwe kwavari nemudzimai vake. Ndima 9 inoti

**Jehovha akanzwa inzwi raManoa; mutumwa waMwari akauyazve....***

Zvakare tinoona *ISHE* se*Mutumi* uye *Ngirozi yaMwari* se*Mumwe akatumwa.*

Isaya 63:7-10 inotaura ISHE, Ngirozi yeHuvepo Hwake yakadzikinura Isiraeri, uye neMweya Vake Metsvene, unova muutatu muChimiro Chehukuru hwaMwari.

---

Hurukuro:

**8. Muduramanzwi 'reVine's Word Dictionary' tarisa "ISHE", "Jehovha" uye "Mwari". Tsvaka zvinyorwa zvemuTestamente Yekare uchishandisa Mwanzwi aya.**

**9. Mangani emanzwi aya aunokwanisa kuona sekutaura kwaMwari Baba?**

**10. Mangani avaona sokuti aitaura pamusoro peShoko, Ndiani akazvarwa saJesu?**

**Mukuverenga munhoroondo dzekuonekera kweMweya kuvanhu, tinofanirwa kuverenga zvinehungwaru, mukucherechedza kuti tione kana munhu achitaura kubudikidza nemasimba kana semutumwa; kana kuti anodanwa kuti "Mwari"; kana kuti anotendera kunamatwa kana kuda kuti kuitwa uku kuratidzwe nevanhu. Aya mazano anotibatsira kunzwisisa kana "munhu" ari chisikwa chakasikwa muhungirozi, kana kuti ndeUmwe vehukuru hwaMwari.**

u

## ZVIPOROFITA ZVETESTAMENTE YEKARE ZVAINONGEDZERA KUNA KRITSU

Mukutarisa muTestamente Yekare, kutaurwa kwezvitaurwa nezviporofita zvaiitwa pamusoro paMwari. Ndima zhinji muTestamente Itsva dzinotaurwa kuna Jesu Kritsu, dzichinzi dzakazadziswa Naye.

[CHIZIVISO: Manzwi ose akatsveyamiswa mundima dzinotevera ndeangu, mukukohomedza pfungwa inenge yakaitwa. BBC]

---

### Testamente Yekare

Isiah 40:3 **Inzwi rounodanidzira, achiti: "Gadzirai murenje nzira yaJehovha, ruramisirai Mwari wedu mugwagwa musango."**

Mapisarema 24:9,10: **....Kuti Mambo wokubwinya apinde. Ndianiko uyu Mambo wokubwinya? Jehovha wehondo, Ndiye Mambo wokubwinya.**

### Testamente Itsva

**Nokuti uyu** [ Johane, 'inzwi rweumwe aidana ari murenje'] **ndiwakarebwa nomuporofita Isaya achiti, "'Inzwi rounodana murenje, gadzirai nzira yaShe, ruramisai migwagwa Yake.'"**

Muna Johane 1:29, Johane pachezvake aitaura Mumwechete vaaigadzirira nzira kuva Jesu Kritsu, **"Gwaiana raMwari, Rinobvisa zvivi zvenyika!"**

1 Vakorinte 2:8, inotaura kuti vatongi vezuva iroro vaisaziva masimba ezvakavanzika zvebasa raMwari kubudikidza naJesu Kritsu, "**....nokuti dai vaimuziva, vangadai vaisarovera Ishe wokubwinya pamuchinjikwa."**

Jakobho 2:1: **.... kunaShe wedu Jesu Kristu, iye wokubwinya, ....**

---

## Hurukuro:

**11. Muzvidzidzo zvako zveTestamente Yekare, vakamboona Shoko riripabasa here?**

### Testamente Yekare

Jeremiah 23:5**: Tarirai, ndizvo zvinotaura JEHOVHA, Mazuva achauya, andichamutsira Dhavhidhi Bukira *rakarurama*, iye uchabata ushe ari mambo, uchaita *nohuchenjeri nokururama* achiita zvakarurama panyika. Iri ndiro zita Rake anodanwa: ISHE VEDU VEKURURAMA.***

Isaya 8:13,14: **JEHOVHA wehondo, ndiye wamunofanira kuti Mutsvene; mumutye Iye, mumuvhunduke Iye. Ipapo Iye achava nzvimbo tsvene yenyu; asi achava ibwe rokugumbusa nedombo rokupinganidza kudzimba dzose mbiri dzaIsiraeri, ave rugombe nomusungo kuna vanogara Jerusaremu.**

Mapisarema 110:1: [Chiporofita chakagadzirwa nerunyoro rwaDhavhidhi, mambo] J**ehovha akati kuna She wangu, "Gara kurudyi rwangu, Kusvikira ndaita vavengi vako chitsiko chetsoka dzako."**

Maraki 3:1 **"Tarirai, ndinotuma nhume yangu,** *iye achandigadzirira nzira yangu pamberi pangu;* **ipapo Ishe, wamunotsvaka, achasvika pakarepo patemberi yake, Iye Mutumwa wesungano, wamunoshuva, tarirai, anouya ndizvo zvinotaura JEHOVHA wehondo.***

## Testamente Itsva

1 Vakorinte 1:30: **Asi Naye** [Mwari] **muri munaKristu Jesu, Iye wakatiitirwa isu vuchenjeri hunobva kunaMwari__** ***nokururama,*** **nokuitwa** ***vatsvene, norudzikinuro ....****

1 Petro 2:7,8**: Asi kwamuri imi munotenda, Iye** [Jesu Kritsu] **Unokosha asi kuna vasingateereri, ibwe rakarabwa navavaki, ndiro rakazova musoro wekona. Vuye Ibwe rokugumbusa, 'Nedombo rokupinganidza; Ndivo avo vanogumburwa neshoko, nokuti havaritereri; ndizvo zvavakaisirwa vo.'**

Muna Mabasa 2:34-36 kutaurwa kunotaurika: **'Nokuti Dhavhidhi haana kukwira kudenga, asi unoti amene: Ishe wakati kunaSHE wangu; "Gara kurudyi rwangu, Kusvikira ndichiita vavengi vako vave chitsiko chetsoka dzako. Zvino imba yose yavaIsiraeri ngaizive kwazvo, kuti uyu Jesu wamakarovera pamuchinjikwa, Mwari wakamuita Ishe naKristu."**

Ruka 1:76 inonyora kutaura uku pamusoro pemuporofita, Johane mubhabhatidzi: **"Iwe, Mwana, uchanzi muporofita woWokumusoro-soro, Nokuti iwe uchatungamira pamberi paShe, kumugadzirira nzira dzake...."***

Johane 1:30 Johane pachezvake akataura pamusoro paJesu Kritsu: **"Uyu ndiye wandaireva, ndichiti: Shure kwangu kunovuya murume, wakavapo mberi kwangu, nokuti wakanditangira."** [Huvepo hweShoko, Jesu Kritsu]

## Testamente Yekare

Joeri 2:32: **Zvino ani naani anodana zita raJehovha acharwirwa; nokuti pagomo reZiyoni napaJerusaremu ndipo pachava navakapukunyuka, sezvakataura Jehovha, napakati pavakasara ndipo pachava vakadanwa naJehovha.***

Kubudikidza nokufuridzirwa munyori veMapisarema 45:1,6,7: **"...Ndinotaura zvinhu zvandakaita zvinoreva mambo: ...Chigaro chenyu choushe, imi Mwari, chiripo nokusingaperi-peri; Tsvimbo youshe hwenyu itsvimbo yakarurama. Makada kururama, mukavenga kusarurama; Naizvozvo Mwari, Mwari wenyu wakakuzodzai Namafuta ....."**

Mapisarema 102:25-27 inotaura kuti Mwari: **"...kare-kare; Nedenga rose ibasa ramaoko enyu. Zvichaparara izvo, asi imi muchagara muripo; Zvirokwazvo, izvozvo zvose zvichasakara senguvo; Muchazvishandura sechisimiro, zvikashanduka; Asi imi hamushanduki, Makore enyu haangavi nomugumo."**

Mukati meTestamente Yekare, Mwari akataura mukutaura kwakasiyana siyana, nekuvasimbisa mukunyora zviporofita zvezvinhu zvaizouya. Zvizhinji zvacho zvaitsanangura kuuya kwaKritsu; kunyangwe zviporofita pachezvazvo vaisanzwisisa izvo vainyora pamusoro Pake. Mwari, Pachezvake, kungangwe Mwari akaratidzwa kuva Mumwechete aitaura kubudikidza navo: **"Nokuti zvanzi naISHE Jehovha ...."*** Isaya 52:4.

## Tesatamente Itsva

u

1 Vakorinte 1:2 **: ...kunavakaitwa vatsvene munaKristu Jesu, vakadanwa kuti vave vatsvene pamwe chete navose vanodana pose-pose zita raJesu Kristu, Ishe wedu, wavo nowedu....***

VaHeberu 1:8 inotaura kuti *Mwari* vakati *kuMwanakomana,* Jesu Kritsu: **"Asi pamusoro poMwanakomana, unoti: Chigaro chenyu chovushe, imi Mwari, chiripo nokusingaperi-peri, Netsvimbo yokururama ndiyo tsvimbo Yovushe bwako. Makada kururama, mukavenga kusarurama; Saka Mwari, Iye Mwari wenyu, wakakuzodzai Namafuta....'"**

VaHeberu 1:10, inotaura kuti Mwari vaitaura pamusoro paJesu Kritsu apo kutaurika uku kunotaurwa "**Vuye, Imi, Ishe, makateya nheyo dzenyika pakutanga, Nedenga ndiro basa ramavoko enyu; Iro richapera, asi imi mucharamba muripo; Richasakara rose senguvo; Mucharipeta sechinofukwa, Senguvo, rikashandurwa; Asi imi makangodaro, namakore enyu haangagumi."**

Pamusoro pekurudziro iyi naMwari, 1 Petro 1:10 inotaura kuti: **"Ndirwo ruponeso rwomweya yenyu.Ruponeso urwu rwakabvunzisiswa nokunzverwa kwazvo navaporofita, vakaporofita, zvenyasha dzamaizoitirwa imi, vachinzvera kuti nguva ndeipi kana yakadini, yakataurwa noMweya waKristu, wakanga uri mukati mavo, nguva yaakapupura kare zvokutambudzika kwaKristu, ...."***

Imhedziso ipi yatingapa mundima iyi yechinyorwa kubva kune dzose Testamente Itsva neTestamente Yekare?

**Pfupiso**

**(1)** Tinoona kuratidzwa *kweInzwi* muTestamente Yekare sekuti *Jehovha, Mwari, Ishe,* achitaurwa kubudikidza nemasimba. Hakuna kusiyaniswa mukutaurwa kwemasimba kana hukuru mukutaurwa kutaura kwakaitwa *naIshe* [Shoko iro rinova Jesu Kritsu] uye *Ishe* [ndiani anova Baba]. Kutaura kwavo kumwechete.

**(2)** Mukutaura kwehuporofita kwakaitwa pamusoro *paIshe* [Uye yakazadziswa neShoko anova Jesu Kritsu]. Anoziikanwa nokuti, *Jehovha, Ishe vekukudzwa, Baba.* Kuratidzwa kwake ndekumwe kukuita kumwe kwerumbidzo neruenzano Muhukuru hwaMwari.

**(3)** Zvakare tinonzwa nzwisa dzakafanotaurwa basa remangwane reShoko sa*Jesu Kritsu*, Murevereri pakati paMwari nomunhu. Zvakadzokororwa kunyangwe muTestamente Yekare, zvinoratidzika kuti Aive Umwe vehukuru HwaMwari aishandidzana nevanhu. MuTestamente Itsva sekuona kwataita, inozivisa Mozisi achitaurirwa kutaura kwekuti NDICHAVA VANDICHAVA, mukunzwisisa *Jesu Kritsu Mwari vevaIsiraeri, mukunzwisisa hupenyu hwemurenje naJesu Kritsu, Mweya* vaipupurira kuvaporofita (1 Petro 1:10-11) *saJesu Kritsu.* Munezviitiko zvizhinji, isu, pachedu, hatikwanise kusiyanisa kuti ndeupi hukuru hwaMwari vaaitaura kana kutaridza, uye hakuna kunyatsotsanangura kweTestamente Itsva, kutibatsira kuziva, asi zvinokwanisa kufungidzirwa kuti kune dzimwe nguva **apo Shoko rakagara raishanda mubasa rekuve murevereri kunyangwe Risati razvarwa munyama.** Shure kwezvose, mupfungwa dzaMwari. Aive **...Gwayana rakabayiwa kubva pakusikwa kwenyika.** (Zvakazarurwa 13:8).

**(4)** Hatina bedzi kuona nzwisa yekuuya kwemurevereri achazouya, asi kuti tinoona zvirokwazvo zviitiko zvemurevereri achitaura mubasa raive pasi pake munguva

**Enzanisa ndima iyi nendima mumapisarema aDhavhidhi naHeberu 1:8,9.**

**Ndiani aitaura? [Dhavhidhi]**

**Aitaura kunani? [kuna Mambo]**

**Aitaura kutaura kwakadii mukutaura naMambo? [Sekuti "Mwari vangu"]**

**Aitaura kuti "Mwari, Mwari WENYU" vazodza mambo nemafuta omufaro. "Mwari Wenyu" zvainongedzera kuna Ani? [Mwari, Baba, muhukama naJesu Kristu].**

yeTestamente Yekare:

**Naizvozvo Mwari, Mwari wenyu wakakuzodzai ...*** (Mapisarema 45:7).

Tarisa zvakare mamwe emashoko edima zhinji dzinotanga nekuti **"inzwi raIshe rakauya ... kutaura ... 'Ndozvinotaura Ishe vehondo ...'".** Mukudzokororwa, inzwi iri rinoshandiswa muna Haggai, Zakaria naMaraki, nemunedzimwe nzvimbo. Kazhinji mutsara mumwechete, mukuumbwa kwavo tinokwanisa kuti "Mutumwa akauya akaita izvi neizvi, akataura, "Ndizvo zvinotaura mutungamiri..." Zvinokwanisika kuita sokudaro "inzwi raIshe" munyaya iyi raive Shoko, raisvitsa shoko kumuporofita kubva kuna Mwari?

**(5)** Zvakare, *Ngirozi yaMwari* yaive iyo Imwechete *yakatumwa neMutumwa*, kuti isvike kuita basa rayakatumwa, Aidanwa kuti *Ishe naMwari* uye aitaura saMwari, mukuva *nemasimba ehugaro hwaBaba,* Somuenzaniso*, seNgirozi yaIshe,* Zvinyorwa zvinotaura muna Ekisodho 3:4

**Zvino Jehovha akati achiona kuti iye** [Mozisi] **wotsaukira kuti aone, Mwari akadana ari mukati megwenzi, akati, "Mozisi, Mozisi! .... NDINI Mwari wababa vako, ...."***

Mukuenzanisa neapo Jesu aitaura, Iye akati, **Ndakavuya nezita raBaba vangu, ...."*** (Johane 5:43).

Kutaura kwake nguva dzose kwaive kuri pasi paMwari uye kuchitaridza kuti ainge akatumwa nemasimba akabva kunaMwari.

Saka, hukuru hwaMwari, mukukudzwa Kwavo kwose nesimba ravo, kunoratidzwa muTestamente Yekare kuti Hwaive nechekuita nehupenyu hwevanhu. Shoko rakaratidzwa kwete seMwanakomana akagara mukuteerera kuruoko rwerudyi rwaBaba asi vari vamwechete mukushanda nekuita kwavo, vachionekwa mukubwinya kwaMwari, vachishanda pamwechete nemasimba anobva muna Mwari kana seMurevereri, Mutauriri veshoko raMwari kuvanhu.

Zvino chii chakasakisa shanduko mukuratidzwa kuripo pakati peTestamente Itsva neTestamente Yekare, neTestamente Itsva? Sei tichiona kuitwa kweruenzano uye masimba muTestamente Yekare, asi zviripasi peTestamente Itsva? Chii chakaunza musiyano uyu pamusoro pemabasa?

Hurukuro:

12. Ndiani inzwi raichema riri murenje? ______________________

13. Sei Johane akati Jesu aive pamberi pake? ________________

14. Ishe vedu Jesu Kritsu anodanwa zvakare kuti _________ vekubwinya, _________ pamusoro pe________, uye _________ pamusoro pe_______



## *Kuzvidururira*

### Chitsauko Chechitatu

Manyorerwo, emabhuku nedzidziso dzekutaura pamusoro pehukuru hwaMwari. Zvinyorwa zvose pamusoro pechidzodzo ichi zvaivhiringidzana, nokuti zvaiitwa pasina kutarisa asi mukuzvidza mamiriro enguva. Kana tikadzidza pamusoro peruponeso mukusacherechedza uku tinosvika mukusangana nekupa mhedziso dzenhema, asi apo tichitenda kuti tiri pachokwadhi kuti tine 'Mutsvene Ishe' munezvose zvatinenge tichiita. Hakuna chidzidzo cheZvinyorwa zveushe kana chekereke chinosvika pakutaura chokwadi kunze kwekunge tatanga tadzidzi kuti 'tinopatsanura sei shoko razvokwadi'.

Mutemo mumwechete unova chokwadi pahukuru hwaMwari. Hatikwanise kuona mafungiro echokwadi kunze kwekunge tayeuka kuti kuzvarwa kweMwanakomana vaMwari ndicho chinhu chikuru muukama muhukuru hwaMwari pamwe chete nemuukama uri pakati paMwari nemunhu. Chinyorwa chese muchidzodzo chinofanirwa kucherechedzwa zvichienderana nemibvunzo: *Nderini ndima iyi yakanyorwa? Irikutaura pamusoro pehukuru hwaMwari mushure here kana kumberi kwekunge Inzwi raitwa nyama?* Ndima zhinji dzaioneka kana kuonekwa zvisinganzwisisike kana kupikisa zvinosvika pakuputsika zvirinyore nyore zvinonzwisisika kana Zvinyorwa zvasvika pakubatwa nekuitwa nemazvo.

**Zvirokwazvo, mabhuku anoti Mateo, Marko, Ruka naJohane ndivo anova mabhuku makuru anotaura nhezvenhoroondo muZvinyorwa! Anotaura nyaya yehupenyu hwaKristu - asi kwete nyayo yose yakakwana yeShoko, Iro rakararama kubva kusingaperi asi rakazvarwa munyika ino mumuviri vemunhu ari Jesu.**

---

**Hurukuro:**

**1. Unofungei kana kuti vambofungei pamusoro pehukama hwaJesu naMwari kubva pakutanga?**

**2. Nyora mhinduro yako usati vasvika mukuita hurukuro yemubvunzo iyi nevamwe vadzidzi.**

Kunyangwe mukunzwisisa nhoroondo yaMwari achishanda nevanhu, takafanirwa kupatsanura shoko rezvokwadi. Munedzimwe nguva kazhinji mukutanga kutaridza chimiro chebasa raMwari, vanhu vanofunga kuti munguva yemumakore ekutanga aishanda nemadzibaba emhuri - madzibaba emarudzi. Apo kuita uku kwakaratidza kusashanda ndeapo Mwari akazama mitemo yaipihwa kubudikidza naMozisi, mukuzama kushanda nemarudzi evanhu vemunyika dzose, vaIsraeri. Apo vaIsraeri vakapamazve kutadza vakasatendeuka vakabva pamberi paMwari vakatanga kunamata zvifananidzo, kune vamwe vaifunga kuti, mukupedzisira Mwari azama kutumira Jesu Chritsu. Kubudikidza Naye Chikristu chakauya munyika, uye zvino, kana vanhu vachida kutevera Mwari vavekukwanisa kuita kubudikidza nemutemo Kritsu akapa kuvanhu.

Chinhu chinokosha Pfupiso

ino inoratidza pfungwa kuzvinhu zvinovanzoitika kazhinji mukushanda kunoita Mwari nemunhu, kuita kwekuita chero zvazvaita zvakaipa. Mwari haasvike pakutsiva maitiro nemamwe maitiro nokuda kwekuti ekutanga akundikana. Mukusiyana, kubva pakutanga Mwari aiziva kuti munhu achasvika pakutadza uye nekuzosvika mukurasika; waiziva zvakare zvaizodikanwa kuti munhu aponeswe uye *zvose* Zvaaiita zvainge zviri zvekusvika *pachinangwa chimwechete:* ruponeso rwevanotenda.

Zvakazarurwa 13:8 inotaura pamusoro pe

**...Gwayana** (Jesu Kristu) **rakabayiwa kubva pakusikwa kwenyika ....***

2 Timoti 1:9 inotaura kuti Makristu ndivo ainzi **...nokudana kutsvene, zvisingabvi pamabasa edu, asi nokufunga kwake, nenyasha dzaakatiitira munaKristu Jesu nguva dzisati dzavapo ....***

Kubva pakutanga, muhurongwa hwaMwari hwemakore vekuponesa vanhu, kwaive nechinangwa chimwechete chakakosha: *kuuya kweShoko muchimiro chaJesu Kritsu uye nechibairo Chake kubhadhara muripo vemurango vechivi.* Kumwe kuita kwose kuripakati paMwari nemunhu ndekwenguva duku, kunozadzisa zvindikanwa zvenguva ino kusvika Kristu achizouya achizozadzisa chido chemakore.

Nokuda kweizvi, vakazadzwa nemufananidzo mupfungwa, ngatidzokerei mukufunga kwechitsauko chekumashure, uye kumibvunzo yekupedzesera:

Chii chakakonzera shanduko mukuratidzwa kweShoko muTestamente Yekare nemuTestamente Itsva? Sei tichiona muenzaniso veruenzano muTestament Yekare uye iripasi peTestamente Itsva? Chii chakaunza musiyano uyu mumabasa?

---

**Hurukuro:**

**3. Kune "zvizvimbo" zvehuMwari here? ______________**

**4. Vanhu kazhinji vanofunga pamusoro paMwari, paJesu, peMweya Mutsvene, mukuburuka muhurongwa vekukosha pamwe nemasimba avo. Ndizvo here zvinodzidziswa neZvinyorwa?**

**5. Ndechipi Chinyorwa chinotiudza kuti hurongwa hwekuponesa munhu hwakatangwa Adhamu naEve vasati vasikwa? ______________**

u

**<u>Nguva yekutanga yekurarama kweShoko:</u> Kubva musingaperi.**
**<u>SeMumwe vehukuru hwaMwari</u>**; uMwari, namwari. uMwari hauperi, hauna kusikwa. Hakuna chinzvimbo chehuMwari, asi kuti zvineruenzano, nokuti Mweya, simba, nehuvepo husingaperi humwechete. Pfungwa yekuti NdiMwari zvinoreva kuti haana mavambo uye haana magumo.

**<u>Nguva yeChipiri:</u> Munguva yeTestamente Yekare.**
Seumwe muhukuru hwaMwari **<u>akazova Messiah, Muponesi.</u>** Nekuti kwekukosha uku anoita. Basa rake muhukuru hwaMwari rakasvika mukukanganisa kumashure Adhamu naEver vasati vatadza. Maringe neZvakazarurwa 13:8, Iye, ndiye **"... Gwaiana rakabayiwa kubva pakusikwa kwenyika."** Kunyangwe munguva yeTestamente Yekare, aitaura nekuita nemasimba nesimba rimwechete seMumwe aizova Mwari vanova Baba, Shoko rinotaridzika kunguva dzose **kuva Mumwe hwehukuru hwaMwari anoshanda akanangana nevanhu** - kunyangwe panguva iyoyo, aiva **Murevereri.**

Murevereri munhu anoshanda "ari pakati" pemapoka maviri anenge anekusavirirana kana kuva manhu kana kupatsanurana nokuda kwechikonzero.

Mubasa reShoko saJesu, ari munhu, Iye aishanda semurevereri pakati paMwari nevanhu.

Mubasa iri, Iye aiva **<u>Ngirozi yaJehovha</u>** (Ekisodo 3:4,6), Ngirozi Yehugaro Hwake (Isaya 63:7-10). Uyo Mumwechete akatumwa (Ekisodo 32; 1 Vakorinte 10:1-4), kana kuti nguva zhinji, Iye aidanwa kuti **Mwari, Jehovha, Ishe, kana kuti Shoko** muzvinyorwa. Uye apo Iye aitaura, aisangotaura semutumwa bedzi asi saMwari Pachake, aine ruenzano nemasimba akazara muhukuru hwaMwari.

**Mutaro vepatsanuro**

**Kuzvarwa kwake aive munhu ane mutsa.**

**<u>Nguva Yechitatu:</u> Nguva yeTestamente Itsva.**
Shoko rakazvidururira rikazvarwa **<u>seMwanakomana vaMwari</u>** uye **<u>seMwanakomana vemunhu</u>** (VaFiripi 2:5-8; VaHeberu 1:5; Ruka 1:34,35; 19:10) Mwanakomana **<u>akadzidza kuteerera</u>** (VaHeberu 5:8) uye Mumwe chete aiva **<u>vakaitwa pazvinhu zvose mukuenzaniswa nehama Dzake</u>** (VaHeberu 2:17).

**<u>Nguva yeChina:</u>** SeMuponesi vakamutswa.
Mumwe chete agere kuruoko rworudyi rwaMwari, **<u>seMurevereri pakati paMwari nemunhu</u>** (1 Timoti 2:5); mumwe chete uyo **<u>"akati, Ndakapiwa simba rose kudenga napanyika"</u>** (Mateo 28:18). Iye achava mutongi muzuva rekupedzisira: **"...shoko randakareva ndiro richamutonga nezuva rokupedzisira"** (Johane 12:48).

**Nguva yaChishanu: Mukusingaperi mushure mekutongwa**
Varoma 8:16,17 inovimbisa kuti Makristu akatendeka achasvika **<u>mukubatanidzwa Naye</u>** **<u>mukutonga.</u>** Chero chipi nechipi chaahagara nhaka mukusingaperi, achagovana navo.

**VaFiripi 2:5-8Knox**Firipi 2:5-8 inotibatsira kunzwisisa kuti chii chakaitika: [CHIZIVISO: Manzwi akanyorwa akatsveyama mumakotesheni ndeangu. BBC]

"Ivai nomoyo uyo, wakanga uri munaKristu Jesu vo; Iye, kunyange akanga akafanana naMwari...." (NKJ).

* *...kunyangwe zvazvo maitirwo ezvinhu zvehumwari aive Ake kubva pakutanga...* (Makore ekumazana makumi NS)

u

* *...Uyo, kunyangwe zvazvo kubva pakutanga Iye aive nemusikirwo vehuMwari...* (N.T. in Modern English)

* *...salye, agara aive Mwari mukusikwa kwake...* (Phillips)

* *...chimiro Chake, kubva pakutanga chaive nehumwari...* (Knox)

" ...hatingati hugororo mukuzvienzanisa naMwari... (NKJ)

* *...vakazviita usina maturo usina kuenzana naMwari chinova chinhu chinofanirwa kunzwisiswa ... (American Standard)*

* *...haana kutarirwa kuva eneruenzano naMwari chinova chinhu chakadzoswa nechisimba... (N.T. in Mordern English)*

* *...haana kubatirira mukuzviita akaenzana naMwari....* (Phillips)

* *...asi aisatarisira kuva akaenzana naMwari asi pamusoro pezvo zvinhu zvose zvaibatira...* (20 Century N.T.)

" ...asi akazviita Pachake asina mukurumbira..." (NKJ).

* *...asi akazvidururira Pachezvake ...* (American Standard)

* ...asi akazviisa parutivi... (Goodspeed)

* *...asi akazvisunungura Pachezvake* [mukubwinya Kwake]... (Conybears and Howson).

* *...asi akazvisunungura Pachezvake* [muzvikomborero zvose nechiremerera chakakodzera]... (Amplified N.T.)

"...akazvitorera chimiro chomuranda, akaitwa nomufananidzo womunhu. Akati awanikwa

anomufananidzo womunhu, akazvininipisa, akaterera kusvikira parufu, irwo rufu rwomuchinjikwa."* (NKJ)

---

## Hurukuro:

**5. Takaudzwa muna VaFiripi 2 kuti takafanirwa kudzidza kuti tikwanise kuva "nepfungwa sedza Kritsu ". Munzira dzipi dzatingaite salye mukufunga kwedu?**

**6. Zvinorevei, kuti Kristu "akazvidurura" Pachake? Sevadzidzi, kurukurai kuti ndezvipi zvaaifanira kunge dai akasiya.**

**7. Angave akazvidurura nokuda kwehuMwari hwake here?**

u

**Zvirevo:**
**Kurarama kusingaperi:** Asina mavambo kana magumo. Mwari ndiye ega anogara kusingaperi.

**Kusafa:** Apo Mwari akafemera kuna Adhamu mweya hwehupenyu, Adhamu akava mweya mupenyu akava asingafi. Akapihwa mweya vaisafa. Naizvozvo mweya vemunhu une mavambo asi hauna magumo. Mukuita uku takasikwa nemufananidzo vaMwari.

**Kuita KweuMwari:**
Anorarama kusingaperi, Mutsvene, Vakarurama, Unerudo, Anetsitsi, Anechokwadhi, Akakwana.

**Masimba ehuMwari:**
Anoziva zvose, Ane simbarose, Aripo pose pose.

**Zvikodzerwa zvehuMwari:**
Ruenzanisiro, Anoregerera zvivi, Kuva nemasimba pamusoro pehupenyu.

Mukuyeuka kutaura kwaJohane 1:1, tinoverenga, **"Pakutanga Shoko rakanga riripo, Shoko rakanga riri kunaMwari, Shoko rakanga riri Mwari....***

Apo, "nguva yakakwana" yakasvika, ndiko kuti, munguva yekugadzirira munhoroondo yevanhu (VaGaratia 4:4), Shoko rakazvidurura mukubwinya Kwaro uye mune nhaka Yaro nezvikomborero muhukuru hwaMwari, mukuzvarwa munyama semunhu.

### Ongororo yezvisingamboperi

Tinofanirwa kuongorora izvo zvinenge zvabuda mukupedzisira mune 'zvisingamboperi izvi'. Chekutanga. Haana kurega kuva Iye pachake, Mweya vakavepo Pachezvavo. Zvakaita semweya vemunhu haufe vakabva mukurarama kamwe apo vakauya huvepo hwavo, saka Huvepo Chaizvoizvo hwehuMwari vaiva Shoko rakaramba, riine kukosha kumwechete.

Mukuenderera mberi, unhu vekuti aive Pachake hauna kubvira vashanduka. Hutsvene Hwake hauna kubvira vaiswa parutivi, nokudaro Wakaramba vakatendeka. Kuita kwerudo haana kubvira akurasira kurutivi, nokuti waikwanisa kutsvaka kuti ainge asina rudo. Vachiti ainge akaisa tsitsi parutivi, hutsinye hwainge kuri kusikwa kwake. Kusiya tsika dzechokwadi kunoita kuti pave nekusave nechokwadi. Asi hakuna tsika dzakakwana chaidzoidzo dzehuMwari dzakachinja. Zvinhu zvakafanira, ndizvo zvakaramba zviri chido Chake, kunyangwe apo Shoko rakaitwa nyama, mukuridokopesa iwo wakaramba kuva vagamuchiri iwo vaiti vezvinhu zvakaipa munzvimbo dzavo.

Saka chii chaakaregedza apo akazvidururira Pachake? Kwete kuita kwake, asi kuti *zvakanaka nemasimba* anovanikwa muhuMwari. Anokwanisa kurega chokwadi chekuenzana pasina kuita chakaipa. Mugumisiro vaive vekuti mumwe anofanirwa kunge aripasi nekuterera sezvo munhu ari pasi paMwari. Anokwanisa kurega masimba ekuve

---

**Hurukuro:**

**8. Ndeipi mhando "yechibayiro chechipiriso" icho Mwari asingadi? Tarisa Isaya 1:12-15.**

**9. Ko Shoko rainge riri renguva pfupi "mukurasisa", "mukunyepera" kuva munhu, asi richidzorera kukwana Kwaro, masimba nekuita Kwaro? _________**

**10. Chii chainge chakagadzirirwa Shoko? _________**

anoziva zvose, kuve nemasimbaose, kuvanikwa pose pose, pasina kuita chakaipa pakati pake. Magumisiro aive ekuti mumwechete anoyanzva semunhu anova muyanzvi, kuitira kuti Iye, seShoko rakazvidururira, rakakwanisa kufunga, nekudzidzi nekukura nekushanda semunhu.

## Adhamu veChipiri

Apo Shoko raive razvarwa, Iye akararama 'saAdhamu veChipiri': Munhu muviri unooneka, asi mutsvene maari zvisina kubvira munhu akararama kubva pakutadza kwaAdhamu vekutanga. (1 Vakorinte 15:21,22,45-49). Munhu akaubwa nechimiro chake [nyama] nekuva munhu vemweya [mweya vake, vakaumbwa neungwaru, nepfungwa nechido]; Jesu Kristu akaubwa nemuviri unoonekwa vakagadzirwa, uye Shoko rakazvidurura [richienderana nemuviri vemunhu] mukugovera ungwaru, kufunga hurongwa, nechido.

Munhu haana chaainacho *chaangagara* nhaka maari. Zvinhu zvose zvaainazvo *zvakabva* kuna Mwari, saka munhu *zvachose anovimba* nechipo nenyasha dzinobva kunaMwari. Iro Shoko, naizvozvo tinoona kubva mukudzidza kuneudzamu, *nekuisa parutivi* simba rekupihwa Rake, nekuzviisa Pachake pachinzvimbo chekuvimba naMwari pazvinhu zvose, sezvinongoita munhu anovimba naMwari pazvinhu zvose. Ndicho chimiro chezvisingamboperi Zvake. Ndizvo zvinhu zvinotimisa zvekuti akasvika mukugamuchira apo akazvarwa mumuviri vemunhu.

### 100% Mwari uye 100% Munhu?

Mumamiriro aKristu munyika, mukutarisa kuzvidurura kwaakaita kugadzira kukanganiswa kunzwisiswa kwake. Kushaya hanya uku kunosvika kuunza dzidziso dzakakanganiswa dzekuti Kristu aive 100% Mwari uye 100% munhu, kuita sokunge Iye vanhu vaviri vakasiyana vari mumuviri mumwechete. Apo aiita kuita kunopfuura kwevanhu, tsananguro dzinoitwa kuti chikamu chaMwari chaishanda; apo aisangana nemiedzo kana kuti mukutambudzika mubindu kana paakasvika mukutarisana nerufu, takaudzwa kuti humunhu Hwake nechido chake chainge chakazara nokuti, mushure mezvose, Mwari havaedzwe; Mwari haatambudzike; Mwari haafe.

> **Vatendi muna Kristu muma300s nekuma 400s maiva negakava rikuru pamusoro pemibvunzo iyi:**
>
> - Ko Jesu aive Mwanakomana vaMwari kubva pakutanga here?
> - Ko Jesu aive nemweya vemunhu here pamwe nemuviri vemunhu?
> - Ko Jesu aive neuMwari chaivo here, kana kuti ainge ari Mwanakomana vaMwari vekutorera?
>
> Makurukota ekuNicaea akasheedzerwa muna 325A.D. kuti aone nemibvunzo iyi. Chibvumirano chekuNicene, zvakabuda kubva kumakurukota aya vakasvika pakudana "Mwari kuti Baba, Mwari Mwanakomana, uye Mwari Mweya Mutsvene" se "Utatu muhukuru hwaMwari." Tsananguro iyi yakadzika pasi nokuda kwehwaro dzekutenda kuvatendi vazhinji muna Kristu kusvika munguva dzanhasi.
>
> Zvisinei, kuti imwe yemibvunzo yakasimudzwa pamusoro peShoko, rinova Kristu, uye Jesu vaipindurwa maringe nepfungwa dzavanhu, pane kuti vacherechedze kubva muZvinyorwa izvi. Nokuda kwechikonzero, vakasvika mukudarikirwa nezvikoshwa zvizhinji zvochokwadhi palye.

Kutaridzwa uku kuri pachokwadhi here? Ko Kristu aimhanya mhanya mukuita mabasa, zvichienderana nezvaidikana zvenguva iyoyo? Aive 100% Mwari here kana 100% munhu? Chokwadhi ndechekuti ainge Asiri. Ainge asiri munhu ane 200%. Asi, ainge ari muviri vemunhu vainge vaive ugaro veuMwari vainge vakazvidurura, rinova Shoko- munhu mumwe akazara.

Asi Kristu akaita zvinhu zvizhinji zvemasimba ehutsvene munguva yake yaaive parwendo rwepanyika. Izvi zvaiitika sei? Zvaisaitika nemasimba Ake, sezvo ainge azvikurura Pachake paari! Mukuzvidzikinura mukushandiswa kwavo maringe nezvinodikanwa kunova kupikisa kuti

**"akagadzirwa muzvinhu zvose sekuitwa kwakaitwa hama yake"**

## Basa reMweya Mutsvene

Kubudikidza nesimba rani, uye kuita kwake kwose kwemabasa emasimba aMwari akazadziswa here? Kubudikidza nemasimba eMweya Mutsvene, mumwe vehukuru hwaMwari, unogara **'Maari zvisina magumo'**. (Johane 3:34). Mukubhabhatidzwa kwake akagamuchidzwa kudururirwa kweMweya. (Ruka 3:21,22). NeuMwari vakapihwa kuuMwari? Zano iri harionekwe seufuza here? Kana Jesu aishanda 100% Mwari uye 100% munhu, ndechipi chinangwa chaivepo chekumupa Mweya Mutsvene, zvakare? Asi chokwadhi chaive chekuti Shoko rakazvidurura Pachezvaro *mukukwana kwekodzero yekushandisa masimba Aro,* kuitira kuti apo Anobatira pabasa Rake rekuva Muponesi vevanhu, akasangana nehupenyu usina masimba emweya pachake seaive nehama Dzake. Apo basa Rake rekuzviratidza kunyika kuva Mwanakomana vaMwari, Muponesi vevanhu, aifanirwa akaratidzwa; uye kuratidzwa uku kwaifanirwa kuitwa kubudikidza nekushandiswa kwemasimba emweya esingarambiki. *Mweya Mustvene vakapa simba iri!*

**(Ruka 4:1) ...Jesu <u>azere noMweya Mutsvene...</u>**

**(Ruka 4:14) Zvino Jesu wakadzokera Garirea <u>nesimba roMweya...</u>**

**(Mateo 12:28) Jesu akati "Asi kana ndichibudisa mweya yakaipa <u>noMweya waMwari."</u>**

**Chiporofita muna Isaya 61:1**
**izvo Jesu anoverenga ari musynagogue paNazareta akati:**

**(Ruka 4:18) "<u>Mweya waShe</u> uri pamusoro pangu, Nokuti wakandizodza."**

Zvino tave here nemuono vekuona kuti Shoko rakazvidurura pacharo, rikazosvika pakuzadziswa bedzi neMweya? Ko Iye akabatsirwa here mukubva mukusamgana nematambudziko ehupenyu sekutambudzika kunoita vanhu? Mukusiyanisa, Mweya Mutsvene *vakamusimbisa* kuti Iye *aite basa Rake*, dzidziso Dzake, nezvishamiso Zvake zvechisimbiso, asi *hupenyu Hwake vemazuva ose* airarama saJesu Kritsu, rinova Shoko rakazvidurura, Mukoma vavanhu. Painge pasina zvishamiso kana zvinoshamisa zvaimuponesa kana kumurwira kana achinge apo Ainge asangana nemiyedzo kana apo aisangana nematambudziko eupenyu. Nokuda kweizvi, Iye aipindura zvakafanira sezvatinoitawo neshoko raMwari (**"zvakanyorwa kuti...."** Mateo 4:4) uye nekutaura mukuyanana naMwari nguva zhinji kubudikidza neminyengetero (Ruka 6:12). Kaviri, mukunopera kwekutambudzika uku, tinoverenga kuti ngirozi dzakauya Kwaari ndokumusimbisa (Mateo 4:11, Ruka 22:43). Ko *ngirozi* dzingasimbisa *Mwari* here? Kwete, aisashanda *sa*Mwari. Dzakasimbisa Jesu Kristu, rinova Shoko rakadururwa, Mukoma vavanhu (VaHeberu 1:13).

## Akazvidurura pachezvake kuva Mwari here?

Ko ndima inotevera inodzidzisa here kuti Jesu akasiyananazvo zvekuva Mwari? Vamwe vaiona zvakakodzera kumudana kuti *Mwanakomana vaMwari* asi vaizengurira kungomudana chaizvo izvo kuti aive, uye ndiMwari. Ko zvinyorwa zvinodzidzisei?

u

**MuVine's Word Study,** tarisa "ngirozi" ucherechedze zvimwe zvinyorwa zvakawanda zvinoratidza kudyidzana kwengirozi nevanhu. Unechokwadi mukucherechedza kana zvinyorwa izvi zvairehwa kuzvisikwa kana kuti kuhukuru hwaMwari.

Kazhinji dzinoonekwa sezvisikwa zvekudenga, zvisikwa zvemweya, kana semunhu here?



Ko ngirosi dzinorarama kusingaperi here, kana kuti zvisikwa?

Pamusoro pezvo: Nyanzwi dzekudhirova mifananidzo dzinodhirova maringe nekutsanangurwa kwazvinoitwa muZvinyorwa zvemuBhaibheri. Pasi ipfungwa yevadhirovi ve**makerubhi** pamusoro pe**Chigaro cheTsitsi** mutemberi muJerusarema.



## Kristu Akabvumwa Kuva Mwari

Sezvo zvakaonekwa kare, Jesu aizviratidza Kwaari (muna Johane 8:58) kuve *WANDICHAVA* aitaura naMozisi kubva pakubvira kwegwenzi. Uku kwaisava kwakasiyana *nekudzika kwehuMwari usingaperi,* chokwadhi chisingashundurike, kunyangwe hazvo ainge Akazvipfekedza muviri vemunhu.

Johane 10:30 inoenderera mberi kutaura pamusoro peuMwari Hwake, **"...Ini naBaba vangu tiri vamwe."**

Mabasa 20:28 inoratidza vateveri vaKritsu se

**"...Kereke yaMwari** [Ishe naMwari] **iyo yaakatenga neropa Rake.***

Uku kutaura kwekuti akafuridzirwa kunobatsira kutaridza kuti Kritsu saMwari.

## Kristu Ainamatwa SaMwari

Mumakore akapfuura, Mwari akaramba asingatenderi kunamatwa kwezvimwe zvisikwa kana chimwe chinhu kunze kwaMwari.

**Ndini Jehovha Mwari wako... Usava navamwe vamwari kunze kwangu... Usazviitira mufananidzo wakavezwa... Usapfugamira izvozvo, kana kuzvishumira; nokuti ini Jehovha Mwari wako, ndiri Mwari une godo...** (Dhuterenomi 5:6-9; 4:15-39).

Muna Zvakazarurwa 19:9,10 inzwi rechisikwa chekudenga rakataura naJohane muapostora, Johane anoti:

**Ipapo ndakawira pasi pamberi petsoka dzake, kuti ndimunamate. Akati kwandiri, "Rega kudaro, nokuti ndiri muranda pamwe chete newe nehama dzako... Namata Mwari!..."**

Hakuna kana chinyorwa chinotaura pamusoro pekunamatwa kwengirozi dzakasikwa. MuBhaibheri rose Mumwe chete akabvumirwa kunamatwa aive Mwari [Elohim, muuwamdu: Ukuru hwaMwari]

Nokudaro, nokuda kwekuti Jesu akatenderwa uye akazviratidza Pachezvake kuva neumboo, kuti kunyangwe paaive nemuviri vepanyama, Iye aingove Mwari, akakkodzera kuve anonamatwa. Mushure memhepo mupengo mugungwa reGalilee,

**...Ipapo vakanga vari mugwa Vakamunamata** (Mateo 14:33).

Johane 9:35-38 inonyora zvinofadza uye zvichibayamoyo zvenyaya yebasa raJesu pakati pevanhu. Mukutanga mechikamu anotaurwa achiponesa murume ainge akazvarwa ari bofu. Apo vatungamiri pakati pemaJudha pavakanzwa nezvechishamiso ichi, vakadana murume uyu pamwe nevabereki vake, kuti vavabvunze mibvunzo kana achinge aponeswa zvirokwazvo, uye kuti ainge

aponeswa nani. Vabereki vanopindura:

**"Tinoziva kuti uyu mwanakomana wedu, vuye kuti wakaberekwa riri bofu; asi hatizivi kuti zvino wovona sei; nowakasvinudza meso ake, hatimuzivi; mubvunzei henyu; waaruka, uchazvirevera hake. Vabereki vake vakareva izvozvo, nokuti vaitya vaJudha, nokuti vaJudha vakanga vatotenderana, kuti kana kuno munhu unotenda kuti ndiye Kristu, abudiswe musinagoge.** (Johane 9:20-22).

Unoziva here musiyano uripo pakati peTemberi nesinagoge?

Ko Temberi irikurarama here nhasi?

Yakaparadzwa rini?

Ko maJudha arikupa zvibairo here nhasi?

Munguva iyoyo, 'kubudiswa kunze musinagoge' zvaireva kuti munhu anenge abviswa kubva panaMwari, sezvo kunamata kwaikwanisika kuitika bedzi kubudikidza nekuita kwemapirisita, mumasinagoge nemumatemberi.

Mushure mechinguva, vatungamiri vakabvunzurudza murume ainge aponeswa ariega vachizama kumumanikidza kuti arambe kuti ainge amuponese aibva kuna Mwari. Akavapindura.

**"Dai uyu asati ari waMwari, haazaigona kuita chinhu." Vakapindura, vakati kwaari: "Iwe wakaberekerwa kwazvo muzvivi, zvino iwe wotidzidzisa su?" Vakamudzingira kunze** [Zvekumubudisa] (Johane 9:33,34).

Jesu aiziva hake kuti maringe nemaitiro echiJudha, murume uyu mukumudzivirira kwaakaita Kwaari kwaizosvika mukumubudisisa, aisazokwanisa kunamata Mwari. Mukumunzwira tsitsi nedambudziko rake, Jesu akawanikwa achimutsvaka ndokumuudza pachena izvo zvainzwisiswa nevashoma munguva iyoyo: kuti ainge ari Mwanakomana vaMwari - Unova Mwari. Apo murume akaudzwa izvi akasvika pakupindura kuti,

**"Ndinotenda, Ishe." Akamunamata.** (Johane 9:38).

Mushure mekunge Jesu amuka, apo akazviratidza kumaapostora nekuvaratidza zbironda zvaive mumaoko Ake nemumarutivi, Thomasi anodaidzira,

**"Ishe wangu, naMwari wangu!"** (Johane 20:28).

Zvakazarurwa 5 inoratidza Jesu seGwayana raMwari iro vatariri nehondo dzekudenga dzinomugwadamira kuvira pasi dzichiimba dziyo dzitsva:

**Gwayana rakabayiwa rakafanira ....** (Zvakazarurwa 5:12).

## Kristu Anoregerera Chivi SaMwari

**(1) Akagamuchirwa saMwari.**

**(2) Akanamatwa saMwari.**

**(3) Akaregerera zvivi saMwari.**

Umwe umboo vehuMwari vaJesu' ndevekuti Akavakangamwira zvivi. Kana munhu *akandikanganisira*, ndinemukana vekumuregerera kana ndichinge ndichida. Asi *zvivi* zvakaitwa mukukanganisira *Mwari;* nokudaro Mwari bedzi ndiye anokwanisa kuve nemasimba ekuregerera zvivi.

MaJudha ainzwisisa pfungwa iyi. Muna Mateo 9:2, apo Jesu anotaura kumunhu ainge akaoma mutezo, **"Mwana tsunga moyo wakanganwirwa zvivi zvako,"** asi kutaurika kwakavepo kumaJudha

akamunzwa vakati, **"Munhu uyu anomhura Mwari!"**

**"Asi Jesu achiziva mifungo yavo akati, "munofungireiko zvakaipa mumoyo yenyu? Nokuti chinyiko chakaoma kuti, 'wakanganwirwa zvivi zvako' kana kuti 'simuka ufambe'? Asi kuti muzive kuti Mwanakomana womunhu unesimba panyika rokukanganwira zvivi" - Akati kumunhu wakanga akafa mitezo, "simuka, tora nhovo dzako uende kumba kwako." Akasimuka....*** (Mateo 9:4-7).

Zvakare muna Ruka 7:48,49 Jesu anotaura kumudzimai ainge ashambidza tsoka Dzake nemisodzi yake:

**"Wakangamwirwa zvivi zvako." Vakanga vagere naye pakudya vakatanga kureva mumoyo yavo, vachiti: "Uyu ndianiko unokangamwira zvivi vo?"**

Saka, sezvo munhu zvaasingaregi kuva munhu, naMwari havarege kuva Mwari. Shoko, kunyangwe paraiva mumuviri venyama, Raingove Mwari.

Zvino ndezvipi zvinorehwa nezvinyorwa apo zvinotaura kuti Shoko rakava nyama rikagara pakati pevanhu (Johane 1:14), *Rakazvidirurira rikatora chimiro chemuranda?* (VaFiripi 2:7). Chii chinoitika mukushanduka uku kwehukama muhukuru hwaMwari? Koshanduka uku kunongova kushanduka kwakafanana nekuchinja nguvo akatora 'nguvo yemunhu yekunze' asi mukati akaramba ari Iye zvaaiva kubva mukusingaperi? Kana, kunyangwe Mwanakomana vaMwari, Kristu aive Mwari, uye akakwana ainamatwa saMwari, izvi zvinorevei kuti

**...Naizvozvo wakafanira kuti aenzaniswe nehama dzake pazvinhu zvose....** (VaHeberu 2:17)?

---

**Hurukuro:**

**11. Munhu anokwanisa kuregerera zvivi here? _________**

**12. Jesu anoregerera zvivi here? _________**

**13. Munzvimbo ngani dzatinokwanisa kuona nadzo kuti Shoko rainge richingori Mwari, kunyangwecparaive munyama? (1)_________ (2) _________ (3) _________**

u



## *Mukoma Vevanhu*

### Chikamu Chechina

Muchikamu chapfuura chinyorwa chakanyorwa chichisimbisa kuti kukundikana kupatsanura zvakakwana Zvinyorwa ndizvo zvinokonzerera kusanzwisiswa kuzhinji pamusoro paMwari. Ruzivo rwechinhu chechipiri - chinova chinhu chinokosha - kukosha kwakafanana kana tichinge tichinzwisisa munhu vaJesu Kristu:

**...Naizvozvo wakafanira kuti aenzaniswe nehama dzake pazvinhu zvose...** (VaHeberu 2:17).

Uku kwainge kusingori kunyorwa kwemashoko akanaka; Mwari akataura izvo chaizvo akataura. Kana tikachengetedza mutemo uyu mupfungwa apo tinenge tichidzidza Kristu, zvinhu zvizhinji muZvinyorwa zvinova zvakajeka.

Fungidzira guta guru, rinotongwa nemadzimambo akasimba. Fungidzira kuti denda rwavira kuvanhu, ndokuuraya vanhu vanezvuru nezvuru. mambo mukuda nekunzwira tsitsi vanhu vake, anoisa ngovani yake yehumambo parutivi nenguvo dzake dzeumambo, anobva panzvimbo nekuzvishongedza mbatya dzakangofanana nedzinopfekwa nevanhu vake, kuti abatsire avo varikurwara nekufa. Izvi ndizvo Mwari akaita kunyika yainge ichirwara nechivi.

---

**Hurukuro:**

**1. Ko Mwari anokwanisa kuita <u>chero chinhu</u> here? - ndiko kuti, anokwanisa kuisa parutivi <u>kururama nekutorera mitongo</u> nekuti anenge <u>*achida?*</u> Somuenzaniso, mutongo mukuitwa kwechivi <u>kunokonzerwa *nekushaikwa*</u> kwaMwari; Mwari ndiye tsime rehupenyu; saka kana Mwari akaparadzaniswa nemweya nokuda kwechivi zvinongobuda ipapo chete kufa pamweya. Ko Mwari anoenderera mberi here kuvedzera hupenyu kumutadzi, asinehanya nechikanganiso chechivi, nokuda kwekuti <u>*haade*</u> kuparadzanisa?**

**Pakutanga *Shoko* rakanga riripo, Shoko rakanga riri *kuna* Mwari, Shoko rakanga *riri* Mwari... Shoko rakazova nyama, rikagara pakati pedu...*** (Johane 1:1,14).

VaHeberu 10:5 inotiudza kuti *muviri* vakagadzirirwa Shoko, kuitira kuti Iye akwanise kuva pakati pevanhu. VaHeberu 2:14-17 inoti:

**Naizvozvo, vana zvavakagoverwa ropa nenyama, naiye vo wakagovana navo panaizvozvi,... Nokuti zvirokwazvo, haana kutora chimiro chavatumwa** [Dzimwe dzengirozi dzehondo dzakapindukira Mwari, asi Shoko harina kutora chimiro chevatumwa kuti chiunze ruponeso kwadziri] **asi Iye akapa ruyamuro kurudzi rwaAbhurahamu. Naizvozvo wakafanira kuti aenzaniswe nehama dzake pazvinhu zvose....***

Zvakangofanana namambo munyaya yedu yemufungira haana kurega kuva mambo, Shoko

harina kuregera kuva Mwari chaiye. Asi sezvakaitwa namambo akazvidzikisa kubva pachigaro chakechemasimba ose kuti akwanise kurwira vanhu vake, ndizvo zvimwezvo neShoko rakazvidirura rakaita somunhu.

**Akaitwa Akaenzaniswa Nehama Dzake**

**1. Kristu akave Mwanakomana vaMwari, Mwanakomana vemunhu.**

**2. Akazvarwa nokuda kweMweya Mutsvene.**

**3. Dangwe raMwari Mwanakomana uye nevamwe vana vake.**

**4. Vanhu vakaitwa vadyi venhaka yaMwari.**

## Kuva Mwanakomana

Shanduko iyi mukudyidzana kwainge kwakaporofitwa (Mapisarema 89:24-29), uye tinoona chiporofita chichitsanangurwa muna vaHeberu 1:5 apo Mwari anotaurwa sepaanotaira kuna Kristu: **Ndiwe Mwanakomana wangu, *Nhasi* ndakubereka? Vuye zve: *Ndichava* Baba vake, Iye *uchava* Mwanakomana wangu.***

Chinyorwa ichi chinoratidza paneimwe nzvimbo apo Kristu Akava Mwanakomana vaMwari. **"*Ndichava* Baba vake, Iye *uchava* Mwanakomana wangu"** Zvinoratidza kuti munguva iyo chiporofita chakaitwa Shoko rakange risati rave **'Mwanakomana vaMwari'.** Panguva iyoyo Shoko rainge risati razvidururira mukutorera muviri vemunhu; nazvino Achiri akabata chinzvimbo chake cheugaro veruenzano muhukuru hwaMwari.

**Mwari haasarudze mashoko zvisinamwero.**
Vatendi vemunguva dzemakoreekumazana mana nemashanu ezana vakasvika pakuita gakava kuti Jesu Mwanakomana vaMwari here kubva musingaperi vaisateerera kumashoko ezviporofita zvaMwari muna Mapisarema 89 uye VaHeberu 1.

---

## Hurukuro:

**2. Kana Shoko raisava Mwanakomana vaMwari musingaperi ko rakazova Mwanakomana vaMwari rini? __________**

**3. Chii chakavimbiswa muna Mapisarema 89 uye chikazozadziswa mukuzvarwa kwaKristu, maererano naVaHeberu 1? __________**

Asi Mwari anotaura kuti, **"Mukuzadziswa kwenguva"** Shoko richazova vakaberekwa vaMwari munyama, Kuti Shoko **"Richava kwandiri soMwanakomana."** Haana kuti "Kumunhu seMwanakumana", asi kuti ***"Kwandiri* seMwanakomana."**

Sarudzo iyi yemashoko yakakosha nekuti Jesu akaita musiyana pakati 'peMwanakomana vemunhu' 'neMwanakomana vaMwari' achishandisa kuzviratidza Pachezvake.

## Kuvimbisa KwaMwari Kwakazadziswa Rini?

**...mutumwa Gabrieri wakatumwa naMwari... kumhandara.... mutumwa akati kwaari: Usatya Maria, nokuti wanzwirwa nyasha naMwari. Tarira, uchava... uchazvara mwanakomana, ugomutumidza zita rinonzi Jesu. Iye uchava mukuru, uchanzi Mwanakomana woWokumusorosoro"*** (Ruka 1:26-32).

**Zvino Maria akataura kune mutumwa, "Izvozvi zvingava seiko, zvandisingazivi murume?"**

**Mutumwa akapindura, akati kwaari, "Mweya Mutsvene uchavuya pamusoro pako, nesimba roWokumusorosoro richakufukidza; saka icho chitsvene chichaberekwa chichanzi; Mwanakomana waMwari."** (Ruka 1:34-35).

Zvinhu zviviri zvakakosha zvakafanirwa kucherechedzwa kubva mundima idzi. Chekutanga, vainge vakatenderana muna VaHeberu 1:5 mukupa kuremekedzwa kwaizoitwa Mwanakomana akasarudzwa. Chinyorwa hachina kutaura kuti, "Mutsvene Mwanakomana" kana kuti "Mutsvene *achaarama ari Mwanakomana nguvadzose,"* asi zvinoti, "Iye *achadanwa kunzi* Mwanakomana."

Chechipiri, ndima yemukati ya35 inotaura kuti kubudikidza nebasa reMweya Mutsvene kuti Jesu achatakurwa mimba naMaria. Mateo 1:18-20 kutsanangurwa kunoenderera mberi:

**...wakavonekwa ava nemimba yoMweya Mutsvene...nokuti icho chakagamuchidzwa mukati make ndechoMweya Mutsvene.***

## Mumiriri VeMweya

Sei Jesu achidanwa kuti 'Mwanakomana VaMwari'? Sei asina kunzi 'Mwanakomana veMweya'? Sei chokwadi ichi chakataura mumutauriro unogona kukonzera kukangaidzika?

Nokuti, pakutanga, Mwari aitaura Humwechete Hwake. Uye, chechipiri, *mamiriro ebasa reMweya Mutsvene nderekuti pave nehupenyu.* Mukutsanangura tichidzikadzika,

---

## Hurukuro:

**4. Ndiani akapihwa kuna Jesu "zvisina mugumo" munguva yerubhabhatidzo rwake? (Tarisa Mateo 3:13; Johane 3:34) ______________**

**5. Apo tinoteerera Mwari murubhabhatidzo remagwaro, Ndiani vatinopihwa kwatiri? (tarisa Mabasa 2:38; 5:32) ______________**

sehurongwa hwaMwari vokudzikinura unoenderera mberi kutambanudzwa mushure mekunge Kristu auya munyika ino, tinoona kuti *vanhu zvakare vanokwaniswa kuitwa vana vaMwari kubudikidza nemumiriri veMweya.* Kunyangwe parizvino, kudyidzana pakati paKristu nehama dzake kubatana kwakasimba.

Kubudikidza neMweya mumwechete tose takabhabhatidzwa mumuviri mumwechete - angave muJudha kana MuGiriki, vangave vakasungwa kana vakasuninguka - uye vose vakaitwa kuti vave vamwe muMweya umwechete (1 Vakorinte 12:13).

**Jesu akapindura, akati: "Zvirokwazvo zvirokwazvo, ndinoti kwauri: Kana munhu asingaberekwi nemvura noMweya, haangagoni kupinda muvushe hwaMwari"*** (Johane 3:5).

**Nokuti kana muchifamba netsika dzenyama, muchafa; asi kana muchivuraya mabasa omuviri noMweya, muchararama; nokuti vose vanotungamirirwa noMweya waMwari, ndivo vana vaMwari** (VaRoma 8:13,14).

Mukudzokera kumubvunzo wedu, "Zvitaurwa zvechiporofita chemuna Mapisarema 89:24-29 chakazadziswa?" Shoko rakava Mwanakomana vaMwari panguva imwechete ari mwanakomana

vemunhu, kureva apo paakazvidurura Iye, kuzviisa pasi paMwari nekuteerera Iye, akazvarwa munyika muchimiro chemunhu. VaHeberu 1:6 inotsanangura nguva iyi:

**Vuye, kana achizovuyisa zve dangwe rake panyika, unoti: "*Vatumwa vose vaMwari* ngavamunamate."***

Izvi zvinotiendesa kuna Ruka 2:7-14:

**Akazvara** [Mariya] **dangwe rake mwanakomana,** [Jesu] **akamuputira nemicheka, akamuvanzarika muchidyiro chezvipfuwo.... Zvino kwakanga kunavafudzi munyika iyo, vaigara kuvuragu vachirinda mapoka avo vusiku.... Mutumwa waShe akamira navo, nokubwinya kwaShe kukavakomba... Ipapo mutumwa akati kwavari: "Musatya, nokuti tarira, ndinokuparidzirai mashoko omufaro mukuru, uchava wavanhu vose; nokuti nhasi mazvarirwa muguta raDhavhidhi *Muponesi,* ndiye *Kristu Ishe" ...*Ipapo kamwe-kamwe kukavapo pamwe chete nomutumwa, *vazhinji vehondo* yokudenga, vachirumbidza Mwari, vachiti: "Mwari ngaakudzwe kumusoro-soro, rugare ruve panyika, nomoyo muchena kuvanhu!"***

## Dangwe

Jesu anodanwa kuti dangwe raMwari muna VaHeberu 1:6.Idzimhuri dzevanhu dangwe mwana anenge azvarwa pekutanga kuvabereki vake. Vamwe madzikoma nehanzwadzi vanozotevera, asi vekutanga anopa musiyano kune vose vanozozvarwa kumashure.

---

## Hurukuro:

**6. Tsanangura "Musiki" ______________**

**7. Tsanangura "nemugariwenhaka" ______________**

**8. Tsanangura "Kubatanidzwa panhaka" ________________**

**9. Kubudikidza nani vanhu vanoitwa vana nevagari venhaka yaMwari? __________________**

Mumhuri yaMwari, kupesa kwekuteerera kwose kweutsvene nguvadzose, pane dangwe, Jesu Kristu. Mutarisiro, Abrahamu vakakonewa kudanwa kunzi mwanakomana vaMwari kana Davhidhi akakonewa kudanwa kuti mwana vaMwari, nokuti Jesu akauya seDangwe raizozarura nzira yekuve vana kune avo vakamutangira neavo vaizoteera. Tinoziva sei kuti kunzwisisa uku ndekwechokwadi? Kubudikidza nemhinduro irinyore kumubvunzo: Avo vano vakazvarwa pamberi paKristu nenguva vakafanirwa kusvika kuna Mwari mukodzero dzavo? Ndekupi kune murume asina chivi? Hakuna kana mumwe. Pasina kupikisana, dai Kristu asina kuita Mwanakomana, dai painge pasina kudanwa kunzi vana vaMwari kune vanhu vose.

Kutaurwa kunotaurika kunoenderana nepfungwa iyi kunovanikwa muna vaHeberu 9:15, uko tinodzidza kuti kufa kwaKritsu hakuna kungochenesa bedzi avo venguva yanhasi asi kunyangwe vakararama kumashure **"Nemhaka iyo, iye ndiMurevereri wesungano itsva, kuti, rufu zvarwakasvika kuzodzikinura avo vakadarika pasungano yokutanga."** Nemaka imwechete iyi nhasi, kubudikidza nehuMwanakomana vake naBaba uye nekuve kwake mukoma vavanhu vanhu vanoenderera mberi kuva vanoenderera mberi kuve vana vaMwari kubudikidza naJesu Kristu.

u

> **Tsanangudzo**
>
> **Kudarika:** kuputsa mutemo vaMwari vekururama; kuita chivi.
>
> **Kudzikinura:** Kutenga, kudzoreredza izvo zvainge zvarasika, semuranda arikutengwa kubudiswa muuranda.
>
> **Chibvumirano Chekutanga:** mutemo veTestamente Yekare uyo vaipihwa kubudikidza naMosesi. Rudzikinuro runotaurwa muna vaHeberu 9:15 rinobata zvivi zvose zvevose vakateerera kubvira mukusikwa kwaAdhamu naEva.

VaRoma 8:29 inotaura kuti Mwari akafanoronga kuti vose vevana Vake vaisoitwa mumufananidzo veMwanakomana Vake,

**...kuti ave dangwe pakati pehama zhinji.***

VaGaratia 4:4-7 inotsanangura kuti Jesu akazvarwa seMwanakomana vaMwari akava mudzikinuri.

**...kuti tipiwe vumwana hwedu. Zvino zvamuri vanakomana, Mwari wakatuma Mweya woMwanakomana wake mumoyo menyu, unodana, achiti: "Aba, Baba!"***

Ndima iyi zvakare, inodzidzisa kuti humwanakomana vedu naMwari hwakakwanisika bedzi kubudikidza nehuMwanakomana vaJesu Kristu. Vakorose 1:15-18 inoti:

**Ndiye mufananidzo waMwari usingavonekwi, dangwe rezvisikwa zvose; nokuti maari zvinhu zvose zvakasikwa, zviri kudenga napanyika, zvinovonekwa nezvisingavonekwi, kana zviri zvigaro zvovushe kana vushe, kana vabati, kana masimba; zvinhu zvose zvakasikwa naye, zviripo nokuda kwake. Ndiye unotangira zvose, zvose zvakabatana Maari. Ndiye musoro womuviri, ndiyo kereke; ndiye wokutanga, dangwe ravakamuka kuvakafa; kuti iye ave mukuru pazvinhu zvose.***

Ndima iyi inoratidza Jesu aine hukuru pamusoro pezvinhu zvose, nokuti kubudikidza Naye nokuda Kwake ndimo kwakaita kuti zvisikwa zvivepo. Asi inzwi *dangwe* rinotakura chirevo chikuru chinodarika humwe hukuru. Chinotaura Jesu kuve *Mwanakomana vaMwari vekutanga, akatakura mufananidzo vaBaba vake* (v.15) uye nekuve *mudyivenaka yaMwari* (VaHeberu 1:2; VaGaratia 4:7).

Kubva mundima iyi tinoona pfungwa idzi:

**(1) Shoko rakazvidururira kuti rizvarwe munyama.**

**(2) Iye akave dangwe Mwanakomana vaMwari, akazarura nzira kunevamwe kuti vagove vana vaMwari.**

**(3) Iye akave nekuteerera kuna Baba Vake.**

## MUTSA VAJESU KRISTU

> **Jesu Aishanda Semunhu**
>
> **1. Aikura munjere nemuchimiro.**
>
> **2. Aidzidza kuteera.**
>
> **3. Aisangana nemiedzo.**
>
> **4. Aibvunza ruzivo.**
>
> **5. Airuramisa vanhu, mupfungwa mukupindura kwake.**

Mune zvasaririra sechidzidzo chino, tichatarisa ndima dzinotaridza zvinovanikwa pamunhu uye nesimba raKristu. Muchidzidzo chinotevera tinoverenga zvinyorwa zvinotaura izvo Mwari akapa zvakakosha kuva zvombo zvakakodzera kuita basa raakauyira kuita.

### Akaura

Sezvo Kristu akaitwa muzvinhu zvose sezvakaita hama dzake, tinodzidza kuti Iye *akakura*. Tinoverenga nezvake muuporofita muna

u

Mapisarema 22:9-11:

**Asi ndimi makandibudisa pachizvaro; Makandivimbisa nemi ndichiri pamazamu amai vangu. Ndakaiswa kwamuri kubva pachizvaro; Imi muri Mwari wangu kubva padumbu ramai vangu.*** Ruka 2:52 inotaura neZvake semwana,

**Jesu akaramba achienda mberi pakuchenjera napakukura, napakufadza Mwari navanhu.***

"Kuvedzera kweuchenjeri" zvinoreva kuti Jesu aidzidza kubudikidza nezvaaiiya nekusangana nazvo.

"Kuvedzera muchimiro" zvinoreva kuti aikita mumiviri vake vepanyama.

"Kuvedzerwa kwetsigiro pakati paMwari nemunhu" zvichiteva kuti akakura muukama. Hazvishamise kuti vanhu vanokura mukukoshesa yekuyemura meana akanaka akatendeka, asi zvakare vanofubga kuti akakira aine rutsigiro rwaMwari kutaura kunoshamisa. Unokwanisa kunzwisisika mupfungwa yekuti Iye "akadzidza" kuteerera, uye kuti akafadza Mwari apo aienderere mberi mukuteerera muhupenyu Hwake nemubudiriro. i

Kunyora uku kunodarika nzwisiso! *Sei* Shoko rinoziva zvose richikonewa kuva nemuganhu Iye *pfungwa* dzake dzinokura, sezvinongoita munhu, muuchenjeri?

VaHeberu 5:8 inoti kuita seMwana

**...Iye wakadzidza kuterera nezvaakatambudzika.***

Chinyorwa ichi chinova chokwadi nokuti nokuti vakaisa parutivi masimba enhaka aakapihwa ehuMwari ndokuzviita muti ashande semunhu achivimba naMwari.

## Aisangana Nekuedzwa

Umwe umboo vekuratidza kuzvidurura Pachake unova muedzo Jakobho 1:13 inoti

**...nokuti Mwari haangaidzwi nezvakaipa, naiye amene haangaidzi munhu.**

Asi, VaHeberu 4:15 inotaura kuti Jesu

**...asi wakaidzwa pazvinhu zvose sesu, asinezvivi.**

Vamwe ndivo vanopa chikonzero kuti ainge *akatarisana* nezvakaipa, asi painge pasina *kuedzwa kwechokwadi* nokuti Iye ainge ari Mwari panyama. Asi chinangwa chechinyorwa muna vaHeberu chainge chiri chekuratidza kuti Jesu akasangana iye akakunda miedzo yose, mumuitiro umwechete nesuvo vatinosangana nemiedzo. Kana painge pasina chokwadi mukuedzwa, haaikwanisa kunge vakashumira mukukurudzira muzvinyorwa kuti Iye anogona

**... kutinzwira tsitsi pavutera hwedu** (VaHeberu 4:15)

uye

**...Nokuti zvaakatambudzika iye amene pakuidzwa kwake, unogona kubatsira vanoidzwa. (Vaheberu 2:18).***

Zvino akakwanisa sei Iye kugara munyika ino mukukwanisa kukunda miedzo yose kuitira kuti ave asina chitadzo?

Ngatimbozvicherechedzei kwemineti rimwechete. Apo munhu anezvivi akazvarwa Mumhuri yaMwari, uye osvika mukusangana nemiyedzo mune nzvimbo zhinji zvikirusei idzo dzaakambotadza

madziri, miedzo inenge ichimurangaridza nokumupa mhinduro pamusoro pezvinooneka. Paanenge achikura mhinduro shoma dzinopihwa kumiedzo. MuKristu akakwana haasvike pakuzungunutsva zvachose nemiedzo kuti mukuita zvivi zveunzenza, kuuraya, kuba, kudhakwa, kana zvimwe zvinhu zvizhinji nokuti anogutsikanwa nokuda kwezvose zvakamukomberedza. Kazhinji pedyo patinoenda nehutsvene, kashoma miedzo inosvika kutikurira.

Kristu akararama semunhu, Aine mararamiro nemaitiro atinongoita kana tichinge tasvika pasarudzo. Asi miedzo payakasvika haana kukanganwa kudanwa kwaainge akadanirwa, haana kutendera chivi. Sa"Adhamu veChipiri", hutsvene ndivo vainge uzere paari. Iye vaive Uyo ainge auya kuzotishandura kuva vanhu: muutsvene vaAdhamu apo ainge achangosikwa naMwari.

## Anoziva Zvinhu Zvisati Zvaitika

Kumwe kunzwisisa kunosanganisira mibvunzo *vekufanoziva.* Kakawanda, munenyaya dzeEvhangeri, tinoudzwa kuti Jesu aiziva mifungo yevanhu vainge vakamukomberedza. *Munenyaya dzimwe dzaitoda kushandiswa kwemasimba mubasa Rake uye mukuratidza nekuzvisimbisa chimiro Chake kune zvapupu Zvake:*

**...Jesu wakanga achiziva kubva pakutanga, kuti vaisatenda ndivanani, vuye kuti ndiani waizomupandukira** (Johane 6:64).

**Asi Jesu haana kuzviisa mumavoko avo, nokuti wakanga achivaziva vanhu vose. Wakanga asingatsvaki kuti munhu mumwe apupure zvomunhu; nokuti wakanga achiziva iye zviri mumunhu** (Johane 2:24,25).

**Natanaeri akati kwaari: Mandizivirepiko? Jesu akapindura, akati kwaari: Firipo asati akudana, uri munyasi momuvonde, ndakakuvona** (Johane 1:48).

**... Asi aiziva mifungo yavo...** (Ruka 6:8; zvakare Marko 9:33-37; Ruka 19:1-10).

## Mukupikisana, Aibvunza Ruzivo

Asi kune zvinyorwa zvomuenzaniso zvakanyorwa apo Jesu aibvunza ruzivo kana kuita mukupindura kuruzivo rwaaipihwa:

**Jesu wakati azvinzwa, akabvapo negwa...*** (Mateo 14:13).

**Akati kwavari: "Munezvingwa zvinganiko? Endai mutarire." Vakati vaziva, vakati: "Zvishanu, nehove mbiri." Zvino akavaraira...*** (Marko 6:38,39).

**Zvino wakati achivona muvonde uri kure, unamashizha, akaenda'ko, achiti, zvimwe ungawana chinhu pauri...*** (Marko 11:13).

**Zvino wakati achinyengetera ari oga vadzidzi vake vakanga vanaye; akavabvunza, achiti: "Vanhu vazhinji vanoti ndini aniko?"** (Ruka 9:18).

Mukurwara kwaRazaro:

**...Zvino hanzvadzi dzake dzakatuma shoko kwaari, dzichiti: "Ishe, tarirai uyo unodikanwa nemi unorwara." Jesu wakati azvinzwa...*** (Johane 11:3,4).

u

Mushure mechinguva, akaenda kuhanzvidzi:

---

## Hurukuro:

**10. Ipa muenzaniso vaJesu achiratidza kufanoziva. ______________**

**11. Ipa muenzaniso umwechete vaJesu achibvunza ruzivo. _________________**

**12. Ndedzipi tsananguro dzaungaita kuratidza kuti uku hakusi kupokana? ______________**

**13. Nyora zvinhu zvitatu zvakaitwa naJesu mukupindira ruzivo Rwaaibvunza uye nekupihwa:**

**A.**

**B.**

**C.**

**...Iye akati: "Mamuisepiko?" Vakati kwaari: "Ishe, vuyai, muvone."** (Johane 11:34)

Munguva yekurwadziva asati aroverwa, Jesu akanamata,

**...Baba vangu kana zvichibvira mukombe uyu ngaupfuvure kwandiri....*** (Mateo 26:39; Ruka 22:42).

Maringe nenguva yekuuya Kwake mukuguma kwenyika ino, Jesu akati,

**...Asi kana riri zuva iro nenguva iyo, hakuna unozviziva, kunyange vatumwa vokudenga, kunyange Mwanakomana asi Baba*** (Marko 13:32).

Zvirokwazvo ichokwadi kuti munenyaya zhinji dzacho zvinotaurwa kuti mibvunzo yaibvunzwa yaibvunzwa mukubatsira vanzwi vake kunze kwekuti aida ruzivo Iye, Marko 13:32 inotsanangura pachena kuti Mwanakomana haazivi nguva chaiyo iyo yaachadzoka panyika ino.

Zvakare mukucherechedza chokwadi chechinyorwa chekuti Jesu *akakura* mukuziva uye kuti akadzidza *kuteerera,* zvinehumboo kuti **zvose zvaaida kuziva mifungo nemoyo yevanhu, Mwari aimupa simba kubudikidza neMweya Mutsvene neruzivo rwaaida; asi apo masimba ainge asina kukosha, aivana ruzivo semavanirwo atinoita: kubudikidza nokubvunza. Mhedziso ndeyekuchengeta nezvimwe zviratidzo zvakakosha pamusoro pemutsa.**

## Akupindura Kwepapfungwa Nekuita

Tinoona zvakare pamusoro pehukama kwake pakati pevanhu panyama nepapfungwa mukunzwisisa kwaipihwa kuna Kritsu. Munyaya yemutongi mupfumi vechidiki, apo murume vechidiki akapindura,

**"Mudzidzisi, izvi zvose ndakazvichengeta kubva pavuduku hwangu." Jesu *akamutarira akamuda*,*** (Marko 10:20,21).

**Zvino Jesu wakati achibuda mugwa akavona vanhu vazhinji-zhinji akavanzwira tsitsi,**

u

**akaporesa varwere vavo*** (Mateo 14:14).

Munyaya yekufa kwaRazaro', Evhangeri yaJohane inobudisa kuita kwaJesu' mumashoko aya:

---

**Hurukuro:**

**14. Ndepapi Jesu aishandisa simba reMweya Mutsvene mukuziva zvinhu? _________**

**15. Ndepapi paaibvunza ruzivo uye nekupindura kune izvo zvaainge audzwa? _________**

**16. Kana Jesu "akadzidza kuteerera", zvinoreva here kuti Iye ainge asiri kubvuma kusviisa kuna Mwari, uye kuti aisada kuva anoteerera, asati azvidurura Pachake nekuva anozvarwa semunhu? _____________**

**Zvino Jesu wakati achimuvona achichema, navaJudha vakanga vavuya naye, vachichema vo, *akafa* neshungu *mumweya*, akatambudzika, akati: "Mamuisepiko?" Vakati kwaari: "Ishe, vuyai, muvone." Jesu *akachema* misodzi*** (Johane 11:33-35).

Mushure mekufanotaura kupandukirwa nekufa Kwake akazosvika mukutambudzwa, Johane 3:21 inoti,

**Zvino Jesu wakati areva kudaro, akamanikidzwa mumweya....***

Pamusoro peJerusarema nekutatarisana nekuparadzwa kwaro nokuda kwekumuramba kwayo, Ruka 19:41 yakanyora kuti,

**Zvino wakati aswedera pedo, akavona guta, akachema pamusoro paro.***

Johane 4:6 inotiudza kuti,

**Zvino Jesu aneta nokufamba....***

Aiziva *nzara* (Mateo 4:2) *nenyota* (Johane 19:28). Mugadheni, akatarisana nemarwadzo ekutakura zvivi zvevanhu mukufa Kwake, Jesu akaudza vaapostora,

**Mweya wangu uneshungu kwazvo kusvikira pakufa, garai pano murinde neni*** (Mateo 26:38).

Ruka 22:44 inotsanangura ichiendamberi,

**Zvino, ari pakutambudzika kukuru, wakanyanya kunyengetera; ziya rake rikaita samadonhwe eropa, akadonhera pasi.***

VaHeberu 5:7 inotaura nezvaJesu,

**...Iye, pamazuva enyama yake, wakavuya kunaiye wakanga achigona kumurwira parufu, neminyengetero nemikumbiro, achichema nokuchema kukuru nemisodzi, akanzwika nokuda kwokutya kwake Mwari....***

Mukupindura mune zvinovava zvaaida Ruka 22:43 inoti,

**Ipapo mutumwa akavonekwa naye, wakabva kudenga, akamusimbisa.***

Tadzidza kuti *mukuzvidurura Pachezvake* zvinoreva kuisa parutivi kusava saMwari pachake, asi ***kodzero nemasimba zvakaramba zviri muuMwari.***

Tadzidza zvakare kuti, *mukuitwa muzvinhu zvose kufanana nehama* dzake zvoreva kuti Jesu akagara munyama semunhu asina chitadzo uye kuti aivimba naMwari  pazvinhu zvose, sekuvimba kwemunhu. Akasiya zvose, uye ***Mwari akapavo mukudzorera kwaari kubudikidza nesimba reMweya Mutsvene chero Paaidiwa nepose Paaibuda, kuti aite basa raainge auya kuita.*** Kune here zvimwe zvinyorwa zvinotsigira kuzviisa pasi uku kana kuvimba? Ngatitarisei zvakanaka mukucherechedza zvizhinji mukuva neruzivo muzvinyorwa muEvhageri yaJohane.



## *Kutum wa Kubudikidza naBaba*

### Chikam u Chechishanu

Kunze kwekuti tanzwisisa kuti kuzvarwa kweShoko munyika seMwanakomana vaMwari zvakaratidza shanduko huru mukuonekwa Kwake, uye nehukama muukuru hwaMwari, mune ndima zhinji dzezvinyorwa idzo dzisina zvadzinobudisa kana kuonekwa sedzinopikisa.

Somuenzaniso, Johane 1:4 inoti,

**Vupenyu hwaiva Maari....**

Izvi zvaitaridza kwete huvepo hwekurarama kwake chete, asi zvakare kusimba pamusoro pehupenyu unowanikwa munaMwari. Asi Johane 5:26 inoratidza kuvimba kutsva, *mubasa rake bedzi seMwanakomana:*

**Nokuti baba sezvavanovupenyu mavari, saizvozvo vo vakapa Mwanakomana, kuti ave novupenyu Maari.***

Hupenyu hwekuzviraramira kwake (zvinekudyidzana nemweya uri mumunhu uyo usingagume kurarama kana uchinge vangotanga) haushanduke asi masimba ake pamusoro pehupenyu ainge achifambidzana nemamwe masimba anovanikwa munaMwari. Nokudaro, apo akazvarwa semunhu, Mwari akamudzorera masimba Kwaari pamusoro pehupenyu mukati memuviri Vake, kuti akwanise kuuradzika pasi nekuumutsa zvakare mukuda kwake; uye akamupa Iye simba pamusoro pehupenyu kunevamwe kubudimidza noMweya Mutsvene. Magumisiro - simba pamusoro pehupenyu - zvaive zvimwechete; musiyano vaive vekuti, seShoko, simba rainge richigara mukati Make, seMwanakomana akazvidurura, akagadzirwa muzvinhu zvose sehama dzake, Iye ainge aine masimba ehupenyu nokuti akapihwa kwaari naBaba.

---

**Hurukuro:**

**1. Ongororo: Unotsanangura sei chinyorwa chiri muna VaFiripi 2:5, kuti Jesu akazvidurura Pachake?**

**2. Sei Shoko, muTestamente Yekare raitaura nemasimba, akazara saMwari?**

Tisati tacherechedza munezvimwe zvinyorwa zvekuvimba kwaJesu naMwari, ngatirangarirei pfungwa iyi pamusoro Pake:

**Mushure Mekuzvarwa Kwake Panyama**

**(1)** Shoko rakanga *riri* kunaMwari, Shoko rakanga *riri* Mwari (Johane 1:1)

**(2)** Zvinhu zvose zvakaitwa Naye (Johane 1:3)

**(3)** Ndiye aiva, NDICHAVA IYE WANDICHAVA. Aitaura nesimba kuna Mozisi (Ekisodho 3:14,15).

**(4)** Ndiye vaive Dombo neVaIsiraeri (1 Vakorinte 10:4).

**(5)** Ndiye aive Shoko raitaurwa kubudikidza nemaporofita (1 Petro 1:11).

**(6)** Akararama muchimiro, mukukoshesa, Mwari (VaFiripi 2:6)

**(7)** Iye aive chadzera chokubwinya kwaMwari, nomufananidzo wake chaiye, unotakura zvinhu zvose zvaMwari (VaHeberu 1:3).

**(8)** Aidanwa kuti Mwari naBaba Vake (VaHeberu 1:3).

**(9)** Zita rekuti Emanueri (Mwari anesu) Anoshamisa Muyananisi, Mwari anesimba, Baba vokusingaperi, Muchinda vorogare (Isaya 9:6).

**(10)** Ndiye aive Shoko rehukuru hwaMwari: Zvinyorwa zvinoreva kune ukuru hwaMwari (Elohim) kanodarika ka 3,000.

Asi mukuzvarwa kwake, tinoona shanduko yakakwana. Kutaurika kwekuva nemasimba ose kunotsiwiva nekutaurika kwekuzviisa pasi paBaba: Iye aive Mwanakomana, aizvipira nokuteerera muzvinhu zvose.

**Shoko Rakataura MuTestamente Yekare**

**SaMwari akati kuna Mozisi, "NDICHAVA IYE WANDICHAVA."** Akati, "Unoti kuvana vaIsiraeri, `NDICHAVA ndiye akandituma kwamuri.'" ...Mwari akatiwo kuna Mozisi, Unoti kuvana vaIsiraeri, "Jehovha, Mwari waAbhurahamu, naMwari waIsaka, naMwari waJakobho, akandituma kwamuri; ndiro zita rangu nokusingaperi, ndiro zita ravachandirangarira naro kusvikira kumarudzi ose" (Ekisodho 3:14,15).

**Shoko, SaJesu RinotauraMuTestamente Itsva**

Verenga **Johane 8:57-59** mukutsigira kuti mumwechete aitaura naMozisi aive Jesu.

**Nokuti ndakavapa mashoko amakandipa, vakaagamuchira, vakaziva zvirokwazvo kuti ndakabva kwamuri, vakatenda kuti ndakatumwa nemi** (Johane 17:8).

---

**Hurukuro:**

**3. Ndeipi ndima inotiudza kuti Shoko rakazvarwa saJesu? ________**

**4. Ndeipi ndima inotiudza kuti Jesu aive umwe vehukuru hwaMwari aive nemaIsraeri murenje?**

**____________**

**5. Unotsanangura sei chinyorwa, "Vupenyu hwaiva Maari..." (Johane 1:4). ________**

**____________________________________________________________**

u

**KUBVA MUEVHANGERI YAJOHANE**

[CHERECHEDZA kohomedzo yekutara manzwi munendima iyi. BBC]

Johane 3:35: **Baba vanoda Mwanakomana, vakamupa zvose muruvoko Rwake.**

[Mukuenzanisa: Shoko, Rakazova Mwanakomana raive Musiki; zvino, Iye akapihwa zvinhu zvaakasika!]

Johane 5:19,20: **Zvino Jesu akapindura, akati kwavari: "Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri: Mwanakomana hagoni kuita chinhu oga, kana asingavoni Baba vachichita; nokuti zvose zvavanoita ivo, Mwanakomana unozviita saizvozvo vo. Nokuti Baba vanoda Mwanakomana, vanomuratidza zvose zvavanoita vamene; vachamuratidza mabasa makuru kuna awa, kuti mushamiswe."**

[Kuwaniswa masimba rekushanda.]

Johane 5:22: **Nokuti naBaba havatongi munhu, asi Vakapa Mwanakomana kutonga kwose.**

[Kuwaniswa simba rekutonga.]

Johane 5:26: **Nokuti baba sezvavanovupenyu mavari, saizvozvo vo Vakapa Mwanakomana, kuti ave novupenyu maari.** [Kuwaniswa simba rehupenyu.]

Johane 5:27: **...Vakamupa simba rokutonga, zvaari Mwanakomana womunhu.**

Kuva "nehupenyu hwaiva Maari" zvinotaridza *"kuhupenyu hwaairarama mauri"* kubva Maari.

Apo izvi "zvainge zvakapihwa" kuMwanakomana zvinoreva kuti aive nemasimba ehupenyu, asi zvino zvainge rawaniswa kubva kuna Baba, kwete Maari, sezvaaiva asati azvidurura.

Johane 5:30: **Handigoni kuita chinhu ndoga. Ndinotonga sezvandinonzwa; kutonga kwangu kwakarurama, nokuti handitsvaki kuda kwangu, asi kuda kwaBaba vakandituma.** [Mwari Ndiye mutumi uye Mumwechete akasimbisa Kristu, Shoko raive pasipake ndeiro rainge rakatumwa nekusimbiswa naMwari kuita izvo Iye akazvarirwa kuita.]

**Jesu Aiita Semunhu**

**(1) Jesu haana chaakaita Iye pachezvake.**
**(2) Kutonga kwake kwaibva pasimba raMwari.**
**(3) Akauya kuzoita chido chaMwari kwete chake.**
**(4) Uye Iye ainge akatumwa naMwari.**

u

## Hurukuro:


6. Vanhu zvisikwa zvinorarama. Sei zvisina zvokwadi kutaura kuti, "Muvanhu mune hupenyu"?

7. Pane musiyano here pakati peShoko richiita zvinhu nemasimba Aro uye Jesu achiita zvinhu nesimba raipihwa kwaari naMwari? _________

8. Shanduko mumasimba kunoratidza Jesu' achizviisa pasi paMwari. Ichokwadi here kana kuti kunyepa?

9. Ibasa rani Jesu aiita? _________. Ndima? _________

## Akatumwa NaBaba




Johane 5:36: ...nokuti mabasa andakapiwa naBaba; kuti ndiapedze - iwo mabasa andinoti - ndiwo anondipupurira kuti Baba vakandituma.

Johane 5:37: Naivo Baba, vakandituma, ndivo vakandipupurira vo.

Johane 5:43: Ndakavuya nezita raBaba vangu...

Johane 6:29: Jesu akapindura, akati kwavari: Basa raMwari ndiro, kuti mutende kuna iye waakatuma.

Johane 6:37: Zvose Baba zvavanondipa zvichavuya kwandiri...

Johane 6:38: Nokuti handina kuburuka kudenga, kuti ndiite kuda kwangu, asi kuda kwowakandituma.

Johane 6:57: Baba vapenyu, sezvavakandituma, neni ndicharарama naBaba...

Johane 7:16: ...Dzidziso yangu haizi Yangu, asi ndokwo wakandituma.

Johane 7:28: ...asi Wakandituma Ndiye wazvokwadi.

Johane 7:29: Ini ndinomuziva, nokuti ndinobva kwaari; Ndiye wakandituma.

Johane 7:33: Ndichiri nemi nguva duku, Ndigoenda kuno Wakandituma.

Johane 8:16: ...nokuti handizi ndoga, asi Ini naBaba vakandituma.

Johane 8:18: ...naBaba vakandituma, vanondipupurira vo.

Johane 8:26: ...asi wakandituma ndowazvokwadi; izvo zvandakanzwa Kwaari, ndizvo zvandinovudza nyika.

u

Johane 8:28: ...Ini handiiti chinhu ndimene, asi ndinoreva izvozvo zvandakadzidziswa naBaba. Ndotaura izvozvo.

Johane 8:29: Wakandituma Uneni. Haana kundisiya ndiri ndoga; nokuti ini ndinoita nguva dzose zvinomufadza.

Johane 8:38: Ini ndinoreva izvo zvandakanzwa kunaBaba Vangu....

Johane 8:42: ...nokuti ndakabuda, kunaMwari. Nokuti handina kuzvivuyira, asi Ndiye wakandituma.

---

Hurukuro:

10. Ndiani akatuma Jesu? ______________. Ndima? __________________

11. Mashoko ani Jesu aitaura? ______________. Ndima? _________________

12. Jesu akauya muzita rani? ______________. Ndima? _________________

13. Ndiani Jesu aitsvaka kufadza? _____________. Ndima? __________________

Johane 8:55: ...asi ndinovaziva ini, ndinochengeta shoko ravo.

Johane 9:4: Ndinofanira kubate basa rowakandituma....

Johane 10:18: ...Uyu murairo ndakaupiwa naBaba Vangu.

Johane 10:25: ...Mabasa andinoita nezita raBaba, ndiwo anondipupurira Ini.

Johane 10:29: Baba vangu vakandipa iwo vakuru kunavose....

Johane 10:32: Ndakakuratidzai mabasa mazhinji akanaka akabva kunaBaba Vangu.

Johane 10:36: ...imi moti seiko kunaiye wakaitwa mutsvene naBaba, nokutumwa panyika: "unomhura Mwari," zvandakati: "Ndiri Mwanakomana waMwari"?

Johane 10:37: Asi kana ndisingaiti mabasa aBaba vangu, regai kunditenda Ini....

Johane 11:41: Baba, ndinokuvongai, nokuti mandinzwa.

Johane 11:42: ...Asi ndakanga ndichiziva kuti munosindinzwa nguva dzose.....

Johane 12:44: Unotenda kwandiri, haatendi kwandiri, asi kuno wakandituma.

Johane 12:45: ...Unondivona, unovona wakandituma.

Johane 12:49: ...asi Baba, vakandituma, ndivo vakandipa murairo, zvandichareva nezvandichataura.

Johane 12:50: ...naizvozvi zvandinotaura, ndinotaura sezvandakavudzwa naBaba.

**Johane 13:3:** Jesu achiziva kuti Baba vakamupa zvinhu zvose mumavoko ake....

**Johane 13:20:** ... unogamuchireni, nounondigamuchira ini, unogamuchira wakandituma.

**Johane 14:10:** ...Handiarevi pachangu; asi Baba, vanogara mandiri, ndivo vanoita mabasa avo.

**Johane 14:16:** ...Ndichakumbira Baba, vachakupai mumwe Munyaradzi....

**Johane 14:24:** ...uye shoko ramunonzwa, arizi rangu, asi nderaBaba Vakandituma.

**Johane 14:31:** ...vuye kuti sezvandakarairwa naBaba, ndizvo zvandinoita.

**Johane 15:10:** ...seni ndaichengeta mirairo yaBaba vangu, ndichigara murudo Rwavo.

**Johane 15:15:** ...nokuti zvose zvandakanzwa kunaBaba vangu, ndakakuzivisai izvo.

**Johane 15:21:** ....nokuti havazivi vakandituma.

**Johane 16:5:** Asi zvino ndinoenda kunowakandituma....

**Johane 16:28:** Ndakabva kunaBaba....

**Johane 17:1:** ...Baba, ....Kudzai Mwanakomana Wenyu ....

**Johane 17:2:** ...seZvamakamupa simba pamusoro penyama yose....

**Johane 17:4:** ....Ndapedza basa ramakandipa kuti ndiriite.

**Johane 17:6:** Ndakaratidza vanhu, vamakandipa panyika, zita Renyu. Vakanga vari Venyu, makandipa ivo....

**Johane.17:7:** ...Zvose-zvose, zvamakandipa, zvinobva kwamuri.

**Johane 17:8:** ...Nokuti ndakavapa mashoko Amakandipa, vakaagamuchira, vakaziva zvirokwazvo kuti ndakabva kwamuri, vakatenda kuti ndakatumwa Nemi.

**Johane 17:9:** ...Handinyengetereri nyika, asi avo Vamakandipa, nokuti ndivo Venyu.

**Johane 17:11:** ...muvachengete muzita Renyu, vamakandipa, kuti vave vamwe, Sesu.

**Johane 17:12:** Ndichiri navo, ini ndaivachengeta muzita renyu, vamakandipa; ndikavarinda....

**Johane 17:21:** ...kuti vose vave vamwe; semi Baba muri Mandiri, neni Mamuri; kuti naivo vave matiri, kuti nyika itende kuti makandituma.

**Johane 17:23:** Ini Mavari, nemi Mandiri, vakwaniswe kuva vamwe; kuti nyika izive kuti makandituma, vuye kuti makavada, sezvamakandida ini.

**Johane 17:24:** Baba, ndinoda kuti avo vamakandipa, vave vo Neni apo pandiri, kuti vavone kubwinya kwangu, kwamakandipa ....

**Johane 17:25:** ...Ini ndakakuzivai; naivava vakaziva kuti makandituma.

**Johane 18:9:** Handina kurashikirwa nomumwe kunaivavo Vamakandipa.

**Johane 18:11:** ...mukombe wandakapiwa naBaba, handingaunwi here?

u

Hazviiti kuti tiverenge zvinyorwa zvizhinji izvi zvaJesu izvi achizviisa pasi paMwari uye nekuve anovimba naMwari kune zvose zvaanotaura kana kuita tisingapedzise kuti, kuva kwake Mukoma kuvanhu ndiyo yakave shanduko mubasa Rake.

---

Hurukuro:

14. Jesu anotaura kuti akafanirwa kushanda basa Raani? ______________

15. Ndiani akapa zvinhu zvose mumaoko aJesu? ______________

16. Kubudikidza nesimba rani Jesu aitaura? ______________

17. Jesu akataura kuti Iye naBaba vaive ________________.

18. Mwari akapa Jesu simba pamusoro pe______ ________.

19. Jesu akanwa mukomichi yemvura dzibovava ndiani ainge Amupa?

Taona kuti akazvidirura pachake mumasimba esimba reuMwari, kuti Akaitwa muzvinhu zvose sehama dzake, nokudaro, mushure maizvozvo zvose zvaainge aizviita musimba raibva kunaBaba. Asi chii chimwe chakabatanidzwa muchibayiro chakaitwa cheroponeso rwemunhu?. Panenenge tichiverenga tichienderera mberi tinodzidza kuti ruponeso rwunotibatsirei.

Chinyorwa ichi chirimuna Isaya chinoenderana sei neicho chiri mubhuku raJohane? Ndiani aitaura? Mutauri anotaura kuti "Ishe Mwari" uye "Mweya Vake" ndivo vanyakumutuma...

**Isaya 48:12,16: Mumwe vehukuru hwaMwari anotaura: ... Ndini Iye, Ndini Wokutanga, Ndini Wokupedzisirawo. Zvirokwazvo, ruoko Rwangu rwakateya nheyo dzenyika ruoko Rwangu rworudyi rwakatatamura denga rose; kana Ndichizvidana, zvinosimuka pamwechete ...**

**"Swederai Kwandiri, munzwe chinhu ichi: kubva pakutanga Handina kutaura chinyararire; Kubva panguva yokuitika kwazvo, Ndiripo: Ishe Mwari Akandituma, noMweya Wake Vakandituma ..."**



**Mwari akataura naMozisi kubva mugwenzi rairatidzika kubvira**



Jesu akachenesa Temberi apo ainge Achiri panyika

---

**Hurukuro:**

**1. Muzvinhu zvose Jesu _________ uye _________ zvaive kubudikidza _________gwara.**

**2. Jesu akataura kuti ndiye _________ uye _________**

**3. Anova neruoko rwake rwakagadza nheyo dzenyika?**

**4. Ndiani akavaridza matenga?**

**5. Inguva yakareba zvakadii uyo akave Jesu "akavepo" maererano nezvinyorwa zvake?**

**6. Jesu akataura kuti aive ________ kubudikidza naBaba, uye aive _________ Kwaari.**


**7. Ndeupi muenzaniso vekuteerera Jesu akatiratidza gwara muhukama nehama dzedu?**

**8. Jesu aida vateveri vake kuti vave _________, vakabatana Maari, kuti nyika igotenda kuti ainge akabva kuna Mwari.**

**9. Maringe nechidzidzo chedu parizvino ipa zvimwe zvezvinhu Shoko rakapa kuti rikwanise kuva Mukoma vedu.**

**10. Ndiani akatuma Shoko panyika? chinyorwa ichi chinotaridza Utatu weukuru hwaMwari. Ndianani?**

u



## *Kuzvitsaurira Mukupedzisira*

### Chitsauko Chechitanhatu

Kubudikidza nemunhorondo dzehupenyu hwaJesu Kristu, tinobatikana pamoyo Nokuda kwemurayiro vaairamba achipa maringe nemamiriro ezvinhu, zvisinei kuti chimiro chaho chinenge chakamira sei.

Vakasara muJerusarema aina naJosefa naMariya aine makore gumi nemaviri, Jesu Akashamisa vatungamiri vemutembere nokuda kweruzivo rwake pamusoro pemagwaro apo vakamuona (Ruka 2:46,47). Mushure merubhabhatidzo rwake, apo Satani anosvika mukuedza Jesu ari murenje, Ainge ane mibvunzo yakakwana yakatogadzirirwa achipindura zvose aiita nharo (Mateo 4).

Mukupinda mutembere yaMwari muJerusarema, akasvika mukutsamwa nokuda kwevatengesi nehumbavha bainge hwakuitwamo akashungurudzika ndokusvika pakudzingira panze vaiita zvekuchinja mari neavo vaitengesa mhuka dzezvibayiro (Johane 2:14-17). Mapirisita makuru neVafarise vakatumira mapurisa kundosunga Jesu, asi pavakadzokera kune masimba ainge avatuma vasina munhu, tsananguro dzavo dzekutadza kumusunga dzaiti **"Hakuna munhu angataura zvakadaro!"**

Mumhinduro dzose Jesu akavapindura kumibvunzo yaibvunzwa yaaibvunzwa nevaisatenda uye nemibvunzo yaaipa mumhinduro kuvanhu vaimubvunza, zvose aizviita mumasimba ose.

**...Kwakanga kusinomunhu wakagona Kumupindura shoko, vuye kwakanga kusinomunhu wakatsunga Kumubvunza chinhu pazuva iro** (Mateo 22:46)

Kuchema Mukati Mebindu

Asi panenguva Zvinyorwa zvakataura kuti Jesu

**...neminyengetero nemikumbiro, achichema nokuchema kukuru nemisodzi ...** (VaHeberu 5:7).

Apo Akataura kuvateveri Vake,

**"Mweya Wangu uneshungu kwazvo kusvikira pakufa" ...Akapfuvura mberi zvishomanene, Akawira pasi nechiso Chake, akanyengetera....**(Mateo 26:38,39).

**Ipapo mutumwa akavonekwa naye, wakabva kudenga, akamusimbisa. Zvino, ari pakutambudzika kukuru, wakanyanya kunyengetera; ziya rake rikaita samadonhwe eropa, akadonhera pasi...** (Ruka 22:43,44).

**"Thromboi"** inzwi rechiGreek, rakashandiswa bedzi muTestamente kuratidza "madonwe eropa". Maererano netsananguro iyi Aristostle (Hist. Anim.iii:19) akataura kuti munemwamwe mamiriro ropa rakave rakaverera mumwe muvererero usina vakanzwisisa.

J.R. Dummelow, sezvakataurwa naJames Burton Coffman mukomendari rake raRuka, rinoti, **"Marwandzo makuru emupfungwa anoziikanwa mukubudisa chiitiko ichi."**

Coffman akati, "Pfungwa yekuti rufu runosvika pakutevera nekuchimbidza mushure mekunge kana dikita reropa richinge rabuda mubudiro vakadai, anoratidza kukosha kwekuuya kwengirozi kuti dzisimbise Jesu, uyo pachake ainge akutsanangura chimiro chemoyo vake kuti vaizoramba uchishungurudzika kusvika mukufa.'" **(Commentary on Luke,** Page 476, James Burton Coffman, ACU Press, Abilene**, TX.)**

Mune zvimwe zvinyorwa pamusoro pehupenyu hwaJesu tine here dambudziko mupfungwa Dzake kana mukuita Kwake kwepaMweya. Kunyangwe kuroverwa pamuchinjiko hakuna kubvisa kurwadziva kwakatsanangurwa panguva iyo aiva mubindu. Pano tinotenderwa kucherechedza kutambudzikwa kwaizoita mweya vaJesu apo ainge akatarisana nemukombe vaainge oda kunwa.

## Mamaitero Ake Maringe Nekurwadziva

Panedzimwe nguva kutya kana kuurava kuchinge kwakasimba, muviri vemunhu unosvika pakudikitira zvakanyanya, asi inzwi rinoshandiswa naRuka mukutsanangura kudikitira kwaJesu' rinonzi *'thromboi',* inzwi rinoshandiswa nemadhokotera rinoreva *'kugwamba kweropa'.* Munhoroondo, kana mukurapa kwemazuva ano, munenyaya dzekurwadziva kunokonzera kubudisa dhikita reropa, kazhinji nekufa kwemunhu kwechinguva chuduku. Jesu haana kubvira avedzeredza apo akataura kuti **"Akati kwavari, mweya wangu uneshungu kwazvo kusvikira pakufa, garai pano murinde Neni"** (Mateo 26:38).

Chii akanzwa? Ndizvo here vazhinji vanotaura kuti aiziva kuti ainge achizosvika mukufa pamuchinjiko uye kuziva kuti marwadzo airatidza umboo vekutaridza kuti aive munhu? Kwaive kutya Kwake kwemarwadzo aizouya epanyama nerufu rwaaitsungirira mariri?

## Kutenda Kwevateedzeri Vake

Tisati tapamhedziso, takafanira kucherechedza mararamira evanhu vakauraiva nokuda kwekutenda kwavo muna Kristu munguva yekutanga yemakore ane zana. Zvinyorwa zvenhoroondo zvinotiudza kuti Makristu aya akafa rufu rinorwadza kubudikidza nokuroverwa pamuchinjikwa, vamwe vaikandwa mumafuta aifatyaira, vamwe vaikandwa pakati pemhuka dzesango dzakaita seshumba, kupiswa nemuto munhu ari mupenyu, nekusvika mukusangana nekumwe kutambudzwa kwakasiyana siyana kwekurwadziswa zvakaita sekurohwa. Asi zvuru zvizhinji zvakasangane nerufu zvakaramba zvichingoimba mukurumbidza Mwari, vakapfeka chiso chehushingi kunyangwe mukurwadziva pamwe nekutarisana nerufu, zvinova zvinhu zvaishamisa nekushamisa zvekuti vazhinji vasingatendi vakauya kunaKristu.

> **Kutambudza kwaNero, A.D. 67**
>
> "Nero anoziikanwa nokuda kweutsinye, nekuita mutowo vose vemutongo kuMakristu, vatinotora sehutsinye vakaoma chaizvo hwekuti fungidziro inotadza kunyangwe kuunganidzira. Zvikurusei, vamwe vaisonerwa mumateve emhuka, wosvika pakuzvuzvurudzwa nembwa kusvika matehwe apera, uye vamwe ndivo vaipfekedzwa hembe dzainge dzakagadzirwa nemapuratsiki, vosungirirwa pamuti obatidzirwa muto ipapo muminda dzavo, chinabgwa chiri chekuda kupedza Makritsu vakwanise vapedza. Chenjedzo yaipihwa muMuzinda vose veRoma, asi zvakatovedzera huwandu veMakristu pane kuvapedza yaive tarisiro yehutsinye hwake." **(Fox's Book of Martyrs)**

Mukutarisa kubva muGethsemane mukudzika kusvika mumakore ekutanga emazana, zvino tingafunge kuti vadzidzi vaJesu vaive nehushingi kudarika Iye? Zvinoita here kuti aitya rufu mukusvika pachimiro chekudikitira, sezvo zvichinzi aive madonwe makuru eropa, asi avo vaimuteverera vainge vaine hushingi? Zvirokwazvo kunofanirwa kuva neimwe tsanangudzo.

Mukufunga mubvunzo vekufa tisinazvinyepere, zviripachena kuti Makritsu ekare ainge asina chinhu chakanyanyosimba kunze kwekutenda kwavo mukusimbisa mweya yavo. *Vaitenda* kuzvivimbiso zvaJesu:

**Unotenda kwandiri, kunyange akafa, uchararama....** (Johane 11:25).

**Moyo yenyu irege kumanikidzwa; tendai kunaMwari, mutende vo Kwandiri. Mumba maBaba Vangu munenzvimbo zhinji dzokugara; dai kusaiva kudaro, ndingadai Ndaikuvudzai; nokuti Ndinoenda kundokugadzirirai pokugara. Kana Ndaenda kundokugadzirirai pokugara, Ndinozovuya zve, Ndikugamuchirei Kwandiri; kuti apo Pandiri, nemi mugovapo vo** (Johane 14:1-3).

*Vaitenda* kuti zvipikirwa zvaive zvezvokwadi, asi vaisaziva kubva muruzivo rwawo. Vainge vasina kudarika nemurufu kuti vaende muhupenyu. Vainge vasina *kuona* imba yaBaba. Asi, *kutenda* kwavo kwaivakurudzira, kunyangwe vatarisana nerufu.

Asi ko zvaKristu? Nyangwe Zvinyorwa zvisina kutaura kuti rini uye kuti kusvika pachidanho chipi Anotenderwa Kuziva maringe nezvehuvepo Hwake vekare kunyangwe kuona Mwari, takafanirwa kupedzesa kuti yainge isiri nguva yaaikura munjere nekudzidza kuteerera. Ruzivo rwakadai rwomweya rwaipikiswa mupfungwa yekuti aifanirwa kunge akaitwa muzvinhu zvose sehama Dzake. Kuratidzwa kwakarurama kwaizouya mushure merubhabhatidzo rwake, mushure mekunge Apihwa Mweya usina magumo. Asi ainge achiri kungoshanda semunhu mukurarama kwake kwemazuva ose, asi mubasa rake rekusimudzira aishanda saMuponesi, nguva dzose Aive nebasa rakakosha. Iye pachake, anopupura muna Johane 5:19-20:

---

**Hurukuro:**

**4. Mukufunga kwako pamusoro pemarwadzo aJesu mubindu, chii chaunofunga kuti chingave chikonzero chekurwadziva nemisodzi Yake? _______________**

**5. Tinoona zvombo zvehondo sechiratidzo chesimba. Zvino misodzi nedikita zvinoratidza simba kana kuti utera? ________________**

**Zvino Jesu akapindura, akati kwavari: "Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri: Mwanakomana hagoni kuita chinhu oga, kana asingavoni Baba vachichita; nokuti zvose zvavanoita ivo, Mwanakomana unozviita saizvozvo vo. Nokuti Baba vanoda Mwanakomana, *vanomuratidza zvose zvavanoita vamene;* vachamuratidza mabasa makuru kunawawa, kuti mushamiswe."***

Muna Johane 4:6, Anotaura kuti:

**Handirevi kuti kuno munhu wakavona Baba; asi uyo uri waMwari, *Ndiye wakavona Baba.***

Muna Johane 8:14, anotsanangura achienderera mberi:

**Jesu akapindura, akati kwavari: "Kunyange ndichizvipupurira, kupupura Kwangu ndokwazvokwadi; nokuti *Ndinoziva kwandakabva, nokwandinoenda;* asi imi hamuzivi kwandakabva, nokwandinoenda."***

Saka mukuenzanisa neavo Makristu ekutanga vakafira kutenda kwavo, Shoko rakavepo nokusingaperi, tevere kuzvarwa Kwake munyika saJesu Kristu. Iye *akaona* nzvimbo iyo inova yaakabva uye uko *aiziva* Kwaaienda. Iye *aiziva* kuti rufu rwaisakurira mweya Vake; Iye *aiziva* kuti muviri Vake vaizomutsva mushure memazuva matatu; Iye *aiziva* Mwari nesimba rehupenyu.

Zvino tingamupomere mhosva yeutera sei? Tingazvitaure sei takatarisana nekufa Kwake uko

kwakanyanya Kumurwadza kudarika vateeri Vake?

### Chii Chakakodzera Marwadzo Ake?

Saka, kana kwainge kusiri kurwadziva kwepanyama kwakaunza hondo mumweya vaKristu, zvino zvii zvaakatarisana nazvo mubindu? Ndeapi matambudziko Akasangana navo, ayo atingati rakava dambudziko Rake? Sei tichiona marwadzo ayo akasvika mukutorerwa nzvimbo, kunyangwe pakutongwa uye nepamuchinjiko. Kubudikidza nokuita kwake kwekutanga kwairatidza kuti anemasimba ose?

Kukamganisa Kwakaitwa Nemuchinjiko

Muchinjiko vakakanganisa Jesu muzvinhu zviviri: kufa Kwake kwepanyama nepamweya "kutakura Kwaakaita zvivi" (2 Vakorinte 5:21) zvemunhu. Kana kutya kwake mubindu kwainge kusiri kufa kwepanyama,

**Maitiro Aidzidziswa naKristu**

**"Nokuti makadanirwa izvozvo, Kristu zvaakakutambudzikirai vo, Akakusiyirai mufananidzo, kuti mutevere makwara Ake;**

**"Iye usina kuita zvivi, nokunyengera hakuna kuvonekwa mumuromo make; Iye wakati achitukwa, haanakutuka zve; Wakati achitambudzika, haana kutyisidzira; asi Wakaisa mhaka Yake kunaiye unotonga zvakarurama; Iye wakatakura Amene zvivi zvedu mumuviri wake pamuti, kuti isu, kana tafa kuzvivi, tiraramire zvakarurama - Iye wamakaporeswa namavanga Ake"** (1 Petro 2:21-24).

---

### Hurukuro:

**6. Raive basa raJesu here kumanikidza nyika kutenda Kwaari kuti Mwanakomana vaMwari?**

---

**7. Nderwupi ruzivo rwaiva naJesu muhuvepo hwake naMwari izvo zvaimusimbisa panguva iyo aitonga nepamuchinjiko?**

**8. Kubva mukudzidza kwako magwaro, ndezvipi kunze kwemarwadzo zvinokwanosa kutsanangura marwadzo Ake?**

Zvinofanirwa kuve zvakakonzera kuva nezvinoitika zvemweya izvo zvaida kuunzwa nechibayiro Chake, ndezvipi zvinoitika kwekuva nechivi?

Chivi

Sevanhu takatenderedzwa nechivi uyezve chakadyairika mukati mevanhu asi chinenge chichitikanganisa zvishoma nezvishoma. Naizvozvo, hatikwanise kunzwisisa zvainzwikwa naKristu pamubvunzo uyu. Chivi chakasiyana zvachose mukupikisana nechimiro chaMwari zvekuti hachienderwe pamberi Pake. Ndosaka munhu pasina Muponesi vake, anosvibiswa nguva nenguva nokuda kwezvivi zvaanenge achiita anenge achipesaniswa naMwari. Murango vezvivi kupesaniswa naMwari, nekufa kwemweya mugehena.

Tinokwanisa kunzwisisa zvishomanana, simba nekuipa kwekubvumira chivi kana tichinge taziva kuti mumwe atadza zvinoreva kurasikirwa nokusafa kwokusingaperi kwakafuridzirwa naMwari: Mweya. Mwari haana kuzviita nyore mukupihwa muviri venyama pasina muripo muzvimiri zviviri, tinongove nechikamu chisina muripo chichakandwa mugehena nokuda kwechivi. Ikoko kune

sarudzo dzakawanda.

Ndakafamba muneimwe nzira ndirindoga. Kunerimwe rutivi rwenzira iyi kwaive nenzvimbo yairasirwa marara, chikomo chezvese zvinorasirwa marara navanhu. Zvainge zvakaora zvichinhuwa, pakazara nhunzi, nezvinyavada neinda. Ndikakna kuti kuita zvakanaka zvinhu zvirinani pane kufushirwa pakati petsvina idzi ndiri mupenyu panzvimbo iyi.

Asi kushungurudzwa kwangu kwepanyama kunova chisiri chinhu kana ndichinge ndichienzaniswa nezvakaitika pamweya kune Uyo Mutsvene Mumwechete vaMwari "kuitwa muranda vechivi chisi Chake".

Chivi, nemasimba acho kukurira munhu ndizvo chaizvo zvinyorwa zvinovanzo kupikisana naMwari. Zvatinoona pachiitiko ichi mubindu, zvinoreva kuti Mumwe anova aine hupenyu husingaperi hwakarurama, achisotarisana chiso nechiso mukubatikana kwekupedzisira, munguva yechokwadi, pamusoro pekuzvitorera zvose zvivi zvevanhu vose venguva yose, sekunge akaita mumwe noumwe pakatipavo.

Isu, pachedu hatishatiriswe nemanyepo 'anocheneswa' nechivi 'chiduku', asi kunyangwe tikazvivanza mukati, kana mhosva dzeutsinye kana kuita kusakarurama kwevapari vemhosva vose vari pabhuku rerufu vachatongwa nokuda kwemazita edu, zvakare tichave nemhoswa yekuripa mutongo vavo.

## Kuva Vakaitwa Nechivi

Idzi ndidzo dzaive nharo mubindu, izvi ndizvo chaizvo izvo zvekuva **"zvekuitwa kwechivi".** Uyu ndivo mukombe vaaizosvika pakunwa, uye uyo vaaizozvika mukuutevera mukuutora, nokuti kunwa mumukombe uyu zvaireva zviitiko zvisingaperi.

---

## Hurukuro:

**9. Ndeipi mitongo yezvivi?**

**A. ________________________________________**

**B. ________________________________________**

Kubva mukusingaperi, kunyangwe kubva pamakore makumi matatu nematatu ekugara ari mumuviri venyama, Shoko rakaramba richirarama. Hakuna chivi chakaribata. Munechero nguva

Aikwanisa kuva nechokuita kuvanhu nekudzokera kune kubwinya Kwake kwemandorokwazvo kweruenzano muhukuru hwaMwari. Mukuita kudaro aida kutanga apedza kupihwa mhosva kwemunhu nokuda kwechivi, kwete mubereki mumwechete pavanhu akaponeswa; asi Shoko ndiro rine kuita uku, Iye anokwanisa kuita sarudzo iyi. Pasina kuitika izvi zvakave pachena Kwaari, dai kusina hondo, pasina basa neminamato, pasina basa nezvinyorwa zvekubvuma kuzvipira. Mukufamba kwenguva Iye pachake akati,

**...unofunga here kuti handigoni kukumbira kuna Baba vangu vakandipa ikozvino vatumwa vanopfuvura mapoka makuru-kuru anegumi namaviri?** (Mateo 26:53).

Rununuro rwaivepo; Iye aifanirwa kungorisarudza.

Saka, Gethsemane yaive hondo, kwete zvakanyanya pamusoro paSatani mukati Make. Kwaive nekusavirirana: Ndingadzokere here Kwandaiva uye kune zvose zvakarurama nenhaka Yangu? Kana kuti Ndienderere mberi nenzira iyi yekuzvipira kumunhu, mukutora chivi nematambidziko azvo zvose sechikwereti kana kutadza kwangu?

Tenda Mwari, tenda Mwari, rudo rwakakunda uye magumo ekutambudzika akavepo,

**Baba vangu kana mukombe uyu usingagoni kupfuvura, ndisingaumwi, kuda kwenyu ngakuitwe** (Mateo 26:42).

**Kushungurudzika MuBhindu**

Zvinoratidza kuti Jesu aive nesarudzo, yekuti aikwanisa kutora kana kusatora chivi chenyika kuva chake, nekutambura.matambudziko acho. Aiva nesarudzo here?

Mukufamba kwenguva akabvanza vaapostora vake, **"... unofunga here kuti handigoni kukumbira kuna Baba vangu vakandipa ikozvino vatumwa vanopfuvura mapoka makuru-kuru anegumi namaviri?"** (Mateo 26:53).

Saka Aive nesarudzo. Zvoreva kuti akazviita nokuda kwake mukuzvipira murufu. Iye akati, **"Baba Vangu kana mukombe uyu usingagoni kupfuvura, Ndisingaumwi, kuda Kwenyu ngakuitwe"** (Mateo 26:42).

**Tsananguro:**
**Muponesi: Mubatsiri anobatsira nyakurwadziwa kubva mudambudziko kana mukushungurudzwa, kazhinji zvinemge zviine kutambudzwa kwemutongo mukuru kwaari. Muchiitiko chaMuponesi vedu vemweya, Jesu akafa mukutiponesa mukufa kwemweya.**

---

**Hurukuro:**

**10. Ndechipi chitendero chimwechete chine Muponesi? ______________**

**11. Kune muponesi here kuIslamu? _______ muHinduism? _______ muBuddhism? _______**

**12. Munhu anoponeswa sei maringe nezvitendero izvi? _________**

**13. Chii chakave chikonzero chekurwadziva kwaJesu mugadheni?**

**14. Ndeipi mitongo miviri yechivi inopihwa kuvanhu? _____________**

u



## *Kufa*

### Chitsauko Chechinomwe

Sezvo Adhamu akatanga kutadza uye nekutangwa kwekudeurwa kweropa mukukumbira ruregerero kuchivi kubudikidza nechibayiro chinova chinyorwa cheruvimbiso chekuti chibayiro chakakwana nerimwe remazuva chichaitwa. Nguva yerununuro yezvivimbiso yakati yakwana, uye Jesu Kristu akazvipira Pachake muGethsemane kuti ape muripo vechivi.

Kutambudzika kwakapera, uye kubata kwebasa kwekupedzisira kwekununurwa kwemunhu kwakaiswa muchitsingo.

Kusungwa Nekutongwa

**Zvino akaenda kuvadzidzi akati kwavari, "muchimakavata nekuzorora henyu? Tarirai nguva yasvika, Mwanakomana womunhu Woiswa mumavoko avatadzi"** (Mateo 26:45).

**Wakati achataura, tarira, vanhu vazhinji, naiye wainzi Judhasi, mumwe wavanegumi navaviri, akavatungamirira; akaswedera kunaJesu, kuti amusvete. Jesu akati kwaari, "Judhasi, unopandukira Mwanakomana womunhu nokusveta here?"** (Ruka 22:47,48).

**Jesu Aiziva zvinhu zvose zvaizouya pamusoro pake, anoenda mberi ndokuvaudza kuti** [kuuya kwehondo yekuparadza, nemapurisa kubva kumapririsita makuru maFarise, vaine mwenje mikuru kwazvo nezvombo], **"Munotsvaka aniko?" Vakamupindura, vakati, "Jesu weNazareta." Jesu akati kwavari, "Ndini." ...zvino - wakati areva kwavari, achiti, "Ndini." - vakasudurukira shure, vakawira pasi. Zvino akavabvunza zve, achiti, "Munotsvaka aniko?" Vakati, "Jesu weNazareta." Jesu akapindura, akati, "Ndakuvudzai, kuti Ndini. Kana muchinditsvaka Ini, regai ava vaende"** (Johane 18:4-8).

**Zvino Vakamubata, Vakaenda Naye, Vakandomuisa kumba kwomuPirisita mukuru...**

(Ruka 22:54).

**Varume vo vakanga vabata Jesu, Vakamuseka, Nokumurova. Vakafukidzira meso Ake Vakamubvunza, vachiti, "Profita kuti ndiani Wakurova." Nezvimwe zvizhinji vakareva Kwaari, Vachimutuka.** (Ruka 22:63-65).

Sezvo Adhamu naEva vakatanga kutadza, zvipiriso zvemuka zvakatanga kuitwa navanhu, mukutsvaka ruregerero kubva kuna Mwari.

Kubudikidza neropa remhuka rakakonewa kubvisa chivi, Mwari airemekedza zvipiriso izvi kana zvichinge zvaitwa mukurevesa, mukutarisa munguva iyo apo 'gwayana raMwari' Rakaunza kuregererwa kwezvivi kune vanoteerera.

**Zvino vaPirisita vakuru navakuru namakurukota ose vakatsvaka vuchapupu hwenhema kuti vapomere Jesu Vamuvuraye. Asi havana kuwana, kunyange zvapupu zvizhinji zvenhema**



Kunyangwe nanhasi - uye, nedzimwenguva vanhu - zvipiriso zvinoitwa muchitendero chechihedheni. Mbudzi iyo irikuda kuitwa chipiriso chaDurga, Chimwari chekuparadza chechiHindu.

**zvakavuya. Pashure zviviri zvakasvika zvikati, "Munhu uyu wakati, 'Ndinogona kuputsa tembere yaMwari Ndikaivakazve namazuva matatu.'"**

**Zvino muPirisita mukuru akasimuka akati Kwaari, "Haupinduri chinhu here?Chinyiko icho Chavanokupomedzera?" Asi Jesu Wakaramba anyerere. MuPirisita mukuru akati Kwaari, "Ndinokupikisa naMwari mupenyu kuti Utivudze kana Uri Kristu Mwanako mana waMwari."**

**Jesu Akati kwaari, "Ndizvozvo zvawataura. Asi ndinoti kwamuri, kubva zvino muchavona Mwanakomana womunhu Agere kurudyi rweSimba, Achivuya namakore okudenga."**

**Ipapo muPirisita mukuru akabvarura nguvo dzake akati, "Wamhura Mwari! Tichatsvakireiko zvapupu? Tarirai manzwa zvino kumhura Kwake! Munoti kudiniko?"**

---

**Hurukuro:**

**1. Mune ruponeso munyika here nhasi? _________ Kupi? ______________**

**Inozivei pamusoro pedambudziko rinotyisa revamwe vanhu? ______________**

**2. Ndechipi chakaipa kuva muranda venyama kana muranda vemweya? _____________**

u

Vana vanofarira kuudzwa "nyaya dzehupenyu hwechinyakare" zvekuti kazhinji unoona vachishamisika kuudzwa kuti kunyangwe nhasi unokwanisa kuenda kunzvimbo inonzi "Israeri" unondofamba muguta rinonzi "Jerusarema", unotokwanisa kutotarisana nerwizi "neGungwa reGalilee" nekufamba uchidzika "neJericho."

Unokwanisa kutofamba mugadheni reGethsemane uchitoona miti yemiOlive yekare. Michimiro ichi zvinova nyore kuti uone kutambudzika kwaJesu, uye zvakare kuti ukwanise kunzwa mauningira anobuda mumatemberi.....

**Vakapindura vakati, "Unofanira kufa." Zvino Vakamupfira mate pachiso, Vakamurova netsiva, vamwe noruoko, vachiti, "Porofita iwe Kristu kuti ndiani Wakurova"** (Mateo 28:59-68).

Zvemakore mazana manomwe akadarika, **Vakapindura vakati, "Unofanira kufa."**

**Zvino Vakamupfira mate pachiso, Vakamurova netsiva, vamwe noruoko, vachiti, "Porofita iwe Kristu kuti ndiani Wakurova"** (Mateo 28:59-68).

Zvemakore mazana manomwe akadarika, Shoko rakataura kubudikidza naIsaya pamusoro pehusiku uhu hwekusaruramisira mekushungurudzwa kwepanyama kwaizoitwa **"...Ishe...Muponesi vako, neMudzikinuri Vako, Mutsvene Vakatendeka vaJakobho":**

**Ndakapa musana Wangu kuvarovi, namatama Angu kuna vakatavura ndebvu Dzangu; Handina kuvanza chiso Changu pakunyadziswa nokupfirwa mate** (Isaya 50:6).



Ancient olive trees in the Garden of Gethsemane

## Mubvunzo Unokosha Vakabvunzwa

Kutongeswa kwekutambudzwa kwepanyama kwakatanga. Zvichiteverwa nekusungwa Kwake, husiku hwose Jesu ainge ari musungwa, akabvunzurudzwa kekutanga naAnnasi tevere Caiaphasi, mupirisita mukuru veSanhedrini dare reIsiraeri. Mhosva dzenhema dzakaunzwa pamberi Pake dziri mudungwe idzo Aipomerwa. Uye Caiaphasi akamupikisa Iye kuti Azvimirire Pachake. Mhinduro yake kwaive kunyarara, kunyangwe mukusapindura Kwake ikoko, Ndiye aive akabata chiitiko chose chehusiku uyu.

u

---

**Hurukuro:**

**3. Ndiani akatengesa Jesu? _________**

**4. Akazviratidza sei kuti Jesu aive ani? _________. Pfungwa iyi inoratidza kuti Jesu aivonekwa kunge murume vechiJudha (asina kukosha "asina basa" kunyangwe vakamubvisa pakatipavo)? __________**

**5. Apo Jesu akataura kumauto kuti, "Ndini", unofungei nekudzokera kwavo kumashure nekuputsikira kwavo pasi? __________**

**Verenga zvakangwarira.** Mupirisita mukuru haana kubvira abvuza pamusoro pezvipomerwa zvose zvekunyepa zvaipomerwa Jesu, kana kumubvunzavo kuti, **"**Unosviita Mwanakomana vaMwari?" Asi kuti, akatoisa Jesu pachipiko chekupindura "**Uri** Mwanakomana vaMwari here?"

Kunyarara mukutadza kupindura mubvunzo uyu zvinotorwa sekuramba. Jesu Haana kuramba chokwadi chekuve Iye, saka akapindura mubvunzo, achibudisa pfungwa yekuti, Ainge asingafire mhosvo dzenhema kana kuti kutaura kwemanyepo; ainge achigofa nokuti AIVE, UYE MWANAKOMANA VAMWARI.

Mukupedzisira, mukukundikana kwavo kuva nehumboo vekumutongera rufu, Caiaphas akabvunza, **"...tiudze kana uri Kristu Mwanakomana vaMwari."**

*Uyu wakava mubvunzo vemakore:* kwete "**Unozviita** Kristu?" asi "**Ndive** Kristu, Mwanakomana vaMwari here?" Mhosva dzavaimupomera Jesu akavanikwa asingadzipindure, zvino mubvunzo vekuroverwa vakabvunzwa. Vanhu nguva dzose vanofanirwa kuziva chinangwa chaainge achipomerwa mhosva; vanofanirwa kuziva chokwadi chaitaurwa kunyangwe kusekwa nekupfirwa kwake mate pahusiku vekupomerwa kwake mhosva: "**Uri Kristu here?"** Iye akapindura **"Ndini."** (Marko 14:61).

Zvinoshamisa kuti avo vanhu vanenge vakadzidza Zvinyorwa, kuitira kiti vakwanise kuziva zviporofita pamusoro pekuuya kwaMessiah, hapana kana akamborangariravo kuti zvimwe uyu ndiye Muponesi vavainge vakamirira aitaurwa. Havana kumbobvira vazvibvunza kuti pada vaitowa Mwari pachezvake. Mukuratidza kupenga kwavo vainge vatomutongera Jesu kare kuva murevi venhema. Mukupindura Kwake pachonzvimbo chekuti vamunzwisise zvaaitsanangura vanosvika mukupa mutongo vavo vekumupomera kutaura zvekuzvidza. Nokudaro vanomutongera Rufu.

Akaendeswa Kuna Pirate

**Vakamusunga vakaenda naye vakamuisa kuna Pirato mubati.** (Mabasa 1:16-19.) **Ipapo Pirato akabudira kwavari, akati, "Munoti, munhu uyu unemhosva yeiko?"**

**Vakapindura, vakati kwaari, "Dai munhu uyu asaiva mutadzi, tingadai tisina kumuisa kwamuri."**

**Zvino Pirato akati kwavari, "Chimutorai imi, mumutonge nomurairo wenyu."**

**VaJudha vakati kwaari, "Hatina kutenderwa isu kuti tivuraye munhu..."** (Johane 18:29-32).

---

**Hurukuro:**

u

**6. Ko Jesu akapihwa mhosva pamusoro pei? _________**

**7. Jesu haana kubvira apindura mupirisita mukuru kusvikira abvunza mubvunzo upi? _________ ______________**

**8. Chiporofita chinova umboo vaJesu kuratidza kuti ainge ari vechokwadi?" (Mateo 25:59-68).**

**Uye vakatsvaka kumupomera mhosva vachiti, "Takawana munhu uyu achitsausa rudzi rwedu, achivadzivisa kuti varege kuvigira Kesari mutero; vuye Achizviidza Kristu Mambo."**

**Ipapo Pirato Akamubvunza, akati, "Ko uri Mambo wavaJudha here?"** (Ruka 23:2,3).

**Jesu akapindura, akati, "Unozvireva izvi pachako here, kana wazvivudzwa navamwe pamusoro Pangu?"**

**Pirato akapindura, akati, "Ini ndiri muJudha su? Rudzi Rwako navaPirisita vakuru vakakuisa kwandiri; Waiteiko?"**

**Jesu akapindura, akati, "Vushe Hwangu hahwuzi hwenyika ino; dai vushe Hwangu hwaiva hwenyika ino, varanda Vangu vangadai vairwa, kuti ndirege kuiswa kuvaJudha; asi zvino vushe Hwangu hahwuzi hwapano."**

**Ipapo Pirato akati kwaari, "Iwe uri mambo su?" Jesu akapindura, akati, "Unoreva iwe kuti Ndiri mambo. Ndakaberekerwa izvozvo, Ndakavuyira izvozvo panyika kuti Ndipupure zvokwadi. Mumwe nomumwe wazvokwadi unonzwa inzwi Rangu."**

**Pirato akati kwaari, "Zvokwadi chinyiko?" Akati areva izvozvo, akabudira zve kuvaJudha, akati kwavari, "Ini handiwani mhosva Kwaari"** (Johane 18:34-38).

## Akabvunzurudzwa naHerodhi

**Ivo vakanyanya kudanidzira, vachiti, "Unomutsa vanhu, Achidzidzisa muJudhea rose, Achitanga paGarirea kusvikira pano."**

**Pirato wakati achinzwa izvozvo, akabvunza kana munhu uyu ari muGarirea. Akati anzwa kuti Unobva kunyika yakabatwa naHerodhe, Akamutumira kunaHerodhe, nokuti wakanga ari muJerusarema amene pamazuva iwayo. Zvino Herodhe wakafara kwazvo-kwazvo achivona Jesu; nokuti waida Kumuvona kare, zvaakanga anzwa zvake; akafunga kuti uchavona chimwe chiratidzo chingaitwa Naye. Akamubvunza mashoko mazhinji; asi Iye haana kumupindura chinhu.**

**VaPirisita vakuru navanyori vakamira Vakamupomera mhosva zvikuru. NaHerodhe navarwi vake Vakamuzvidza, Nokumuseka; Vakazomupfekedza, nguvo dzinobwinya, Vakamudzosera kunaPirato** (Ruka 23:5-11).

---

## Hurukuro:

**9. Chii chakaitwa nevatongi vechiJudha mukutambudza nemukuranga Jesu? _________**

**10. Sei vakaramba vakatsunga kumupomera Iye? ______________**

u

## Sarudzo Yeruzhinji

**Zvino pamutambo mubati aisunungurira kuvanhu vazhinji musungwa mumwe vawanenge vachida. Nenguva iyo vaiva nemusungwa wakakumbira wainzi Bharabhasi. Naizvozvo vakati vavungana, Pirato akati kwavari, "munoda kuti ndikusunungurirei aniko? Bharabhasi kana Jesu unonzi Kristu?" Nokuti wakanga achiziva kuti vakanga Vamuisa kwaari negodo.... ...VaPirisita vakuru navakuru vakagombedzera vanhu vazhinji kuti vakumbire Bharabhasi, Jesu avurawe. Mubati akapindura akati kwavari, "munoda kuti ndikusunungurirei aniko kuna ivavo vaviri?"**

**Vakati, "Bharabhasi!"**
**Pirato akati kwavari, "ndichagoiteiko naJesu unonzi Kristu? Vose vakati kwaari, Ngaaroverwe pamuchinjikwa."** (Mateo 27:15-22).

**Zvino Pirato akataura zve navo, achida kusunungura Jesu. Asi ivo vakaramba vachidanidzira, vachiti, "Roverai pamuchinjikwa, Mumurovere pamuchinjikwa!" Akati kwavari rwechitatu, "Uyu wakagotadzeiko? Handina kuwana mhosva yorufu Kwaari. Naizvozvo ndichamurova, ndigomusunungura." Asi ivo vakasimbisa namanzwi makuru, vachikumbira kuti Aroverwe pamuchinjikwa. Manzwi avo akakunda** (Ruka 23:20-23).

## Kusekwa naMauto

**Zvino varwi vomubati vakaisa Jesu mumba momubati, hondo yose ikavunganira Kwaari.**

### Muzinda veRoma:

Augustus Caesar (31B.C. - A.D. 14). Augustus akatonga mukushanda nechido mukuita kwake. Akave nemauto ainge akamirira kushandiswa munzvimbo dzinenge dziine chimurenga kana kunetsana. Mushure make makazouya Tibheriyo A.D. 14-37.

### Judhiya:

Pirate aive mutongi kana gavhuna veJudhiya munguva iyo yekutongwa kwaKristu. Judhiya raiva dunhu raiziikanwa nezvematongerwo enyika. Mutongi anosvika mukukudza nzvimbo yake mumatongerwo enyika zvaanoda kana achinge angoratidza kuti vanhu vanemasimba ehutongi veRoma. Pirato akaonekwa achikurirwa na Tebelius nokuda kwekukundikana kwake kubata zvakanaka matambudziko emaJudha. Akadanwa kuRoma kuti akwanise kupa nhoroondo yeugavhuna vake, chinyakare chinoti akazviuraya nokuda kwaizvozvo.

### Galilee:

Mambo veGalilee mumakore ekutanga ezana aiva Herodhi uyo ainzi mukuru vevakuru (munguva yekuzvarwa kwaJesu), uye Herodhi Antipas (uyo akauraya Johane mubhabhatidzi, uye ndiye mambo akabvunzurudza Jesu) iye Herodhi Agrippa, muurayi vemaKritsu Mabasa 12, uyo vakorovera Ishe akafa), uye Agrippa II (Mabasa 25:13) mambo akanzwa kudzivirira kwaPauro.

---

**Jesu akataura kuti Humambo hwake hausi vepasirino - ndiko kuti, Vushe hwepamweya kwete vushe vepanyama. Vushe vepamweya, Ushe *vechokwadi* here?**

---

## Hurukuro:

**11. Ndezvipi zvipomwerwa kuvakuru vemaJudha vaipomera Jesu? ______________________**

**12. Ipa mibvunzo mitatu iyo Pirato akabvunza Jesu. A.__________ B. ___________ C._________**

**Vakamubvisa nguvo Dzake, vakamufukidza nguvo tsvuku, Vakaruka korona yeminzwa,**

**ndokuiisa pamusoro Wake, norutsanga muruvoko Rwake rworudyi. Vakafugama pamberi Pake vakamuseka vachiti, "Kwaziwai, Mambo wavaJudha!" Vakamupfira mate, vakatora rutsangavakaramba vachimurova musoro."**

**Kuenderera mberi kwemibvunzo yaPirato?**

**Zvino Pirato wakatora Jesu, akamurovesa...** (Johane 19:1).

**Ipapo Pirato akabuda zve, akati kwavari, "Tarirai, Ndamubudisira kwamuri, muzive kuti Handiwani mhosva Kwaari."**

**Jesu Akabuda, akadzika korona yeminzwa, Anenguvo tsvuku. Pirato akati Kwavari, "Tarirai munhu!"**

**Zvino vaPirisita vakuru navatariri vakati Vachimuvona, vakadanidzira, vachiti, "Roverai pamuchinjikwa, roverai pamuchinjikwa!" Pirato akati kwavari, "Chimutorai imi, Mumuroverei pamuchinjikwa; nokuti Ini handiwani mhosva Kwaari."**

**VaJudha vakamupindura, vakati, "Isu tinomurairo, zvino nomurairo wedu Unofanira kufa, nokuti Wakazviita Mwanakomana waMwari."**

**Zvino Pirato wakati anzwa shoko iri, akanyanya kutya. Akapinda zve mumba momubati, akati kuna Jesu, "Uri wepiko?" Asi Jesu Haana kumupindura.**

**Ipapo Pirato akati kwaari, "Hautauri neni here? Hauzivi su kuti ndinesimba Rokukusunungura, nesimba Rokukurovera pamuchinjikwa?"**

**Jesu akamupindura, akati, "Haungatongovi nesimba pamusoro Pangu, kana usina kuripiwa richibva kumusoro' naizvozvo Wakandiisa kwauri, unezvivi zvinokunda zvako."**

**Zvino Pirato akatsvaka Kumusunungura; asi vaJudha vakadanidzira, vachiti, "Kana mukasunungura munhu Uyu, hamuzi shamwari yaKesari; mumwe nomumwe, unozviita mambo, unoramba Kesari."**

**Zvino Pirato wakati anzwa mashoko iwayo, akabudisa Jesu, akagara pachigaro chokutonga,**

**Vatambi:**

**Pirato:** Sezvo Roma yaingeiine masimba pamusoro peIsiraeri, mambo aive nemasimba ekugadza gavhuna kuti atonge vanhu. Pirato aive gavhuna veRoma munzvimbo yeJudea.

**Herodi:** Aive pasi pemasimba eRome. Herodi aive mambo munharaunda yeIsraeri inodanwa kuti Gariri. Nazareti guta raJesu raive muGariri

**Mupirisita mukuru:** mutungamiri vevaJudha nevatariri; nhengo dzedare reSanhedrini, iro raipa hutunhamiri hwepamweya nekugadzirisa mibvunzo inganetse pamusoro pemaJudha.

**Barabhasi:** Mbavha yechiJudha yainge yakasingwa nevaRoma.

**Caesar:** Zita raipihwa Mambo veRoma, rakatorerwa muzita raJulius Caesar. Augustus akatonga munguva yekuzvarwa kwaJesu; Tibheriyo aive mambo munguva iyo Jesu ainge asamhuka.

---

**Tsananguro:**

**Praetorium:** Muzinda mukuru vemauto kana nzvimbo yaive muJerusarema yaiva nemasimba eRoma.

**Garrison:** Inzvimbo yemauto.

**Chamboko:** Chekurovesa, kurova, kana kumurova; kazhinji chamboko chinenge chakagadzirwa nedehwe, rakarukaniswa rakanyikwa mumunyu, kuitira kuti rikwature nenyama pose parinenge rarohweswa.

**panzvimbo yainzi Pakarongwa naMambwe, asi nechiHebheru Gabata. Zvino wakanga uri musi woKugadzirira paseka; yaiva nguva inenge yechitanhatu. Akati kuvaJudha, "Tarirai Mambo wenyu!"**

**Ivo vakadanidzira, vachiti, "Bvisai, bvisai, Mumurovere pamuchinjikwa!" Pirato akati kwavari, "Ndorovera Mambo wenyu pamuchinjikwa here?" VaPirisita vakuru vakapindura, vachiti, "Hatinamambo, asi Kesari chete!"** (Johane 19:1-15).

**Zvino Pirato achivona kuti hazvibatsiri asi kuti pomuka bope, wakatora mvura akashamba mavoko ake pamberi pavanhu vazhinji achiti, "handine mhaka neropa romunhu Uyu Wakarurama, imhaka yenyu!" Vanhu vose vakapindura vakati, "ropa Rake ngarive pamusoro pedu navana vedu."** (Mateo 27:24-25).

## Chiporofita Chemakore Mazana Manomwe chinozadziswa

Kubudikidza nekurudziro muporofita Isaya anotsanangura zviitiko izvi zvakare:

**Akazvidzwa, nokuraswa navanhu, munhu wokurwadziwa, akaziva urwere, somunhu anovanzirwa navanhu zviso zvavo; Akazvidzwa nesu hatina Kumukudza. Zvirokwazvo, Akatakura matenda edu, nokusimudza kurwadziwa kwedu; asi isu takati Akatambudzwa, akarohwa**



**Korona yeminzwa kubva kuJerusarema nechipikiri chekuRoma.**

---

## Hurukuro:

**13. Tsika dzavo dzaiiti kudii pamusoro pembavha munguva iyi? ____________**

**14. Pirato akaziva kuti vaJudha vaipomera Jesu nekuda kwehutsinye. Asi sei Vakamuitira hutsinye? ____________________**

**15. Inguva ipi yegore (yaiitwa mutambo vechiJudha) iyo kutongwa kwaJesu nekuroverwa zvakaitika? ________________**

**naMwari nokumanikidzwa. Asi akakuvadzwa nokuda kwokudarika kwedu, akarwadziwa nokuda kwezvakaipa zvedu; kurohwa kwakativigira rugare kwakanga kuri pamusoro pake, takaporeswa namavanga ake. Isu tose samakwai, takanga takarasika , takatsauka mumwe nomumwe nenzira yake; vuye Jehovha akaisa pamusoro pake kuipa kwedu tose.**

**Akamanikidzwa,akarohwa, kunyange zvakadaro haana kushamisa muromo wake;akauyiswa segwayana rinoiswa kundobayiwa uye segwai pamberi pavavevuri varo,akanyarara, saizvozvo haana kushamisa muromo wake. Akabviswa pakumanikidzwa napakutongwa, ndianiko angaparidza zera rake? nokuti akagurwa akabviswa panyika yavapenyu? Nokuda kwokudarika kwavanhu vangu; akarohwa** (Isaya 53:3-8).

u

## Mukutarisa Kumashure Pakutongwa

Jesu ainge aneta nekubvunzurudzwa husiku hwose nedare reSanhedrini pamwe nekurohwa nevachengeti vavo. Isaya (52:14) yakamutsanangura nemanzwi aya: **"...chiso Chake chakanga chakakuvadzwa kupfuura chavamwe vanhu, nechimiro Chake kupfuura chavanakomana vavanhu...."**

**Maonekero:** Chiso, maonekero, kana mataridzikiro emunhu.

Akaunzwa kuna gavhuna vekuRoma, Pirato. Pakutanga mhosva yakapihwa pamusoro Pake yaisabudiswa pachena uye Pirato chinangwa chake chainge chiri chekuda kusunungura Jesu nokuti ainge aona kuti hutsinye ndicho chainge chiri chikonzero chekusungwa kwake. Mukuzama kwaPirato, vatungamiri vechiJudha vakasvika pakutaura chokwadi chavo kuti Jesu ainge akafanirwa kufa nokuti Ainge Achizviita Mwanakomana vaMwari.

Gavhuna vevahedheni akabatikana zvakanyanya nokuda kwekutaura kwaJesu maringe nemubereki vake kudarika 'vaitya Mwari' maSanhedrini. Akavandudza kubvunza kwake ndokumuti, "Unombobvepi?"

Saka, zvakare, Zvinyorwa zvaJesu zvinotaura pachena kuti **mhosva iyo yaaipomerwa yaaimisva mumadzitare nekurohwa, ndeyekuti aizviita Mwanakomana vaMwari.** Mukuitwa kwenyaya mumatare, kutaurwa kwedzimwe mhoswa kwakashaiva zano zvachose. Kuzama kwose kwaPirato kwekuda kusunungura Jesu kwakashaiva basa pamberi pehutungamiri vechiJudha. Mukupedzisira, akageza maoko ake kuratidza kuti haana mhaka ndokuendesa Jesu kwavari kuti vamurove uye kuti vamupe mutongo vekumurovera pamuchinjiko sekukumbira kwainge kwaitwa neruzhinji. Panguva iyoyo Jesu haana kurara kwemaava anokwana makumi matatu. Akapedza husiku hwose achirohwa

---

### Hurukuro:

**16: Apo Pirato akaendesa Jesu kuvanhu, achiti, "Tarirai, Munhu!" ivo vakadanidzira kuti kudii? ______________**

**17. Apo Pirate akabvunza, "Unobvepi?" Jesu akapindura kuti kudii? ______________**

**18. Pirato akati anemasimba ekuita sei? ______________**

nevachengeti vemutemberi, uye ndokuzopihwa kunemauto echiRoma. Mukunyadziswa, akabvarurwa nguvo dzake, ndokusungirirwa panzvimbo yekurangwa neshamhu kuti vamurove.

Chombo chakashandiswa chainge chisina kunaka kushandiswa nemusoja anenge achiri pakudzidzira nokuti chaiuraya chakasabatwa zvineunyanzwi. Vaya dzakaipa dzainge dzakashandiswa kubatanidza chikumba kuitira kuti panorohwa munhu pese paisara pachereka nekukwatuka, zvakaita kuti ropa rizare muviri Vake. Aisimuka achidonha, mukurohwa zvekusvika kuzara zvironda pamuviri vose.

Zvirokwazvo pavakapedza Kumurova, mauto Aimurova akatanga kuita dambe Naye vachimupamhosva yekuzviita mambo **"Mambo vevaJudha".** Vakamupfekedza mucheka vehumambo vepepuru, ndokugadzira korona yeminzwa yemumusoro Vake, ndokumubatisa 'tsvimbo' muruoko Rwake. Mauto ose akatanga kumuseka, vachipfugamira pamberi Pake kunyepedzera

kumunamata, vachideedzera kuti **"Kwazivai Mambo vevaJudha."** Vaimurova mambama, nekumusvipira kumeso kwake. Ndokutora tsvimbo yaive murooko rwake ndomumurova mumusoro nayo.

Mazana emazana ezvironda nekuzvimba, nekuverera kweropa zvakava pamuviri vaJesu kubudikidza nekurohwa zvakaomarara achirwadziva mukuvedzerwa kurohwa. Pakave nekurwadziva kwakanyanya apo minzwa yapinda munyama zvekusvika kudehenya ichibaya bhonzo redehenya, uye ropa richibuda zvakasununguka. Kupera kweropa nemvura dzemuviri zvakasvika mukumupedza simba, apo ainge aparara kare nekushaikwa kwehope, mvura nezvekudya nekutora kwaainge aita maava mazhinji mushure mekusungwa Kwake.

Panguva Iyo muchinjiko vakazotakudzwa pamusoro Pake, Kunyangwe mukuru vezana vechiRoma akaona kuti aisakwanisa kutakura muchinjikwa uyu nokuti rwendo rwaive rurefu sezvo ainge asisina simba rwekutakura kuenda kumakomo ainge ari kunze kweJerusarema uko mbavha dzairoverwa.

## KUGOROGOTA

**Vakati vachibuda, vakawana munhu wekurini wainzi Simoni [baba vaAlexander naRufus]. Vakamumanikidza iye kuti atakure muchinjikwa wake. Vakati vasvika panzvimbo inonzi Gorgota ndokuti nzvimbo yedhehenya. Vakamupa waini yakavhenganiswa nenduru kuti anwe asi wakati aravira akaramba kunwa. Vakati vamurovera pamuchinjikwa, vakagovana nguvo dzake pakati pavo. Vachikanda mijenya kuti zvakarehwa nomuporofita zviitike zvinoti, vakagovana nguvo dzangu pakati pavo, vakakanda mijenya pamusoro pezvokufuka zvangu. Vakagara vakamurindapo** (Mateo 27:32-36).

**Ipapo Jesu akati, "Baba, muvakanganwire, nokuti havazivi chavanoita"** (Ruka 23:34).

**Vakaisa pamusoro wake rugwaro rwemhosva yake rwokuti, UYU NDIJESU MAMBO WAVAJUDHA. Vakarovera pamwe chete Naye makororo maviri, mumwe kurudyi, mumwe kuruboshwe. Vakanga vachipfuvura Vakamutuka, vachidzungudza misoro yavo vachiti, "Iwe wokuputsa tembere nokuivakazve namazuva matatu, chizviponesa. Kana uri Mwanakomana waMwari, buruka pamuchinjikwa." Saizvozvo vaPirisita vakuru navanyori navakuru**



**Golgotha Nzvimbo yemaDehenya**

**Vakamuseka vachiti, "Wakaponesa vamwe, Iye haagoni kuzviponesa. Kana ari Iye mambo wavaIsraeri, Ngaburuke zvino pamuchinjikwa titende Kwaari. Waivimba naMwari, ngaachimusunungura zvino pamuchinjikwa kana Achimuda nokuti wakati ndiri Mwanakomana waMwari"** (Mateo 27:37-43).

### Mbava Yakava Nokutenda

**Mumwe wavatadzi vakanga**

**vakaturikwa wakamutuka, achiti, "Hauzi Kristu here? Uzviponese, nesu vo."**

**Kukanda Mujenya: kuita kwaiitwa pasichigare mukutsvaka sarudzo, zvakafanana nezvatinoita kana tichinge tichikanda dhaisi. Kushandiswa kwaiitwa mijenya muBhaibheri zvaive nekutenda kuti Mwari ndivo vaiita sarudzo yekwaidonera mudyenya. Matthiasi (Mabasa 1:26) akasarudzwa nemudyenya.**

**Nduru:** inovava uye dzimwenguva inouraya - Jesu akapihwa nduru yainge yakasanganiswa newaini pamuchinjikwa kuti apodze marwadzo

**Mumwe akapindura, akamuraira, achiti, "Hautyi kunyange naMwari kanhi, zvauri pakutongwa kumwe naye?" Kana tirisu, takaitirwa patakafanirwa napo; nokuti isu tinopiwa zvakafanira mabasa edu; asi Uyu haana kuita chinhu chisakafanira. Ipapo akati, "Jesu mundirangarire kana mosvika muvushe hwenyu!"**

**Iye akati kwaari, "Zvirokwazvo, nhasi uchava neni muParadhiso** (Ruka 23:39-43)

---

**Hurukuro:**

**19. Jesu akabvunzei nezvaMwari? ______________**

**20. Ndedzipi nenedzero dzaiiswa pamusoro pemuchinjiko? ______________**

**21. Mbavha yakaudza Jesu kutii? ______________**

**Mashoko ekupedzisira KunaMariya**

**Zvino pamuchinjikwa waJesu pakanga pamire mai Vake, nomunin'ina wamai Vake, Maria, mukadzi waKropasi, naMaria Magadarene. Zvino Jesu wakati achivona mai Vake, nomudzidzi Waaida, amirepo, akati kunamai Vake, "Mai, tarirai, mwanakomana wenyu!" Ipapo akati kumudzidzi, "Tarira mai vako." Kubva panguva iyo mudzidzi akavatora, akavaisa kumba kwake** (Johane 19:25-27)

**"Mwari Vangu Mwari Vangu ..."**

**Zvino kubva panguva yechitanhatu kusvikira panguva yepfumbamwe, rima rakavapo panyika yose. Nenguva inenge yepfumbamwe Jesu akadana nenzwi guru Achiti, "Eri, Eri ramasabakatani?" Ndokuti, Mwari wangu, Mwari wangu mandisiyireiko?"**

**Vamwe vakanga vamire po vachizvinzwa vakati, "Uyo unodana Eria!"**

**Pakarepo mumwe wavo akamhanya, akatora chipanje, akachizadza nevhiniga ndokuisa parutsanga. Akamunwisa. Vamwe vakati, "regai timbovona kana Eria achizovuya Kumuponesa"** (Mateo 27:45-49).

**Zvino Jesu wakati agamuchira vhinega, akati, "Zvapera! Baba, ndinoisa mweya Wangu pamaoko Enyu" Akakotamisa musoro wake, akabudisa Mweya Wake** (Johane 19:30; Ruka 23:46 kubva muna Mapisarema 31:5).

u

**Ipapo tarira chidzitiro chetembere chakabvaruka napakati, kubva kumusoro kusvikira pasi. Nyika ikadengenyeka, mabwe akatsemuka. Mabwiro akazaruka nemitumbu mizhinji yavatsvene vakanga vavete yakamutsva. Vakabuda pamabwiro iye amuka vakapinda muguta dzvene. Vakavonekwa navazhinji.**

**Zvino mukuru wezana navairinda Jesu naye vakati vachivona kudengenyeka kwenyika nezvakaitwa, vakatya zvikuru vakati, "zvirokwazvo uyu wakanga ari Mwanakomana waMwari"** (Mateo 27:51-54).

---

**Hurukuro:**

**22. Jesu airevei paakati, "Zvapera?" ____________________________________________**

**23. Chii chakaitika apo Jesu Akafa? ______________**

**24. Mukuru vezana akati kudii? _______________**

**25. Chii chakaitwa nemasoja kune mbavha?__________________________________________________________________________________**

**Zvino zvawaiva musi woKugadzirira paseka, vaJudha vakakumbira kunaPirato kuti akumbo avo avhunwe, vabiswe, kuti mitumbu irege kugara pamuchinjikwa nesabata, (nokuti zuva iro resabata raiva guru.)**

**Naizvozvo varwi vakavuya, vakavhuna makumbo owokutanga, noomumwe wakanga aroverwa pamuchinjikwa pamwe chete naye; asi vakati vachisvika kunaJesu, vachivona kuti watofa Hake, havana kuvhuna makumbo Ake, asi mumwe murwi wakabaya rutivi Rwake nepfumo, pakarepo ropa nemvura zvikabuda.**

**Uyo wakavona, ndiye wakapupura, vuye kupupura kwake ndokwe zvokwadi; iye unoziva kuti unoreva zvirokwazvo, kuti nemi vo mutende.**

**Nokuti izvozvo zvakaitwa, kuti Rugwaro ruitike, runoti, "Fupa Rake haringavhunwi." Norumwe Rugwaro zve runoti, "Vachatarira Uyo wavakabvovora."**

**Shure kwaizvozvo Josefa weArimatia, waiva mudzidzi waJesu, asi pakavanda nokutya vaJudha, wakakumbira kuna Pirato kuti abvise mutumbu waJesu; Pirato akamutendera. Ipapo akavuya, akabvisa mutumbu waJesu. NaNikodimo vo, iye wakambovuya kuna Jesu vusiku pakutanga, wakavuya anemura nearosi zvakavhenganiswa, mapaundi anenge zana.**

**Ipapo vakatora mutumbu waJesu, Vakamuputira nemicheka pamwe chete nezvinonhuwira, sezvinoita vaJudha pakuviga kwavo.**

**Panzvimbo iyo, paakaroverwa pamuchinjikwa, pakanga panomunda; mumunda imomo maiva nebwiro bwutsva, makanga musina kumboiswa munhu. Zvino vakaisa Jesu ipapo, zvawakanga uri musi woKugadzirira kwavaJudha,' nokuti hwiro hwakanga hwuri pedo** (Johane 19:31-42).

## MUKUTARISAZVE PAMUCHINJIKO

Makore anokwanisa kusvika zvuru zviviri akabviswa kubva pakaomarara, tikadzidziswa hupenyu hwedu hwose 'mukubwinya' kwemuchinjiko, zvinova zvakaoma kwatiri kuti tikwanise kudzosera mupfungwa dzedu izvo zvinova zvakasvika mukuitika kubva panguva iyo Pirato Akataura mutongo vekuroverwa Kwake pamuchinjiko, mukusvika pakukungurutswa kwedombo pabwiro raiva raJosefa, zvaitaridzika sekuguma kwekubwinya kwenyaya yaJesu.

Asi painge pasina chaifadza kuona parwendo rwekuGorogota. Jesu akafambiswa kwenguva yakareba, asina chikafu kana mvura. Achirohwa nemaJudha uye nekushungurudzwa nevaRoma. Kurohwa nechamboko chainge chakagadzirirwa kuparadza, nekumurwadzisa, iko kwakazondosvika pakumiswa nokufa Kwake, chapedza basa racho. Chiso chake nemuviri vake vainge uine zvironda nekuzvimba, zvekuti vaitotadza kumuziva, uye kurwadziva nezvironda zvainge zvakazara nemiviri vake. Ropa raingoverera zvisina airisunga nemucheka kana kuvharidzira kuti risabude kubva pazvironda zvaive pamuviri Vake, zvakare kubva pazvironda zvemumusoro Make zvainge zvabaiwa neminzwa. Zvino ropa reinge ragwamba nezvironda zvakasvika pakukwezva nhunzi netumwe tupukanana pamuviri Vake.

'Panzvimbo yeMadehenya,' Makumbo aJesu akatambanudzwa padanda remuchinjiko kuti vanyatsokumirovera. Chipikiri chechiRoma chakabairirwa mukukomererwa panyama yemiviri Vake, vachimuroverera pamuchinjikwa. Zvino setsika dzavo, muchinjiko vakasimudzwa neyambo mukumiswa vakatarisa mudenga, Murume vekupihwa mhosva aripo, muviri vake nesimba ravo vakatakurwa nezvipikiri zviviri zvainge zvakarovererwa mumaoko Ake. Tsoka yake yekurudyi yainge yakapesaniswa mukutorikidzwa kwezvitsitsinho, chipikiri chimwechete ndokuroverwa mutsoka mbiri dzakabatanidzwa.

Kuratidzwa kwemifananidzo yemumafirimu kunoratidza munhu akanyarara, zvakadzikama, uye zvinenge zvinerugare ari muchimiro chekunge akamira pamuchinjikwa, aine makumbo ake akanyatso kumisva zvakanaka. Asi munekumwe kufunga vanofanirwa kutangidza kubudisa chimiro ichi nemazvo.

> **Chiporofita cheTestamente Yekare:**
>
> **"Mwari wangu, Mwari wangu, mandisiyireiko?"** (Mapisarema 22:1).
>
> ---
>
> **Kukosha kwemucheka vemutemberi unova vakabvarurwa nepakati pakapa Jesu:**
>
> Mucheka vaive mutemberi vainge vakasungirirwa mukupatsanura "Nzvimbo Tsvene" mukubva "Muutsvene veHutsvene", kunzvimbo yaigara Mwari pakati pemakerubhi epaChigaro Chitsvene.
>
> Vapirisita vamwe vose vaingotenderwa kuenda mukamuri yekutanga, asiMupirisita Mukuru bedzi ndiye aitenderwa kupinda munzvimbo yeHutsvene Tsvene, asi kamwechete kagore, munguva yePasika, zuva rechibairo iro ravaiuya neropa rezvibayiro, kuti zvigoiswa paChigaro Chetsitsi pedyo naMwari.
>
> Mukufa kwaJesu, seMupirisita Mukuru pakati pedu, Akazvitorera ropa rake sechibayiro chekuzvipira kunaMwari nokuda kwedu (Vaheberu 9:24). Mucheka vemutembere vakabvarurwa kubva kumusoro kusvikira kuzasi (Hakuna munhu angave akaita sekudaro) Zvinova zvinoratidza kuti Jesu ainge ariye akaparadza mucheka uyo vaitipesanoisa, tarirai tose tinemukana Naye kubudikidza neropa raKritsu.

Simba rose remuviri rakabatwa nezvipikiri zviviri, rinofanirwa kuratidza huremu hwemuviri munekutsungirira kwekunge kurembera pasi nekukurirwa simba kwemakumbo zvinokonzera kukaka kwakakura kwetsinga dzemakumbo nembabvu dzemuchipfuva. Mbubvu dzemuchipfuva dzinosvika mukuve dzenooma mitezo, zvekuti mapapu haazokwanise kufema. Munhu haazvisarudzire kumira kufema; asi muviri unoshungirudzika kuti ukwanise kuramba uchifema, mukuregedzeka kwechipfuva mukurembera nekushaiva simba kwemakumbo kwaisvika mukusundidzira nekumanikidza chipikiri

pakati pemongo vetsoka, zvaiita kuti muviri uzame kusumuka mukurwadziva kuti akwanise kusunungura tsoka mukurwadziva nemaoko ake mukusimudzira chipfuva. Zvaiita kuti akwanise kufemera mukati, zvaisvika mukuunza kurwadziva kutsva mune mitezo yose irikumusoro kwemuviri Vake. Zvakaita seminzwa.

---

**Hurukuro:**

**26. Ipa mienzaniso miviri kuti sei vasina kutyora makumbo aJesu?**

**(1) ______________ _________ (2) _____________**

**27. Ndiani akaenda kuna Pirato kundokumbira mutumbi vaJesu? _____________**

**28. Ko Josefa naNikodhimasi vakagadzira sei mutumbi vaJesu mukundouviga? _____________**

yaive munyama, iyo yaibva yapushirwa kudehenya nedanda remuchinjikwa pamwe nezvipikiri zvaive mumakumbo ake zvaisvika mukuva nekurwadziva zvisingatsanangurike, zvekuti aitanga kudzikira kuzasi zvishoma nezvishoma kusvikira arembera muviri vose nesimbaravo mukutsigirwa nemaoko ainge akaroverwa pazvipikiri zviviri zvaive mumaoko Ake.

Panguva yose Jesu Aive pamuchinjikwa, kunze kwemarwadzo ekuroverwa neekurohwa muviri vose vainge vakuvara zvakaomarara, kunze kwezvipukanana zvaikonzera marwadzo pazvironda Zvake, nguva yose yaaizama kurwisana nekurwadziva kwaisatsanangurika, kwaibva mumbambu nemutsinga dzemuviri uye nekurema kwemuviri vake kubva pazvipikiri zvaive patsoka dzake nemumaoko Ake, haana chaaikwanisa kuita mukumisa marwadzo asi kuti aingochinjanisa kurwadziva kumwe kuenda kune kumwe, painge pasina zororo.

Masoja akabhedyerana magamenzi aJesu, sekufanotaurwa kwazvakaita naMwari kubudikidza naDavhidhi makore mazana zvisati zvaitika. Zvino, mukuzadzisa basa raaifanirwa kuita, vakatora zvizvimbo zvakatenderedza Nzvimbo yeMadehenya, vakagara pasi vachimirira nguva yekufa Kwake kwaizosvika kupedza basa ravo rekuuraya vapari vemhoswa.

Vapirisita nevazhinji veruzhinji, vainge vakatarisa zvakare asi vasina kunyarara kana kuva nechinyadzo. Kudainzira kwavo kwainge kwakazadza mumhepo, vachipikisa nekushoora Jesu kuti ainge achitadza kushandisa mamwe emasimba ake kuzviponesa ayo Aitaura kuti ainge ainavo. Kana ainge ari Mwanakomana vaMwari, zvirokwazvo iyi ndiyo nguva yaaifanirwa kuita chishamiso chekuzvibvisa pamuchinjikwa

**Vatambi:**

**Josefa VeArimatia:** muJudha ainge akapfuma aive mudzidzi vaJesu ainge akavanzika. Akakupira Pirzto bvumo yekundoviga Jesu.

**Nikodhimo:** mudzidzisi vevaIsraeri akauya kunaJesu mumadekwana Johane 3. Akabatsira Josefa veArimatia kuviga mutumbi vaJesu' zvinova zvakashandisa mari inosvika mapaundi mazana nemyrrh.

**Kuviga pachiJudha**

Kubudikidza Nechepakati kwecheKumabva zuva, mitumbi ndoyaivigwa, kazhinji maava makumi maviri nemana asati apfuura. Kuviga mutumbi kana kupiswa kwavo kwaitenderwa. Mutumbi vakagezwa (Mabasa 9:37). Mutumbi unomonerwa pamucheka, kazhinji unoiswa mafuta anonhuvirira anodura (Johane 19:40), nemucheka unoisva vakafukidza kumeso (Johane 20:7).

Mukufamba kwaiita nguva, kune kuitwa kwaiitwa kwekufukunurwa mapfupa mushure mekuora kwemutumbi, vaizovigwa kechipiri. Makuva mazhinji ainge aine mhango kubudikidza nokuitwa kwetsika iyi. Paine kutaurika kwekuti, "kuunganidzirwa kuna baba vavo", ndokutsanangurwa kwaiitwa chiito ichi.

u

**Kutsanangurwa Kwemuchinjiko Navana Chiremba**

"Kusamira zvakanaka kwechinhu panzvimbo kunokonzera marwadzo; kubaiva kwetsinga dzichiborwa mukupinda kwekukomererwa, nekurwadziva; zvironda zvichiputika, zvichifambirana pamwechete mutsinga - kunyanya mumusoro nemudumbu - munosvika pakuzvimba nekuda kwekunzvinyiririrwa mukuvedzera kweropa; uye musiyano kwaivedzera zvakaenderana, vanovedzerwa kwaari kupiswa kwenyota, nezvose zvinhu zvinokonzera matambudziko anouraya - anova muvenge akaipa asingaziikanwe, kazhinji zvinoonekwa kubudikidza nokudedera kukuru kwemunhu - zvinounza pfungwa yekunaka kwezvinhu" (Frederick Farrar, the life of Christ, pg, 33)

"sezvo maoko ainge aneta, chikakamarwadzo chainge chabata tsingadzose, zvakamubaya mukusunga kwakadzama, mumarwadzo akaomarara. Nokuda kwechikaka chemutsinga akatadza kuzvisimudza akabatwa nemaoko Ake, tsinga dzose dzemuviri dzainge dzabatwa nechikaka. Mweya vakatanga kuzvomorwa mumapapu, asi hauna kubuda. Jesu akarwisa mukuzvisimudza kuti akwanise kungofema zvechomanene. Mukupedzisira kabhonidhiyiokisaidhi yakazadza mapapu nemutsinga dzeropa, chikaka ndokuserera. Zvishoma nezvishoma akakwanisa kuzvisimudza nechemudenga kuti akwanise kuvana mweya unopa hupenyu hweokisijeni....

Maava mazhinji ekurwadziva kwairatidza kwaitaridzika kubva mativi ose nekurwadziva kwaibva kumusana kubudikidza nekubvarurwa kwakwaiita paaizama kuzvisimudzira mudenga achikwizira nomusana papuranga raimara zvino mamwe marwadzo aibva kumusana apo aizama kuzvisimudza nekudzika nedanda remuchinjikwa wairwadza nokuda kwekukwakwashara nekurwadziva kwemichipfuva nokuda kwemaronda ekurohwa zvakaomarara pamwe nekuchimiro chemamiro epamuchinjikwa.

"Zvainge zvino zvavepedyo nokudopera - kurasika kweropa remuviri kwainge kwasvika pachidanho chepamusoro. Moyo vainge uine marwadzo nekumanikidzika muchimiro chavo vakatanga kufambisa ropa nechisimba mukuzama kufambisa ropa nemutsinga dzainge dzakaita chikaka uye mapapu ayo ainge akazarirwa nokushaya mweya vekufema aizamavo kuti akwanise kufema. Apo tsinga dzinofambasa mvura neropa kuendesa kupfunga," (“The Crucifixion of Jesus: The Passion of Christ from a Medical Point of View”, Arizona Medicine, vol. 22, no. 3, March 1965, pp. 183-187.)

pamberi peruzhinji rwainge ruchimushoora. Zvirokwazvo vaisvika Mukutenda.

Kunyangwe mbavha mbiri dzaivepakuroverwa naye dzakasvika pakuva dzinoseka, asi imwe yakashanduka matauriro. Kuti tizive kuti ainge akamboona mukana vekudzidza kubva kunaJesu hatina kunge taudzwa asi, asi matauriro ake airatidza sokunge ainge akambovana mukana uyu nokuti airatidzika kuve ainzwisisa.

Maererano nechimiro: nekuda kwekusungwa kwaJesu, vaapostora vairatidzika sekunge vainge vakanganwa chinangwa chebasa Rake, umboo Hwake hwekuve Mwari, nevushe Hwake vaizouya. Vainge vachigara Naye, saka vaifanira kumuziva zvakanyanya, asi zvose zvakave zvinomedzwa nomuda kwekukudzwa Kwake. Kutya kwavo neugwara uye nekushaiva kutenda kwavo kwakaita kuti vose vatize kubva kunzvimbo yekutambudzwa kunze kwaJohane.

Panguva iyoyo uye nemabviro aisatarisirwa, kujeka nekubwinya kwekujeka kwakajekesa chiitiko. Murume ainge asina kutadza akazviuyisira mukupihwa mhaka yekuuraiva

pamuchinjikwo akasvika mukurohwa zvakanyanya, ropa rikaverera, mukufa kwakaita Jesu akati, **"Ishe...."**

Sei muchimiro chavainge vakatarisana nekupokana kudai mbavha, yakakwanisa kuona huMwari vaiva munaJesu uyo vaakadana kuti 'Ishe.'? *Nderupi ruzivo rwaakavana kubva kuna Jesu, ndezvipi zvaainge aksona kana kubzwa muhupenyu hwake zvinova zvakasvika pakumuita kuti ati Jesu ndiIshe.*

**"....Mundirangarirevo kana Muchinge Mapinda muvushe Hwenyu."**

u

*Iye akaziva sei kana kunzwisisa sei kuti, kunyangwe pamichinjiko, kuti kufa kwake kwaisamisa kuuya kwevushe hwaKritsu?* Kutenda uku nekunzwisisa kwezvokwadi kudai kwainge kwabva kupi? Mukutaura kwake, mukufunga nezvekufa kwake nekwaJesu vakatsungirira, ndizvo zvimwe zvinhu zvezvinhu zvinoshamisa zvinovanilwa muZvinyorwa.

Hazvona kushamisa mukupindura kutenda uku Jesu akati, **"Zvirokwazvo, Ndinoti kwauri, nhasi uchave neni kuParadiso."**


Kubva masikati kusvika nguva dzetatu dzekumadeuka zuva, nyika [uye maringe nezvinyorwa zvenhoroondo mune dzimwe nzvimbo, pasi rose] rakazadzwa nerima. Panguva iyoyo Jesu akanyengetera, **"Baba varegererei sezvo vasingazovi zvavanoita."** Akataurazve naamai Vake nekuna Johane kuti achengete amai vake.

Ave pedyo nekumagomo kwekutambudzika kwake Jesu anodeedzera mukurwadziva kwemweya vake, **"Mwari Vangu, Mwari Vangu, Mandisiirei?"**

Mapisarema 22, pisarema rekutsanangurwa kwemuchinjikwa muchiporofita, rinotanga nekuchema uku. Airevei? Ainzwei nokunge asiiwa? Zvose zvakaitika mukutongeswa nepakuroverwa zvakaitika sekufanotaurwa kweruzivo rwaMwari. Zvose izvi zvaive zvakakosha muhurongwa hwerudzikunoro rweruponeso sekurongwa kwazvainge zvakaitwa kuvambwa kubva pakutanga nheyo dzenyika dzisati dzavepo. (Zvakazarurwa 13:4-8) Saka, Akazosiiva sei?

Pada kufunga uku kunobatsira kupindura mubvunzo: Nderini mwana vaMwari akaberekwa mumhuri yaMwari, muviri vake vakave nzvimbo yeugaro yeMweya Mutsvene (1 Vakorinte 6:9). Takapihwa chenjedzo kuti kuita kwedu kunochemedza Mweya (VaEfeso 4:30), *kudzima* Mweya (1Tesalonika 5:19), uye kuti tikatadza Mweya *unotisiya* (VaHeberu 10:25-29; 6:4-8; 2 Vakorinte 13:5).

Jesu Kristu **"akaitwa muzvinhu zvose kufanana nehama Dzake."** Muhupenyu hwake hwose aisangana nemiyedzo, sezvatinongoitawo, asi Iye haana kubvira atadza. Sedangwe muMhuri yaMwari, akapihwa Mweya Mutsvene usina magumo. Zvishamiso zvake zvaiitwa kubudikidza nesimba raibva kuna Mwari, kubudikidza noMweya. Mukururama Kwake, Kufambidzana kwake muhukuru hwaMwari kwaive kwechokwadi uye kwakakwana. Asi mukufa kwaJesu' Iye akaitwa **"mutakuri vechivi" -** kwete kuti Iye, Pachake, aive mutadzi, asi manzwi aIsaya 53:6 anobudisa pachena zvakaitika:


Bwiro raiwe mubindu muJerusalema

**Tose tainge semakwai akarasika, takatarisa mumwe nomumwe kunzira yake; Uye Ishe <u>akaisa paari kutadza kwekuipa kwedu kwose Kwaari.</u>**

Nguva yekutakura yakati yasvika, apo kuipa nekutakura kwezvitadzo zvedu zvakave Zvake, ipapo Mweya Mutsvene vakabviswa muMwanakomana voMunhu kubudikidza nekudururirwa kwakaitwa zvivi pamusoro Pake. Kubudikidza nekusiwa kwakaitwa Mweya vake, Jesu akadanidzira, **"Mwari Vangu, Mwari Vangu, Mandisiireyi?"**

---

**Hurukuro:**

**29. Jesu aive nesimba rekuburuka kubva pamuchinjikwa here? Sezvaainzi aite? ________**

**30. Kana dai akazviponesa pachezvake dai akaponesa ruzhinji rwevanhu here? ________**

**31. Tsanangura nyaya yembavha iyo yakadana Jesu kuti "Ishe."**

Munguva yekurwadziva iyi, tinoona Shoko richizvibvisa kodzero dzaro nemasimba ehuMwari uye nekusiiwa neMweya vaMwari. Tinomuona achifa ari oga seMwanakomana veMunhu, nokuda kwezvivi zvevanhu. Asi mukuvedzera kune ruzivo uru, takafanirwa kucherechedza chinhu ichi: kubudikidza neruzivo rwechiJudha pamusoro peMapisarema, kuchema kwaJesu kwakavarangaridza mupfungwa dzavo dzimwe ndima dzezviporofita zvemapisarema zvainge zvakatsanangurwa zvaiitika panguva iyi mumeso avo! Umboo hwakadii kuchokwadi chake chaaigaro taura kuva Mwanakomana vaMwari naMessiah ainge akavimbiswa!

**Ndima kubva kunaMapisarema 22:**

Izvi zvinyorwa zvechiporofita maringe nekuroverwa KwaJesu: **"Mwari wangu, Mwari wangu, mandisiyireiko? Munomirireiko kure pakundibatsira, napamashoko okugomba Kwangu?**

**"...Asi ini ndiri honye, handizi munhu; Ndiri chinhu chinozvidzwa navanhu, chinoshorwa navanhu vose.**

**"Vose, Vanondiona Vanondiseka; Vanoshamisa muromo, vanodzungudza misoro, vachiti, Chizviisai kuna Jehovha; iye ngaamurwire; Ngaamurwire, zvaanomufarira iye!'**

**"...Ndakadururwa semvura, Mapfupa angu ose akasvodogoka; moyo wangu wakafanana nenamo; Wakanyauka mukati moura hwangu. Simba rangu rakaoma sechaenga; Rurimi rwangu rwakanamatira pashaya dzangu; Makandiisa paguruva rorufu.**

**"...Nokuti imbwa dzakandikomberedza; Ungano yavanoita zvakaipa yakandipoteredza; Vakaboora maoko angu namakumbo angu; Ndingaverenga mapfupa angu ose; Vanonditarira nokundinan'anidza; Vanogovana nguvo dzangu pakati pavo, Vanokanda mijenya pamusoro pehanzu yangu" (Mapisarema 22).**

Mushure mechikumbiro chekuti, **"Ndanenyota,"** Jesu wakaita izvo Mwari akamupa simba rekuita (Johane 10:18): Airatidza masimba ake pamusoro pehupenyu. Achigadzirira kuzvipa kurufu, Iye akadeedzera kuti **"Baba, ndinoisa Mweya Vangu mumaoko Enyu,"** uye akazivisa magumo ebasa reruponeso: **"Zvapera."** akarereka mutsipa Vake achitendera mweya Vake kusiya muviri Vake.

---

**Hurukuro:**

**1. Zvinorevei kusunungura mumwe munhu?**

**2. VaSanhedrini vakapa mhosva Jesu nokuti Ainge ati Mwanakomana vani?________**

**3. Ndiani akafanotaura kutambudzwa nekufa kwaizoita Jesu, makore mazana manomwe chiitiko ichi chisati chaitika?**

**4. Chii chakanetsa uye chainge chisina kuJairika pamusoro peruzivo nekutenda kwembavha yaive pamuchinjiko?**

**5. Jesu akaitwa ________ kwatiri, kuti tive _________ vaMwari Maari (2 Vakorinte 5:12).**

**6. Jesu akava mutadzi here?**

**7. Chii chakaiswa pana Jesu?**

**8. Ndeapi manzwi aJesu ekupedzisira asati afa? Chii chaakati zvapera?**

u

## *Kufa Panyama Ndivo*

## *Vaiva Mutengo Bedzi Here?*

### Chitsauko Chechisere



**Usati Vaverenga Chitsauko Chino, Ndapota Cherechedza:**

**1. Chidzidzo hachisi kuti Jesu akave mutadzi.**

**2. Hapana chinangwa chekuderedza chiitiko chinotyisa uye nefaniro yekuroverwa.**

**3. Uku kuedza kuisa zviviri nezviviri pamwechete, kuti tinzwisise muripo weruponeso rwedu.**

Zvakavenyore mukutaurwa, chibayiro ichi, kubudirira kwemakore: **Kristu akafa nokuda kwedu.** Asi, tinozvitora sei kana tichitarisa muripo uyu!

Mushure mezuva iri mamiriro ezvinhu akange akaitasei? Mwari usingaperi, ainge asina chivi, Mumwe akaparadzaniswa nechivi kubva kuzvisikwa zvaaida. Munhu aive asina mhosva yepanyama nepamweya yaakaita pamusoro paMwari. Ainge asina simba rekubvisa zvivi izvi pamuviri Vake, kunze kwerufu.

Maoko aMwari pachezvavo aiita seakasungwa. Kuti akwanise kuva anoruramisira chivi kuti chigare chisina kutongwa, zvinova zvakakosha kuti kuita kwavo hakuperi uye hakuchinje, rudo Rwake runoshuvira kuvedzera ruregerero. Sezvo munhu asina chinhu chekupa zvinopindirana neukoshi vemiviri usingafi, unova usingabatsiri. Zvinova zvakakosha, kana kuregererwa kwakapihwa, Mwari anogadzira nzira.

---

**Hurukuro:**

**1. Muku "nyatsopatsanura" Zvinyorwa pamusoro paJesu Kristu, ndepapi pane mutsara vepatsanuro pakati pehuvepo Hwake seshoko uye seMwanakomana vaMwari?**

**2. Unotsanangura sei magumisiro "ekusvidurura Pachezvake"?**

**3. Vanhu vangani vakasiyaniswa naMwari nokuda kwezvivi zvavo?**

u

**Chii Chinotendwa nemaHindu**

"MaHindu anotenda kuti munhu akazvimirira (mweya) unodarika nehurongwa nechinambwe chakakura chekurarama, uchipinda mune miviri yakasiyana siyana, uye kuitika uku kuchiramba kuchidaro zvichingodzokorora mukuzvarwa, mukufa, nemukuzvarwa zvakare.

"Uwandu vezvinoshuvirwa nemunhu, manzwiro, mafungiro uye nemaitiro anoratidza kuita kwake. Kuitika kwekuita kwemuviri vakararama vekutanga unenge vakapfekwa nemweya mukurarama kunoteera. Zvinokwanisika kudimbura kuvepo kweumwe muviri 'vesamara' (pakuberekwazve).

Nzira dzakasiyana dzinorerutsa mutoro vekuitika kwechinhu runowa: ruzivo rwaBrahman, atman nerwenyika; kuita kusina kuzvida; kudzama nekuita seusina pfungwa nekuita; uye muunganidzwa vezvakakwana mukuzvipa kuna Mwari kuti upihwe nyasha dzaMwari dzinosvika mukupedza kuitika kweumwe muviri.

"Ndiwo mutemo vekarma, uyo unochinja Mwari nekutenda kwezvakanaka nezvakaipa zvinoitwa, zvinosarudza pakuberekwazve. Zvinokwanisa kutaurwa kuti munhu anosvika pakupihwa murango nokuda kwekuita kwake kwakashata usundidzirwa nokuda kwekuipa kwake, kwete kwavo." (**Teach Yourself Hinduism** by V. P **Kanitika and W. Owen Cole)**

Matambudziko:

**(1)** Chii chakafanirwa kupihwa nemutadzi sechibayiro chakakosha kuna Mwari?

**(2)** Sei kuine kuberekwazve kuchidzokorodzwa (sezvinodzidziswa nemaHindu) zvinobatsira here kuchenesa zvivi sezvo kuberekwazve chiri chemwe chikamu chekudzokorodzwazve kuzvarwa

**(3)** Zvinokwanisika kuti munhu ararame hupenyu hwakarerama here?

## Maitiro aMwari Padambudziko

Muviri vakagadzirirwa Shoko, Akazvarwa seMwanakomana vaMwari, mumwe akava navanhu, uye akagara ari munyama kwemakore makumi matatu nematatu. Uye muviri vakatambudzika rufu rwekuroverwa. Muripo vakaripwa kamwechete kuna vose. Ruregerero rwakavepo kune avo vakarigamuchira.

Asi nokuda kwekunyatso nzwisisa, regai tibvunze mubvunzo:

Chivi chainge chairi pamunhu chaive chepanyama zvose nepamweya, mubairo vacho uri vakaitwa mukurwadziswa panyama uye rufu, asi chivi zvakare chinounza kufa rwemweya.

kusingaperi kubudikidza nekuparadzana kubva kuna Mwari. Kururamisa kwaMwari kunoda muripo uyo unoenzanisa pamusoro pechivi.

**VaRoma 6:23: "Mubairo vezvivi irufu...."**

**1 Petro 2:24: "...iye wakatakura amene zvivi zvedu mumuviri wake pamuti...."**

**2 Vakorinde 5:21 "...sezvo wakamuita kuti ave zvivi nokuda kwedu; kuti isu tive kururama kwaMwari Maari."**

**Isaya 53:6: "Isu tose samakwai, takanga takarasika , takatsauka mumwe nomumwe nenzira yake; vuye Jehovha akaisa pamusoro Pake kuipa kwedu tose."**

Kusingaperi kubudikidza nekuparadzana kubva kuna Mwari. Kururamisa kwaMwari kunoda muripo uyo unoenzanisa pamusoro pechivi.

Shoko rakasiya kubwinya kwedenga, ndokurarama makore makumi matatu nematatu mumuviri venyama. Zvakare akatambudzika mukufa kwemiviri uyu.

Asi shoko rakararama nokusingapereri. Haana mavambo kana magumo. Saka, pachokwadi, chii chiri pamakore makumi matatu mumuviri vakagadzirirwa, enzanisa nekurarama Kwake kusingaperi? Uye nekutyisa kwechiitiko chinotyisa chekuroverwa pamuchinjiko, vaive musuvo vekubuda kubva kwemuviri vemunhu. Ko Zvinyorwa zvinotaridza here

u

Hurukuro:

**4. Zvinyorwa zvinotaura sei kuti chivi chakatipesanisa naMwari?______________**

**5. Ndeupi "muripo" vechivi? ___________**

**6. Ndiani akaitwa mutadzi nokuda kwedu? ______________**

kuti kwaiva muripo vechibayiro? Kana tikanyatso teerera, tininatsoona kuti kune zvizhinji zvakataurwa muZvinyorwa pamusoro pemuripo veruponeso rwedu.

Ngatiratidzei: chivi chakakura chinosvika pakuparadzanisa munhu kubva kunaMwari vake. Kunyangwe nazvino, kurarama pasi pemureza vekuregerera, Mwari anobvunza pamusoro pevana vake:

**... kuti muise miviri yenyu, chive chibayiro chipenyu, chitsvene, chinofadza Mwari, ndiko kunamata kwenyu kwomoyo** (VaRoma 12:1).

Chido chaMwari *nhasi*, haadi kunyangwe zvishoma kubva kwatiri kudarika kuzvipira kwedu munezvomweya nepanyama mukumushandira Iye. Zvino toti, zvinoitika here kuti chibayiro chepanyama chega chinogamuchirwa semubhadharo vakakwana vechivi vakakwana here?

Vamwe vanokwanisa kupa chikonzero kuti, "Asi zvinoitika nokuti Jesu aive Mwari akafira munhu" Asi *ko* Mwari anofa here? [Yeuka, Iye aiva Shoko nekusingaperi, rakashongedzwa mumuviri venyama vainge vakagadzirirwa Iye.] Ko Mwari unofa here? Hazvibviri! Saka, kana usiri Mweya vaKritsu vakafa, kana chibayiro chisipo pakugadzirwa muviri vepanyama, zvino chibayiro ichi chingaenzaniswa sei nekutongwa kusingaperi kwemweya kuchivi?

Chibayiro chinoitwa bedzi muchimiro chinoonekwa mukuitwa kwacho kwose sechibayiro muzvivi zvemweya? Ko chinhu *chepanyama* chingapihwa *zvepamweya* here? Hazviitike nokuti zvinhu zvenguvaduku zvepanyama hazvingaenzaniswa nechimiro chezvinyu zvemweya.

## Rufu, Chinhu Chakatisunganidza

Munhorondo dzebhaibheri, iropa rechibayiro rakaitwa muripo vezvivi zvose, munguva yakafanira apo gwayana raMwari raizouraivo nokuda kwenyika. Ndiro ropa Rake rakatisuka (1 Johane 1:7) Zvaiva

**Zvivi zvekusaterera**

**...kana shoko, rakanga rataurwa navatumwa, rakanga rakasimba, vuye kana kudarika nokusaterera kwose kwakapiwa mubairo wakarurama, ko isu tichapukunyuka sei, kana tisinehanya nokuponeswa kukuru kwakadai...? (VaHeberu 2:2,3).**

**Zvivi zvepfungwa**

**Makanzwa kuti zvakanzi kuna vekare, "usavuraya. Aninani unovuraya uchapara mhosva ingatongwa."**

**Asi ini ndinoti kwamuri, unotsamwira hama yake pasinemhaka, uchapara mhosva ingatongwa. Unoti kuhama yake Raka, uchapara mhosva pamakurukota. Unoti benzi uchapara mhosva kuti atongerwe Gehena romoto. (Mateo 5:21,22).**

**Chivi chemuviri**

**Tizai vupombwe. Zvivi zvose, zvinoitwa nomunhu, zviri kunze kwomuviri; asi unoita vupombwe, unotadzira muviri wake.**

**Hamuzivi here kuti muviri wenyu itembere yoMweya Mutsvene, uri mukati menyu, wamakapiwa naMwari? Hamuzi venyu;**

**Nokuti makatengwa nomutengo; naizvozvo kudzai Mwari mumuviri wenyu vuye mumweya yenyu iri yaMwari (1 Vakorinte 6:18-20).**

u

**"...asi neropa Rake chairo, kamwe , zvikapera, panzvimbo tsvene, akatiwanira rudzikinuro rusingaperi.** [kwatiri] (VaHeberu 9:12).

**"... Nokuti kana ropa rembudzi nerenzombe namadota etsiru, kana zvichisaswa pamusoro pavakasvibiswa, zvichivaita vatsvene, kuti vanatswe panyama, zvikuru sei ropa raKristu, iye wakazviita noMweya usingaperi chibayiro kunaMwari, chisina chachingapomerwa, richanatsa kana dzedu pamabasa akafa, kuti tishumire Mwari mupenyu?"** (VaHeberu 9:13,14).

Tinotaura kuti Kristu akafa nokuda kwedu, zvirokwazvo Iye akatifira. Apo akati **"Zvapera,"**

ruponeso rwemweya yose yaiteerera nguva dzose yakasimbiswa. Chibvumirano chakanyoreranwa nechisimbiso chakaitwa neropa Rake. Uyo ainge asina kubvira atadza maringe na1 Petro 2:24

**... Akatakura zvivi zvedu pamuviri Vake pamuti ....**

2 Vakorinte 5:21 inotsanangura ichienderera mberi

**Uyo, wakanga asingazivi zvivi, wakamuita kuti ave zvivi nokuda kwedu; kuti isu tive kururama kwaMwari maari.**

**... Jehovha akaisa pamusoro pake kuipa kwedu tose.** (Isaya 53:6).

Ndima idzi dzinoziikanwa nevadzidzi veBhaibheri, asi dzinorevei? Zvivi zvedu zvakapihwa sei kuna Kritsu? Zvakaitwa sei kuti ave 'nezvivi' nokuda kwedu? Takava 'vakarurama' sei Kwaari?

Kristu Akava mutadzi here? Kana kuti ndima iyi irikutaura kuti akaitwa chibayiro chedu, mukuita kwakafanana nekwaiitwa sekuitwa kwekare?

**Kwete, Zvinyorwa hazvitaure sekudaro kuti Kristu aive mutadzi. Haana kubvira aita chivi, sevatadzi venyika ino 'vaitadza'. Asi, Iye aive akadarika muviri zvavo ungapihwa kuva mufananidzo yechibayiro.**

Kuenzanisa kwakavepo pakati paKristu nemunhu. Kururama kwatakazoita mushure kwake ndekwechokwadi. Iye 'akaita anechivi' *kutadza **kwakaiswa Pake***, zvaiva zviri pachokwadi. Sei zvakaita sokudaro?

Nokuti chimiro chaMwari vakururama voga ndivo vanokwanisa kumira pamberi pake, uye chivi chinobviswa bedzi kubudikidza nokufa. Sezvo kurwara chiri chiratidzo chekuti pane chinhu chisina kumira zvanaka mumuviri yedu, saka kufa kwaKristu kuratidzwa kwechinhu chinehudzamu chakaitika Maari. Chingava chii?

**Gehena neKutongwa Kusina Magumo**

**Vakaipa vachadzokera kuSheori, Ivo vahedheni vose, vakakanganwa Mwari (Mapisarema 9:3).**

**Vatadzi vari paZiyoni vanotya, vasingadi Mwari, vabatwa nokudedera. "Ndianiko pakati pedu angagara nomoto unoparadza? Ndiani pakati pedu angagara nokupisa kusingaperi?" (Isaya 33:14).**

**Zvino uchati kuna vari kuruboswe, "Ibvai kwandiri imi makatukwa, muende kumoto usingaperi, wakagadzirirwa Diaborosi navatumwa vake" (Mateo 25:41).**

**Gungwa rikabudisa vakafa vakanga vari mariri; norufu neHadhesi zvikabudisa vakafa vakanga vari mazviri; mumwe nomumwe akatongwa sezvaakabata.**

**Ipapo rufu neHadhesi zvakakandirwa mudziva romoto. Ndirwo rufu rwechipiri, ndiro dziva romoto. Zvino kana munhu akawanikwa asina kunyorwa mubhuku yovupenyu, wakakandirwa mudziva romoto (Zvakazarurwa 20:13-15).**

**Rufu mubairo vezvivi** (VaRoma 6:23). Munhu akange akasvibiswa nechivi, haakwanise kuenda pamberi paMwari. Zvino tinokwanisa sei kuva vana Vake? Kubudikidza nekururama kwaKristu, kwaakapa kwatiri uye kukava kwatiri kucheneswa kweropa mumeso aMwari. Tinopinda pamberi pake sevanakomana nevanasikana vasina zvitema nokuti, **"takava vakarurama vaMwari kubudikidza Naye".**

Mumuono mumwechete vepfungwa, kunova kukanganisa kuita kwose kwekururamisira kwaKristu Uyo akaitwa chibayiro seMwanakomana vaMwari aive asina zvitadzo. Sei Iye akafa? Ko kururamisira kwakaenzanisirwa here? Zvinyorwa zvinopindura mibvunzo iyoyi: **"Maari Iye makaiswa kutadza kwedu kwose ..."** Zvitadzo izvo Iye akafira yaive nzira yaMwari yekurangarira saKristu vechokwadi semutsvene umo takaponeswa. Kunyangwe ainge asina kuita kana chivi chimwechete hacho, muripo vekutadza kwedu vakaiswa Kwaari uye Iye Akabva ave chibayiro chekucheneswa kwedu.

### Ko Muripo Vakabhadharwa Sei?

Kutsanangura kurinyore uko kwakadyairika kunokwanisa kutibatsira kuva nemufananidzo vekuti chibayiro chaKritsu chakaitwa.

Munhu muhupenzi vake anozvipinza muchikwereti chikuru chaasingakwanise kubhadhara. Anoendeswa pamberi pedare uye ainge atarisana nekutongwa maringe nemhosva yake: kutongerwa rufu, panyaya yake. Banga rinoshandiswa kudimbura musoro richangobudiswa Mukoma vake vanobva vasvika vachitaura kuti, "Ndinoda kutingerwa mhosva yechikwereti chake. Anovaudza kuti vaverenge zvose nezvimwe zvaizouya kumberi kuti zvive zvake agozvibhadhare." Nokudaro mutongi anotenderana nazvo. Mapepa anoratidzwa nekunyorwa - zvakasimbiswa pasi pemutemo - muridzi vechikwereti akasunungurwa ndokuenda zvake akasununguka.

Zvino Mukoma vake vakabva vaenda mukuchekwa nebanga ipapo here? Kwete. Neropa rake, ainge aita chibvumirano **chekubhadara chikwereti,** saka Iye Akabhadhara - haana kufa. Aive nemazana emari muhomwe yake yemari, saka, akatora chikero chikurusa ndokupa kuna kuna muchuchisi vedare. Chikwereti chakaripwa; Haana kuenda kutirongo, uye hakuchisina chinoitika kumunhu vese. Ko sei Mukoma vasina kufa nokuda kwechikwereti?

Chido chaMwari hachipo kuti pave *neanoenda* kugehena (kunotambira nemutongo usina kubhadharwa); Chishuwo chake ndechekuti chikwereti chibhadharwe. Munhu ainge asina chaainacho chekuti aikwanisa kubhadhara, Shoko risina zvivi rakasvika pakupindira mumhosva dzedu. Neropa Rake, akaita chisimbiso chekunyora chibvumirano chekubhadhara chikwereti, saka Iye akaripira - Iye haana kupa mweya vake kugehena. Iye aive nehomwe *yepamweya* yainge yainge yakazara yakaenzana muhukuru hwaMwari, ndosaka akakwanisa kuripira nechikero chikuru chinova chaakapa "muchuchisi vedare." Chikwereti chakapedzwa, mununguna vekuita hupenzi haana kungoponeswa bedzi asi kuti akasvika mukuva mudyi venhaka yamukoma vake. Zvakare, ainge akavimbiswa kuti, munguva dzaitevera aizoenda kundogara kuimba yaMukoma vake nekusingapere. Zvose zvaaida aizvipihwa uye zvikwereti zvose zvaaizoita zvainge zvakaripirwa naMukoma vake murudo.

Maonero ako: Ko Kristu akafa **here**! Zvirokwazvo, muviri Vake vepanyama vakaroverwa - chibvumirano chakanyorwa chaive chekudeuka kweropa chinova chakatamisa chikwereti chedu

u

kuchiisa muzvinyorwa, saka isu sevakwereti takacheneswa.

Asi pamuchinjiko, Kristu ainge zvino atakura zvivi zvose - mutoro vechivi - zvainge zvakaiswa muzvinyorwa Zvake. Mubvunzo unobva vati: "Ko akaenda kugehena here pachinzvimbo chedu? Akazvichenesa sei kubva kuzvitadzo zvedu zvezvivi?"

Ngatitarise zviratidzo zvose pamusoro peShoko - Jesu Kristu - Muponesi. Mukutanga Iye Aive muhurongwa hweruenzano muhukuru hwaMwari. Kuti Akwanise kuita mutsa zvaida kuzvidurura, nekugadzirwa muzvinhu zvose kufanana nehama dzake. Ndiye akave nesu, asi Haana kubvira atadza. Iye akafira zvivi zvedu - uye mumufananidzo vokusingapere Akaramba ari mumwe nehama dzake! Sei?

**Tinokwanisa kuzvikurukura nenzira iyi:**

**CHIVI CHAKAMEDZWA MUKURURAMA.**

**Pakutanga, Mwari neShoko Vaive muhurongwa veruenzaniso**

**Shoko Rakazvidurira**

**kuti riitire mutsa**



**Muchinjiko ndivo nzvimbo yekusangana**

**yezvivi zvichimedzwa muutsvene nekubatanidzwa sehama naKristu**

**nemutsa takasunganidzwa**

**pamwechete neropa Rake iro**

**rakavhara zvivi zvedu.**

**Pamuchinjiko, Jesu**

**'akava nechivi' uye asiri *mutadzi.***

**Munhu akasimudzirwa nemuchinjiko kuti ave mwana**

**vaMwari muna Kristu, 'nokuitwa mutsvene' Maari.**

**Munhu asina Kristu akarasika muchivi**

**Chakavanzika Chakatsanangurwa**

1 Timotio 3:16 inotaura pamusoro pezvikuru zvakavanzika zvoumwari:

u

**Mwari wakaratidzwa panyama, wakaruramiswa pamweya ....**

Tinonzwisisa kuti "Mwari" mundima iyi anonongedzerwa kuShoko, apo rakazvidurura nekutora muviri vemunhu - kuti agova Kristu. Asi, zvinorevei, *kuti Iye ainge* ***akatsanangurwa muMweya?***

Ngatifunge zvinehungwaru pamwechete: pamuchinjikwa tinoona mukova vevanhu achifira zvivi zvemunhu sezvo ainge azviita zvake. Ruponeso rwedu rwakatora ropa raKristu. Nokuda kwekufa kwake ndiko kwakaita kuti zvivi zvedu zvibviswe muzvinyorwa zvemhosva dzedu dzakaitwa Dzake. Taka**sunungurwa; takasukwa tikacheneswa neropa Rake!**

Asi kucheneswa kwedu kwakakonzera kuturirwa kwezvivi zvedu kuna Muponesi. *Zvino chikwereti* ***chedu*** *kunaMwari chakave* ***Chake.*** Iye Akazviita sei kuti Akwanise kubhadhara zvivi zvose izvo zvainge zvadururirwa Kwaari? Muripo vekuyananiswa *kwepamweya* - veku**ruramisira** - vakatorwa kubva mukuenzaniswa Kwake *pamweya* vemuhukuru hwaMwari.

Kodzero nemasimba, ayo aivanikwa paShoko akasvika mukuiswa parutivi kuitira kuti akwanise kufanana muhumwechete Iye nehama dzake, asi zvino zvaari zvakadzoswa kuve vaneruenzano mukuita muhukuru hwaMwari. Chivi chemunhu chakabviswa naKristu murufu rwake, zvakadururwa pamusoro peMweya Vake sekuitwa kwazvakaitwa kumashure pamusoro pemweya vemunhu. Maive ***muMweya*** umo Iye ***akatsigira.***

VaHeberu 9:14 anoenderera mberi mukutsanangura kuonekwa kwechibayiro Chake:

**"... zvikuru sei ropa raKrsitu, Iye wakazviita noMweya usingaperi chibayiro kunaMwari, chisina chachingapomerwa, richanatsa hana dzedu pamabasa akafa, kuti tishumire Mwari mupenyu?**

Akazviita kubudikidza noMweya Uyo akauita chibayiro chakachena kunaMwari. Kristu Akarurama nokusingaperi munzvimbo yomweya aive Akakwana kuti abhadhare kune zvose zvivi izvi zvevanhu, zvakare nekutaridzwa ari akarurama pamberi paMwari sezvakaratidzwa muna VaHeberu 2:10:

**... wakaita zvinhu zvose, pakuisa kwake vanakomana vazhinji pakubwinya, akwanise Mutungamiriri wokuponeswa....**

Chisunganidzo chaMwari nevanhu raiva ropa Rake. Chibvumirano chake pane chikwereti chedu. Apo kushandurwa kwezvivi zvedu kuiswa pamusoro pake akaitwa mutadzi, asi Iye akasvika pakuzvichenesa. Mushure 'nekuva nezvivi' nokuda kwedu, akabhadhara muripo vekutadza kwedu kuti tikwanise kumira pamberi paMwari munezvakakwana muropa raKristu, zvichireva kuti Iye haakwanise kudzokera kumashure kuzvimbo yake yekutanga yeruenzano. Tiri vashambadzi vaakatenga neropa rake, uye nekucheneswa kwechikwereti kubva mukuripira kwake zvichireva kuti haakwanise kubvisazve muripi uyu vakabhadharwa. Chokwadi ichi chakabuidiswa muZvinyorwa maererano nehuvepo hwake uye nehukama naMwari kubva pakukwira kudenga.

| |
|---|
| Izvi zvakava chibairo chisingaperi - kuti arambe ari Mwanakomana, anozviisa pasi paBaba, kuitira kuti vanofa vachazosimudzirwa kubva mukutongwa kwechivi mukuitwa vana vaMwari! ndivo mavaniro atinoita ruponeso kwatiri |

Mupfungwa Iyi mabasa akaitwa uye hakuna kudzokera kumashure. Chidhindo chakadhindwa, paruponeso pamwe nemuripo vacho kuna Mwari. Tinoona chokwadhi ichi chichitsanangurwa pachena neZvinyorwa muchikamu chinotevera chezvidzidzo zvedu.

(1) Akazvudurura, akaisa parutivi kodzero dzekushandisa masimba Ake.

(2) Iye akazviita muchisungo chemuviri vemunhu, akaitwa muzvinhu zvose sevanin'na vake vevanhu.

(3) Vakatora zvikwereti, uye kufa kwedu kwepanyama nekufa kwepamweya, saIye - **akazvisunganidza nevanhu Iye pamuchinjiko. Ropa Rake, rakayananisirwa unova muripo vakabhadharwa kwatiri.**

**(4) Semagumisiro, chikwereti chechivi chedu chakaverengwa pamusoro pezvinyorwa Zvake:**

- **Zvinyorwa *zvedu* zvakacheneswa neropaRake:**
- **Zvinyorwa Zvezvikwereti zvezvivi zvedu [Kururamisirwa kweMweya Vake] Zvakacheneswa nechibayiro chekusingaperi cheruenzano muhukuru hwaMwari (1 Vakorinte 15:24-28).**



## *MUSHURE MERUFU*

### CHIKAMU CHEPFUMBAMWE

**Jesu akataura kuti, "Mwanakomana womunhu unofanira kuiswa mumavoko avanhu vakaipa, aroverwe pamuchinjikwa, agomuka nezuva retatu" (**Ruka 24:7).

Vanhu vazhinji vakagadzira zvinhu zvitsva muzvitendero, uye vane vateedzeri vanotenda mavari.

Vamwe vevarume ava vakafa sevatsvene vanofira chokwadi chezvavanodzidzisa. Chinhu chimwechete chinoshamisa chinemusiyano pakati pawo naJesu Kristu, kunyangwe, tiine vazhinji vavete mumakuva vakamirira rumuko. Asi Jesu akaratidza Iye kutaura kwake, **"Ndini kumuka novupenyu...."** (Johane 11:25), kubudikidza nokubuda mubwiro nezuva retatu, sekutaura Kwaakaita kuti Aizomuka. Rumuko pachezvaro ichokwadhi chenhoroondo - chokwadi chisina anoramba. Kuda kunzwisisa munechidzidzo ichi hakusi pakuona rumuko sechiitiko, asi pamusoro paJesu Kristu sekurarama kwaakaita uye nekuramba achirarama mushure mekukunda mekukunda Kwake rufu.

Chimiro ChaKristu Murumuko

Tinoziva kuti kubva kumagumo, kusvika paanozvarwa seMwanakomana vaMwari, rinova Shoko rakatorera chimiro chaMwari.

**Mwari ndiMweya...** (Johane 4:24).

---

**Hurukuro:**

**(1) Chii chinoreva "rumuko"? ______________**

**(2) Ko vatungamiri vechiJudha vaizama nepavaigoma kuti vadzidzi kuti vasakwanise kuita "nhema" vachiti Jesu amuka kubva kuvakafa (Mateo 27:62-64). ______________**

Saka, Shoko raive Mweya. Zvisinei, apo Akazvidurura. Akazvarwa munyama sezvakaita munhu venyama (VaHeberu 2:14). Akafa semunhu.

Iye Akamuka kubva muguva akaita sei? Se Shoko, seMweya? Kana semunhu akamuka? Ruka 24:36-43 inopindura mibvunzo yedu:

**Vakati vachataura izvozvo, akamira pakati pavo amene, akati kwavari, "Rugare ngaruve nemi!" Asi vakavhunduka, vakatya kwazvo, vakati zvimwe vavona mweya. Akati kwavari,**

**"Munomanikidzwa neiko? Mifungo inomukireiko mumoyo yenyu? Tarirai zvanza zvangu netsoka dzangu, kuti ndini ndimene. Ndibatei, muvone, nokuti mweya haunenyama namafupa, sezvamunondivona ndinazvo ini."**

**Wakati areva izvozvo, akavaratidza zvanza zvake netsoka dzake. Zvino vakati vachigere kutenda nokufara kwavo vachashamiswa, akati kwavari, "Munezvokudya pano here?" Vakamupa nhindi yehove yakagochwa. Akatora, akadya vachizvivona.**

Saka, Shoko rakararama *somunhu,* Rakafa *somunhu*, uye rakamuka *somunhu.*

1 Johane 3:2 anovedzerwa muruzivo rwedu.

**Vadikanwa, zvino tiri vana vaMwari, vuye zvichigere kuratidzwa kuti tichazovei. Tinoziva kuti kana achizovoneswa, isu tichafanana naye; nokuti tichamuvona sezvaakaita.**

Tine zvinhu zviviri zvatinodzidza kubva mundima iyi:

**(1)** Kuti mukuuya kwaKristu kechipiri, umwechete pakati Pake nemunhu unoramba uchienderera mberi.

**(2)** Kuti zvose Zvaangava nhasi, tichaita saizvozvo, chinova chinyorwa chechimiro chedu *neChake* mune nyika yamangwana.

Rucherechedzo runoitwa zvakare pamusoro pechivimbiso ichi chemufananidzo Vake: **hamuna ndima mushoko raMwari inotaura kuti tichaita saMwari.**

**Zvinoreva "Rumuko":** "kudzoswa kuhupenyu". Razaro nevamwe vakamutswa, maererano neZvinyorwa, asi vanozosvika mukufazve (Johane 11:43,44; Ruka 7:11-15; Mabasa 9:32-41). Jesu akamutswa mumuviri usingafi, asingazofi zvakare.

**Kutsanangura kwebhaibheri pamusoro perumuko rwekusafa: (1 Vakorinte 15:50-55).**

**Kuzvarwa neKufa Kwevavambi veZvitendero:**

Buddha: 560-480 B.C.

Muhammed: 570-632 A.D.

Confucius: 551-479 B.C.

Zoroaster: Zvinofungidzirwa 1500 B.C. kana 600 B.C.

**Hapana RUMUKO rwatakanzwa kune varume vese ava.**

---

## Hurukuro:

**(3) Varindi vavo *vakatendeseka* sei pamuono vekuti Jesu ainge amuka zvirokwazvo kubva muguva? (Mateo 28:11-15). ______________**

**(4) Ko 1 Johane 3:2 anotii pamusoro pemiviri yatichave nayo apo tichamutswa? ____________**

## Vekutanga Kubva Kuvakafa

Rubatso rwerumuko rwedu kubva kuvakafa rwakasunganidzwa nerumuko rwaKristu:

**Nokuti zvino Kristu wakamutswa kuvakafa, Akava *chibereko chokutanga* chavavata*** (1 Vakorinte 15:20).

Kutaura uku kunoenderana nekutaura kunoitwa muna Vakorose 1:18 apo Jesu anodanwa kuti, **"dangwe ravakamuka kuvakafa".** Sezvo Jesu aive **"dangwe Mwanakomana vaMwari".** akazarura nzira yekuti tiitwe vana vaMwari kune vose vanoteerera Mwari, zvakare Ndiye anova dangwe kuvakafa, akazarura masuvo ehupenyu kune vose vanorarama nevakafa mukutendeseka muna Mwari. Ichokwadi, vashoma vavo vakamutswa mukuvakafa mushure mekumuka kwaJesu, asi vakararama nokuzofa zvakare. Kristu Ndiye vekutanga kumuka uye sezvatichaitavo, kuhupenyu husingaperi.

Muna 1 Vakorinte 15:50,52 tinoudzwa:

**...hatingavati tose, asi tichashandurwa tose - pakarepo, nokubwaira kweziso, nehwamanda yokupedzisira; nokuti hwamanda icharira, ipapo vakafa vachamutswa mukusavora; nesu tichashandurwa.**

**Zvino kana Mweya waiyeyo wakamutsa Jesu kuvakafa achigara mukati menyu, iye wakamutsa Kristu Jesu kuvakafa, uchaponesa miviri yenyu inofa noMweya wake, unogara mukati menyu** (VaRoma 8:11).

**Nokuti nyika yedu iri kudenga, uko kwatakatarira kuvuya kwoMuponesi Ishe Jesu Kristu; uyo uchavandudza muviri wokuninipiswa kwedu, kuti ufanane nomuviri wokubwinya kwake, nesimba iro raanogona vo naro kuzviisira zvose pasi pake** (VaFiripo 3:20,21).

Saka, chivimbiso cherumuko rwedu, zvimwechete nemiviri yedu sezvo ichashandurwa kuva miviri isingafe, yakasunganidzwa muchikwadi cherumuko rwaKristu. Sezvaari Iye nesuvo tichava sekudaro. *Izvi zvinoreva kuti kufa Kwake hakuna kupatsanura humwe Hwake nevanhu.*

## Kubudikidza Nesimba rani Iye Vakamutswa?

Ndezvipi zvimwe zvatinodzidza kubva kuna Kristu, maererano nerumuko Rwake? VaRoma 8:11 inotaura pamusoro peUyo simba rerumuko rwakaitika:

**Zvino kana Mweya walyeyo wakamutsa Jesu kuvakafa ....**

Mukuenderera mberi, chiedza chinoratidzwa muchidzidzo chiri muna Johane 10:17,18:

**Saka Baba vanondida, nokuti Ndinorasha vupenyu hwangu** [Kuzvipirakuzvibayiro kweShoko] **kuti Ndigohwutora zve. Hakuno munhu unganditorera ihwo** [kutaura kwechiporofita pamusoro pesimba Rake pamusoro pehupenyu nepfunhwa yekuti anokwanisa **"... Akakotamisa musoro Wake, akabudisa Mweya wake."** Johane 19:30], **asi Ndinohwurasha Ndimene. Ndine simba rokuhwurasha, vuye Ndinesimba rokuhwutora zve. Uyu murairo Ndakaupiwa naBaba vangu.***

Pakutanga Shoko rainge riine simba rehupenyu, rwainge *rwakapihwa* Kwariri seumwe vehukuru

**Zvinoreva:**

**Tinoberekwa:** Mukugadzirwa mukugadzirwa kwemunhu, kwemunhu munezvake.
**Zvokuwana:** Chimwechinhu chinopihwa kuneumwe neumwe.
**Dangwe:** Mwana anotanga kuzvarwa mumhuri. Jesu idangwe raMwari rekutanga, akazarura nzira dzevamwe vose kuti vave vana vaMwari.
**Dangwe kubva kuvakafa:** Vokutanga kumutswa kubva kuvakafa, asingazofi zvakare. Jesu ndiye dangwe kubva kuvakafa.

hwaMwari. SaJesu Kristu, Mwanakomana, akatora muviri vemunhu, Iye zvakare ane masimba ehupenyu, *nokuti Mwari akamupa Iye* (Johane 5:26). VaRoma 8:11 uye Johane 10:17 haana kupokana pamusoro pekuti ndiani akamutsa Jesu kumudzosa kuhupenyu, Iye Jesu pachake akati, simba Rake pamusoro perumuko Rwake, isimba rakaburukira:

**Uyu murairo ndakaupiwa naBaba Vangu.***

## Chimiro ChaJesu Asati Amuka.

### Jesu Akakudzwa naMwari

Muna Johane 17:5 Jesu vakanyengetera,

**...Zvino imi Baba, muNdikudzei pamberi Penyu nokukudzwa kwaNdaiva nako Kwamuri, nyika isati yavapo.**

Munyengetero uyu vakanamatwa usiku hwekutengeswa Kwake. Kufunga kungave kunokasika kufungwa nevazhinji mukupindura chikumbiro ichi ndezvekuti zvirokwazvo Mwari vaifanirwa vainge vakavimbisa, kuti Iye paaizodzokera kudenga aizodzokera kuvugaro nesimba rimwechete reruenzano rwaaiva naro asati Azvarwa munyama. Asi mashoko, 'rukudzo' uye 'ruenzano' hazvitakuri chirevo chimwechete. Tinofanirwa kucherechedza zvakanaka mune Chinyorwa ichi, pamwechete nezvimwe zvinopa chiedza pamubvunzo uyu.

Izvokwadi kuti manzwi emunyengetero aiti, **"...mundikudze pamberi Penyu nokukudzwa kwaNdaiva nako Kwamuri, nyika isati yavapo."** *Kukudzwa* kuchave kumwechete; musiyano unova pakuti kukudzwa uku *kwaizopihwa* kwaari naMwari pane kuita *kwekuberekwa*, sezvazvaiva pakutanga. Ndizvo zvikuru!

---

### Hurukuro:

**5. Ko Shoko Raive nemasimba ehukuru hwaMwari kubva pakutanga? __________**

**6. Ko Jesu Ane masimba uhukuru hwaMwari nhasi here? __________**

**7. Musiyano ndevekuti kubva mukusingaperi, masimba aJesu aiveko _______________, asi, saJesu Kritsu simba Rake _______________ kubva kuna Baba?**

**8. Ko kukudzwa kwehukuru hwaMwari unokwanisika kudzorererwa here kana achinge Aenda kuna Baba? ________________**

**9. Zvoreva kuti vakadzorerwa here nokuda kwekodzero yake *yekuberekwa* saMwari, kana kuti vakadzorerwa nokuti Mwari Ndiye akazviita? __________________**

u

## Akaitwa Mambo Vemadzimambo

Jesu anodanwa kuti **"Mambo vemadzimambo uye Ishe veMadzishe".** Muna Mateo 28:18, Akabhadhara nemuripo verufu kuzvivi zvevanhu, uye Akakwanisa kukunda rufu murumuko. Iye akasviko mukukwira mukukudzwa kwekudenga. Zvinhu zvose kubudikidza nalye zvakaita zvezva zvaiva here asati azvidurura? Mundima iyi Iye anoti,

***Ndakapiwa* simba rose kudenga napanyika.***

Chinyorwa ichi chiripachena maererano

nechiero chesimba raJesu saIshe verumuko: Iye arikutonga ari kudenga uye nepanyika. Asi arikutonga mumutongero upi? **Kubudikidza nesimba *rakapihwa Kwaari* naMwari!**

## Akakwidziridzwa naMwari

chikamu chakapfuma. Mukutevera mukutsanangurwa kwekuzvidurura kwaKritsu, uye nekutora Kwaakaita chimiro chemunhu Akazvininipisa Iye mukusvika mukuzvipa mukufa pamuchinjiko, takaudzwa mundima 9 -11

**Saka Mwari Wakamukudza zvikuru, Akamupa zita rinopfuvura mazita ose; kuti muzita raJesu mabvi ose apfugame, ezviri kudenga nezviri panyika, nezviri pasi penyika, kuti ndimi dzose dzibvumire dziti, Jesu Kristu Ndiye She, kuti Mwari, Baba, arumbidzwe.**

## VaFiripo 2:5-8

## Munedzimwe tsananguro

**Ivai nomoyo uyo, wakanga uri munaKristu Jesu vo; iye, kunyange akanga akafanana naMwari .... (NKJ).**

**"... Kunyangwe aive nechimiro chehuMwari kubva pakutanga ... (20th century N.T.)**

**Zvisinei kubva pakutanga ainge ane chimiro chaMwari ... (N.T. in Modern English).**

**"...nokuti Iye ndiMwari muchimiro ... (Phillip)**

...haana kuuita gororo mukuzvienzanisa naMwari ... (NKJ).

*...chimiro Chake chekutanga chaive chekutanga muuMwari ... (knox)

*...haana kuenzanisa chisikwa naMwari, chinhu **chakafanirwa kunzwisiswa ... (American Standard).**

***... haana kuda kuzvienzana naMwari** VaFiripi 2 **kudzoserwa... (N.T. in Modern English)**

***... haana kubatirira mukuzviita akaenzana naMwari ... (Phillips).**

***... Akazviita Iye Asina mukurumbira ... (NKJ).**

***... Asi, haana kuzviita akaenzana naMwari kunge ari pamusoro pezvinhu zvose wakanamatira ... (20 Century N.T.).**

***... asi akazvidurura ... America Standard).**

***... asi akazviisa parutivi ...(goodspeed)**

***... asi akazvibvisa** [kukudzwa Kwake] **... (Cony-bears y Hawson).**

u

Saka, zita raJesu riri pamusoro pemazita ose, uye pamberi Pake mabvi ose anopfugama.

Zvakare, hapana mubvunzo ungapokana maererano nekukunda Kwake, asi akakwanisa kutora chinzvimbo ichi sei? Nokuti Mwari akamisimudzira akamupa zita riri pamusoro pemazita ose.

***... asi Akazvibvisa** [kumikana nechiremerera chekodero) **... (Amplified N.T.).**

**... kutora muviri vemuranda, nekuzviunza mufananidzo yevanhu: Uye nekuonekwa mumaonekero emunhu, Akazvininipisa akava nokuteerera mukusvika mukufa, kunyangwe rufu rwepamuchinjiko (NKJ).**

## Akapihw Ushe

Muchikamu chekutanda muna Mabasa nzvimbo yekukwira inotsanangurwa zvakajeka. Chimiro chekupedzesera vanonzwa Jesu sekunyora kwazvakaitwa mundima 9:

**Zvino wakati areva izvozvi, akakwidzwa, vachitarira; gore rikamubvisa, vakasazomuvona.**

Daneri 7:13,14 inotitendera kuona chimiro chezviitiko zvekudenga

**Ndikaona pane zvandakaratidzwa usiku, ndikaona mumwe akafanana noMwanakomana womunhu Achiuya namakore okudenga, Akasvika kune akakwegura pamazuva ake, vakamuswededza pamberi pake. Akapiwa simba, nokubwinya, noushe, kuti vanhu vose namarudzi ose namarimi ose Vamushumire; simba Rake roushe isimba risingaperi, risingazopfuuri, uye ushe Hwake haungazoparadzwi.**

**1. Zita rake riri pamusoro pemazita ose.**

**2. Mabvi ose anopfugama Kwaari.**

**3. Ndimi dzose dzinopupura kuti ndiye Ishe.**

Mateo 28:18, VaFiripi 2:9-11, naDaneri 7:13,14 dzinobvumira. Ndima dzose dziridzitatu dzinotaura nezvaKritsu ari Mambo pamusoro peumambo Hwake, aine rutsigiro kubva kunaMwari, rwekukunda munyika munguva iyo yekukwira kwake kudenga nekudzoka kwake mumagumo. Ndima dzose dziri dzitatu dzinoratidza kuti ukuru uyu masimba, pamwechete neumambo *vakapihwa* kuna Jesu naMwari.

**Tsananguro: Murevereri: ... munhu anoshanda semuyananisi pakati pevaviri vanekupesana kuti achiunza kuyananisira.**

**Umambo: ... nzvimbo inotongwa namambo, umambo vaJesu, sekudzokorora mukuutsanangura kwaaiita hausi hwepanyika ino, asi kuti kunyika yeMweya uko anotonga sachangamire muumambo**

Saka basa iro Shoko rakagamuchira mukuzvidurura mukodzero nemasimba anoberekwa munaMwari, mukutora chimiro chemunhu seMwanakomana vaMwari neMukoma vevanhu, mukuzviisa pachezvake muchimiro chemunhu chekuvimba naMwari, hazvina kuperera mukubhadhara kwemutongo vedu vezvivi kubudikidza nerufu rwake pamuchinjiko. Kunyangwe nazvino, saIshe vakakunda kubudikidza norumuko, saMambo pamusoro pehumambo Hwake. Anova anesimba nemasimba anobva kunaMwari. Kunyangwe nazvino, hukama hwaBaba kuMwanakomana urikuenderera mberi:

u

**Nokuti kunongova naMwari mumwe chete, noMureveri mumwe chete vo, pakati paMwari navanhu, *ndiye munhu Kristu Jesu,*** (1 Timoti 2:5).

Kufa kwaakaita Jesu, ropa rake rakapihwa sekuyananiswa kwechivi chevasingateereri, asi semutongo vedu vepamweya nekusingaperi [kunova kupesaniswa kwedu kunaMwari tichiiswa mugehena], saka Iye chibayiro chake *chakamubvisa* muchivi chainge "chaisva Paari" zvemumweya nokusingaperi. Hapana patinoona muZvinyorwa pakataurwa paakasumwa kuti mushure merumuko akadzokera kuchimiro chake chekutanga *cheruenzano* muukuru hwaMwari. Ndima nendima dzinotizivisa kuti Iye Haana kuzotorazve masimba nekonzero munaMwari, asi kuti masimba ose nekodzero dzose zvino zvave mumaoko ake akazvipihwa Kwaari naMwari nokuda kwekuterera Kwake.

Kudzokera kuruenzano rwaaiva Naro seShoko, asati ane chimwe chimiro, zvakada kungofanana nemunhu anopinda muchitoro nekusarudza zvaaida, nekuzviisa pakaunda kunemutengesi, mushure mekuudzwa muripo vake, otakura zvose mari nezvinhu zvacho achibuda nazvo.

Kuna Kristu, muripo uripo pakaunda - rufu, nehukoma usingaperi nemunhu uye nekuzviisa pasi paBaba chinova chinhu chaaikoshesa - aisava manzwi makuru ainzvikwa kana pasina zvaionekwa mukuita, Iye akaisa muripo vose vakakwana mutsoka dzaMwari sechibayiro chezvivi zvedu.

---

**Hurukuro:**

**1. Jesu aiteerera zvakadii kunaMwari? ____________________**

**2. Aive Nesarudzo here? Kana, mubindu dai akasarudza kuti ruponeso rwemumhu rwainge rwusina kukosha, zvaizopei kwaari, unofunga here kuti Mwari aimutendera kudzoka kumashure? ________________**

**3. Ndezvipi zvakataurwa naJesu kunaPetro zvinotsigira izvi kuva chokwadi? ____________**

**4. Zvakadii uye nesimba Raani iro Jesu akakwidziridzwa? ______________**

**5. Nokuti zita raJesu riri pamusoro pemazita ose, Zvinyorwa zvinotaura kuti zvose _________ zvichapfugama kwaari, uye ose _________ achapupura kuti Ndiye Ishe.**

**6. Jesu akagashira sei umambo Hwake? _________**

**7. Kune murevereri mumwechete pakati paMwari nomunhu. Ndeapi manzwi akashandiswa mukumutsanangura Iye? _________**

**8. Inguva yakareba sei Jesu achatonga Aine masimba ose maringe neva 1 Vakorinte 15:24-28.**

**9. Chii chaaizoita mushure mekunge muvengi vekupedzisira akundwa?**

**10. Ko VaRoma 8:17 inovimbisei? Chii chinotaurwa mundima iyi pamusoro pekukudzwa kwaKristu mukusingaperi?**

## *Kupinda Kwedu*

### Chikam u Chegum i



Mune rimwe rutivi tinoona kugadzirirwa kunoenda mberi nemberi kuchivaka, zvakavakwa chikamu nechikamu, zvichipa nzira yakazarurwa kumunhu yekumuyananisa naMwari. Mutongo venyama vechivi vakaripirwa nerufu rwaJesu; kubata kwemweya akaita chisimbiso chechisungo navanhu, akaita kuti zvivenyore kuva vana vaMwari kubudikidza nehuMwanakomana Hwake.

Zvose zviripo, zvakaiswa pamberi pedu uye zvakakwana kufukidza zvinhu zvose zvatinoda. Asi, nokumwe kutaura, gumbeze reruregerero harina kufukidza munhu vose. Tingazvionga sei pachedu? Tinopindura kunaMwari sei sedungamunhu?

Johane 6:45 inoti,

**...Mumwe nomumwe wakazvinzwa kunaBaba, akadzidza, unovuya kwandiri.**

Pakati pehuvandu hwenyika, havasi vose vakadzidza kubva kushoko raBaba. 2 Vatesaronika 2:14 inodzidzisa **"Iye akakudana iwe kubudikidza nevhangeri redu ...."**

Saka, shoko raBaba, rinova Evangeri, rinodana moyo yedu. Chii chinonzi Evangeri? Inotsanangurwa muna Vakorinte vekutanga 15:3,4 kuva:

**...Kristu wakafira zvivi zvedu, sezvakanyorwa paMagwaro; vuye kuti Wakavigwa, Akamutswa nezuva retatu, sezvakanyorwa paMagwaro....**

---

**Hurukuro:**

**1. Mwari vakazviita nyore here kune muviri vose kuti uponeswe kubudikidza nerufu rwaKristu Jesu? _______________**

**2. Ndiani akauya kuna Kristu? _______________ uye __________________**

u

## Zvakaenderana

**MuGethesimani Jesu akatambudzika nokuda kwemuripo uyo vaaida kuripira nokuda kwezvivi zvevanhu. Muna Mateo 26:42 tinoverenga pamisoro PEKUZVIPIRA, mukuzvipa mukuita chido chaMwari.**



---

**Asi, tomboti nyaya yakabva yamirira ipapo? Ko kana dai painge**

**PASINA MUCHINJIKO**

**uye**

**PASINA RUMUKO?**

**Dai munhu ainge achikwanisa kuponeswa naKristu kubudikidza nerubvumo rwepfungwa here?**



---

**Mukutenda muna Kristu nemuurongwa vaMwari (VaHeberu 11:6), takafanirwa kuzvipira kwakakwana kwekubvuma chido chaMwari. Panguva iyi yekugachira Kristu mupfungwa kuva muponesi muhupenyu vako vazhinji vanonzwa "kuponeswa."**

**Asi ndekupi kune rufu???**



---

**VaRoma 6:3,4 inoti TAKABHABHATIDZWA muRUFU rwaKristu, umo ropa Rake rakatichenesa kubva muzvivi (Mabasa 22:16).**

**Pasina MUCHINJIKO hakuna ropa rekuyananiswa; pasina RUBHABHATIDZO tinenge tisina kugezva muropa Rake!**



Ko dai Kristu ainge **asina kufa?**

Ko kana iwe dai **usinakubhabhatidzwa?**

## "Munyengetero veMutadzi"?

Dzidziso dzakabudirira zvakanyanyanya muzvitendero nhasi pamusoro pemutadzi mukupindura kunaMwari ndezvekuti anofanirwa kutenda mumoyo vake kuti Mwari ndiMwari, uye anofanirwa kutaura "Munyengetero veMutadzi" kana kuizvipira kwakada kufanana naikoko achikumbira Jesu kuti auye mumoyo make nekumuponesa. Dambudziko "nehurongwa veruponeso" nderekuti hakuna kwarinovanikwa muZvinyorwa. Hakuna chinyorwa chatinonzwa munhu akaponeswa mukuponesa uku. Hakuna Chinyorwa chakanyorwa "nezveMunyengetero veMutadzi". Idzidziso dzinobva kuvanhu, kwete kunaMwari. Munhu akavimbika, anedzakanyatsokwana, achisvika pakuisa panjodzi ruponeso rwake rusingaperi kubudikidza nokutevera dzidziso dzisiri dzinobva kunaMwari?

## Kuvimba

Vamwe vanhu vanonzwa mashoko akatsveyamiswa vobva vamateera, mukutenda kuti varikuteerera Mwari. Vamwe ndivo vanonzwa shoko sekunyorwa kwarakaitwa muZvinyorwa vosvika mukuriramba.

Vamwe ndivo vanonzwa kudana kwaro vobaikana pamoyo. Mhinduro dzavo dzinoratidza rudo mupfungwa dzavo kuna Mwari, zvichiteverwa nechido chekuita kuda kwavo Kwaari. Vanenge vasvika pakutendeuka muhupenyu hwavo, uye vanenge vachizviziva.

Zvinonzwisa tsitsi, nokuda kwedzidziso "dzekutenda bedzi" dzavainge vakanzwa kumashure, vazhinji vanokanganiswa mukutenda kuti kushanduka kwemoyo yavo nemufaro vaanonzwa nokuda kwerudo rwavo rwutsva kunaMwari unova umboo vekuratidza kuti vane ruzivo pamusoro pekuregererwa kwezvivi zvavo uye nekuva vanozvarwa patsva mumweya mumhuri yaMwari.

Hapana kupokana, kushanduka, inguva yekuvimba, chikamu chakakosha muurongwa hweruponeso, asi tinofanira kuyeuka kuti hausi urongwa hwose. *Apo,* muzvidzidzo zvedu, takambofunga here nezvezviitiko zvinotorerana? Hamusi here mubindu reGethsemane umo Jesu, akasvika panguva pakuzvipa kumunhu, apo airatidza kuita chido chaMwari kunyangwe zvazvo chaive chinhu chaityisa chekuitwa **"mutadzi"?**

Sekuita Kwaakaita, mukutora sarudzo nekutisarudza kana kutiramba, zvakaita saIye akazvipira pazvose kune chido chaMwari, mumwe momumwe vedu akafanira kusangana nesarudzo iyi. Takafanirwa kusarudza Mwari saBaba vedu kana kumuramba. Takafanirwa kuumba chido chemunhu pasi Pake. SaKristu akasarudza kutakura zvivi zvedu, takafanirwa kusarudza kuti timutendera kuona zvitsva, nechisuvo chekusarudza, nechido chekushandira chivi zvakare.


**Asi, tomboti Kristu akamirira mukufunga mukushingaira mendangariro mubindu.**

Mukufunga mundangariro kunguva iyo: Iye kutambudzika kwake kwainge kwapera, Akave nekugadzikana kwepfungwa. Izvi zvinotsanangura moyo mizhinji nhasi apo inomupindukira murudo, muchido chekuva mwanavaMwari anoregerera? Kana *Iye* achinge avamisa, dai painge pasina muchinjiko, pasina kudeuka ropa, pasina muripo veruyananiso vakaripirwa chivi, pasina nzira yaiva nyore kwatiri kuva vana vaMwari.

Mukuita kumwechete, avo vanomira munguva yekushingaira kwavo, havaende nemuurongwa vekufa kuzvivi nekusvika mukuvigwa pamwe naKristu iye nekumuka pamwe Naye.

**Vatadzi VAKAFA pamweya nokuda kwezvivi, asi**

**Kana vakazotendeuka VANOFA kuchivi.**



**Zvino TINGATIZE sei mhosva?**

**Ko TINGAPONESWA sei kuzvivi?**

**Tinoitwa sei VAPENYU mumweya?**

---

**Hurukuro:**

**3. Tsanangura dzidziso "dzekutenda kwoga" uye "munyengetero vevatadzi".**

**4. Tsanangura kuti sei kutenda nekuperera kwepfungwa munaKristu kusina kukwana kutiponesa**

**5. Chii chatinofanirwa kutenda kubva mumoyo? _______________**


u

**6. Chimiro chipi chinotorerwa neEvangeri muhupenyu hwedu, seapo tinoteerera "chimiro" cheEvangeri? ___________________**

## Kufa naKristu

Tinokwanisa kutevedza Kristu sei nokufa kwerufu Rwake kwatiri? VaRoma 6:17,18 inotiudza:

**Asi Mwari ngaavongwe, nokuti imi maiva varanda vezvivi, mukazoterera nomoyo *rudzi urwu rwedzidziso* yamakaiswa kwairi. Makasunungurwa pazvivi, mukava varanda vokururama*** (KJV).



Ndiko kuti **tinonzwa** shoko raMwari, iro rinova kufa, kuvigwa nerumuko rwaJesu Kristu. Simba rerudo Rwake runodana moyo yedu apo tinenge tichidzidza nekunzwisisa chirevo chacho, zvinotiunza mukusiya zvivi nekuzvipa mweya yedu Kwaari. Zvino tinenge **tateerera** kubva moyo *muchimiro* chedzidziso. Ndechipi chimiro chine Evangeri - rinova kufa, kuvigwa nerumuko - ratinotora muhupenyu hwedu? VaRoma 6:3 -11 pindura mibvunzo iyi:

**Ko hamuzivi here kuti isu takabhabhatidzwa muna Kristu Jesu, takabhabhatidzwa murufu rwake? Naizvozvo pakubhabhatidzwa takavigwa pamwe chete naye murufu; kuti saiye Kristu akamutswa kuvakafa nokubwinya kwaBaba, saizvozvo nesu vo tifambe novupenyu bwutsva.**



**Nokuti kana takava vamwe naye pakufanana naye, parufu rwake, tichadaro vo pakumuka kwake; tichiziva izvi, kuti munhu wedu wekare wakaroverwa pamuchinjikwa pamwe chete naye, kuti muviri wezvivi ushaiswe simba, tirege kuzova varanda vezvivi; nokuti wakafa, waruramiswa pazvivi.**

**Zvino kana takafa pamwe chete naKristu, tinotenda kuti tichararamavo pamwe chete naye; tichiziva kuti Kristu amutswa kuvakafa, haachazofi; rufu haruchavi nesimba pamsoro pake.**

---

## Hurukuro:

**7. Kana Tichinge tafa muna Kristu (kubudikidza nokutendeuka zvivi zvedu) uye nekuvigwa pamwe chete Naye (kubudikidza nerubhabhatidzo) tinotenda kuti tichakwanisawo ______ Naye.**

**8. Tinokwanisa kuva muhumambo here pasina "kuzvarwa patsva"? Unotsanangura sei kuzvarwa patsva? ______________**

**Nokuti pakufa kwake, wakafa kamwe kwazvo kuzvivi; zvino pakurarama kwake, unorarama kunaMwari. Saizvozvo nemi vo muzviti makafa kuzvivi, asi kuti muri vapenyu kunaMwari, munaKristu Jesu, Ishe wedu.**

Saka, kana tichida zvakakodzera kumweya yedu sedunga munhu, kuva vana zvakaita kuti zviite nyore kubudikidza nerufu, iro tinovigwa naye murubhabhatidzo, uye nerumuko kana kumuka kubva murubhabhatidzo mukufamba hupenyu hutsva semunhu mutsva mumhuri yaMwari. Chinova chinhu chakanyanyokosha kuti isu, sevanhu pamberi paMwari, tinzwisise kuti *kwaisava nehupenyu hutsva pasina kufa uku, nekuzvarwa patsva.*

## Kuzvarwa Kwe"Munhu Mutsva"


Chii chakaitika? Mukufa kwe"munhu vekare" kunova nekuzvarwa kutsva. Sekudzidzisa kwaJesu,

**...Kana munhu asingaberekwi [zvakare] nemvura noMweya, haangagoni kupinda muvushe bwaMwari** (Johane 3:3-5).

Mukuzvarwa patsva, munhu anotsanangurwa nenzira iyi:

**Saka kana munhu ari munaKristu, wava chisikwa chitsva, zvinhu zvakare zvapfuvura; tarirai, zvose zvava zvitsva** (2 Vakorinte 5:17).

## Sei Rubhabhatidzo Rakanyanyokosha?




Mukutarisa zvinotarisirwa mukubhabhatidzwa, munhu anokwanisa kubvunza, "Sei rubhabhatidzo rakakosha? Dzingori tsika bedzi here? uye kana dziri tsika, sekuonekwa kwatinoita, sei Mwari achida kuti tibvume kwariri kuti tikwanise kudanwa kuti vana Vake?"

---

## Hurukuro:

**9. Rubabhatidzo itsika bedzi here? ______________**

**10. Jesu anotii muna Marko 16:16? ______________**

**11. Rubhabhatidzo mufananidzo vechii? _______________**

**12. Chii chinosukwa murubhabhatidzo? _______________**

**13. Ndepapi "patinopfeka" Kristu? ______________**

Mibvunzo iyi yakakosha mukunzwisisa kwedu, uye nekunzwisisa minduro yadzozvinobatsira mumaonero munguva yechidzidzo chakakosha ichi.

Ichokwadi kuti kune tsika zhinji dzinovanikwa pasi pemutemo yeTestamente Yekare, tsika dzaipihwa kubatsira kurarama kune kuteerera pakati pevanhu vaMwari. Ichokwadi zvakare kuti mutemo veTestamente Itsva unomira muchokwadi pazvokwadi, inoda moyo ine kuzvipira nekurarama pane kuita mabasa ezvetsika. Zvino, sei Marko 16:16 akataura kuti

**... uyo unotenda ukabhabhatidzwa unoponeswa ....**

Sei zvakanyanyokosha kuzvipa kunestika iyi?

Mhinduro inoonekwa pachiitiko chetsika dzerubhabhatidzo. Sungano yaKristu yaakazvipira kune munhu kutora Kwaakaita zvivi zvedu akazvifira pamuchinjiko.

Kubhabhatidzwa kwevana vacheche vasati vane makore ekuzvidavirira:

**Muzvitendero mazuvaano mune kusanzwisisa nekusavirirana pamusoro pemibvunzo iyi.**

Mukutanga kwenhoroondo yekereke, kune kutenda mukukosha kwerubhabhatidzo rwekuregererwa kwezvivi kazhinji zvinosvitsa kumubereki vechiKristu kumedziso yenhema yekuti, vave nechokwadi kuti vacheche nevana vavo vasaenda kugehena kana vachinge vafa, saka vanofanira kuvabhabhatidza vachangobva mukuzvarwa. Mhedziso idzi dzinomira mumafungiro emunhu kwete muZvinyorwa. MuTestamente Itsva kutenda kuna Kristu ndiko kunosvitsa kurubhabhatidzo, zvoreva kuti avo vanenge vakura zvekukwanisa kudzidza nezva Kritsu nekuva nekutenda Maari ndivo vanoonekwa naMwari kuva vakakodzera kuvana rubhabhatidzo rwemumagwaro.

Zvino mibvunzo inosimuka inoti: pazera ripi vana vanotarisirwa kuve vakura zvekukwanisa kunzwisisa mitemo yaMwari, uye nekuzvimirira mukumuteerera? Mune kumwe kutaura, ndepapi pavanoita vatadzi, vanoda kusukwa neropa raKristu?

**Makore mangani munhu anotarisirwa kunzi anokwanisa kutadzi?**

Zvinyorwa hazvipi mhinduro yakanyatsoti pamubvunzo uyu. Vakomana vechidiki vechiJudha vanotenda kubudikidza neinonzi "Bar Mitzvah" mhemberero yaiitwa kana vane makore makumi nematatu, uye vaiverengwa "sevabereki" munharaunda kubva panguva iyi. Asi vaisatenderwa kuita kupinda muchipirisita kusvika vave nemakore makumi matatu, anova makore mamwe chete ayo Jesu akatangavo basa Rake. Asi muTestamente Itsva hapana makore akatarwa anofanirwa kuti munhu abhabhatidzwa kana achinge asvika.

Mukubatsira kupindura mubvunzo iyi, vabereki vanofanirwa kudzidzisa vana vavo kuti **vanofanirwa kuva vakagadzirira kupindura kuna Mwari** bedzi pamusoro perubvumo rwavo rwakanangana naMwari kwete kunangana nevabereki vavo.

Kana vechidiki vakakwanisa **kudzidza** ne**kudzidzisa** nekufunga pachezvavo, kana vachinge vachinzwa **mufaro** ve**kuteerera Mwari** kana kuva **nemhosva** nokuda kwekuti vanenge **vasina kumuteerera**, zvino vanosvika pakuva nehanya pamusoro pezvivi zvavo, nekuregererwa kwazvo. Zvino vanosvika mukutarisa pamusoro pekutenda kwavo muna Kristu, vachibva mukutadza kwavo nokusateerera, uye nekubhabhatidzwa muna Kristu Jesu.

---

## Hurukuro:

**14. Ndeipi mhinduro yedu kuGethsemane? ______________**

**15. Ndeipi Mhinduro yedu kuKauvhari? ______________**

**16. Zvidzidzo zvizhinji zvemasekete zviri mukukanganiswa munezvidzidzo zvipi? _________**

**17. Ndezvipi zvinhu zvisina kunyanyokosha kuna Satan? ______________**

**18. Chinangwa chake ndecheyi? ______________**

Ava racho risati rasvika; ainge akasununguka, asi kubva panguva iyoyo chisungo nevanhu chakaitwa. *Zvose zvokusingaperi, kubva kuhukuru hwaMwari kusvika mukusikwa kwemaoko aMwari, zvakakanganiswa zvakachinjwa zvainge zvakaitika pamuchinjiko.*

Hatifanirwe kufa panyama kuti tikwanise kuonekwa kuzvipira kwedu kuna Mwari, asi panofanirwa kuve nenguva iyo muhupenyu hwedu iyo inoparadzanisa "pamberi" uye "pashure". Mwari akagadzira nzira Iyi, kuitira kuti kana tichinge takumutevedzera kubudikidza nerubhabhatidzo kuzvipira kwaKristu mukufa Kwake, tinopupura chitsva kunyika kuti akatifira uye kuti tinozvipira isu Kwari.

Zviripachena kuti rubhabhatidzo harusi tsika bedzi. Sekuzvipira kwatinoita mupfungwa kubudikidza nokutendeuka uye nekuzvipira zvido zvedu kunaMwari ndiyo mhinduro yedu kuGethsemane, saka rubhabhatidzo ndiyo mhinduro yedu kuCalvary. Uye sezvo kusina ruponeso runokwanisa kuitika kuvanhu vose pasisa muchinjiko, hakuna kodzero dzeruponeso kumweya vemunhu pasina rufu "rwemunhu vekare" uye nekuzvarwa "kwechisikwa chitsva" kubudikidza nerubhabhatidzo.

Zvinyorwa zvinodzidzisa chokwadi ichi pachena. Asi  ndiyo pfungwa imwechete iyo vanhu vazhinji vanotatarika. Masekete mazhinji anoramba kukosha kwerubhabhatidzo; vafundisi vazhinji vanofundisa kuti rubhabhatidzo harina chekuita neruponeso. Sei kukangaidzika uku kuchiitika uye sei kuine kurabwa kwedzidziso dzinenge dziri pachena dzeZvinyorwa?

## Mwari naSatani Muhondo Yemweya veMunhu

Minduro iri pachena. Kune zvisikwa zviviri zvinova ishe pamusoro pevanhu: Mwari naSatani. Mwari ane chido neruponeso rwedu rwisingaperi; Satani anoshuvira kutipesanisa naMwari. Mwari akaita kuti ruponeso ruitike kubudikidza nekufa kweMwanakomana vake, uye kubudikidza nekuita kwedu kurufu. Mukunzwa chokwadi ichi, kuchitenda, kutendeuka kubva kuhupenyu hwechivi, iye nekupupura pamberi pevamwe kutenda kwedu kuna Kristu ndezvimwe zvinhu zvekuita kwedu, asi kuchikguma nekuita, kuita zviito zvinotishandura kubva kuumambo hwenyika kutiisa kuumambo hweMwanakomana Vake, *nerubhabhatidzo.*

*Satani haama basa nekuti ichokwadi chakadii chatinogamuchira, kana chisingakwanise kuti ponesa.* Hazvina basa kwaari kuti vanhu vanotenda kuna Mwari, kana kuti vanomuda, kana kuti vanoteedzera tsika fzemitemo yake. Asi nguva dzinonetsa kuna Satan kurambidza munhu kuti azvarwe mumhuri yaMwari. Kubudikidza nekufukidza kunzwisisa kwekuzvarwa patsva kunovanikwa murubhabhatidzo, anokwamisa kuchengeta zvakanaka, aine vavariro yekuunza vanhu muumambo vake Ndizvo saka achinyanyo mira zvakanyanya mukusarurama

**Ndiani anonzi Satani?**

Satami chisikwa chemweya, ngirozi "yakadonedzwa". Sezvo zvinhu zvose zvakasikwa naMwari, uye Mwari akaona zvisikwa zvake zvose "zvakanaka" Satani aive akanaka munguva yemavambo ake. Zviripachena kuti, zvisikwa zvose zvakasikwa zvemweya izvi zvainge zvakapihwa "mukana vekusarudza," rusununguko rwekusarudza kuteerera kana kusateerera Mwari, zvimwechete nemunhu akapihwa mukana uyu.

Zvichida Isaya 14:12-15 uye Ezekeri 20:11-19 inopa nhoroondo netsananguro pamusoro pekuputsika kwasatani. Chidzidzo chendima iyi chinotsanangurwa sekuti "chakarurama" inova "kerubhi yakazodzwa". uye yaivanikwa muEdeni. Hakuna munhu aikwana patsanangudzo idzi. Nokuda kwechishuviro chasatani kuva mukuru kudarika Mwari, akazviita pachake muvengi vaMwari uye nekunezvakanaka.

kuri kuda kuparadza kururama.

## Sarudzo yeMhuri.

Mukubarwa kwedu kwepanyama hatina sarudzo mumhuri yatichandozvarwa. Mushure mekuzvarwa, zvirokwazvo tichangozvarwa tinopinda mukati medzimhuri dzakasiyana asi uri mumhuri imwechete bedzi.

Asi zvemweya tinokwanisa kusarudza mhuri yatinoda kuva pakati payo: Ingava yaMwari kana Satani. Asi *kusarudza* bedzi hakukwanise kutiita vana vaMwari. Takafanirwa kupinda nekuita chaiko kwakafanira nekuzvarwa mumhuri yake, mukuzvarwa nemvura neMweya: rubhabhatidzo.

1 Petro 1:22,23 uye 2:1,2 mukuenderera mberi mukutsanangura kuzvarwa uku kwepamweya:

**Zvamakanatsa mweya yenyu muchiterera zvokwadi Mumweya...nokuti makaberekwa kutsva, zvisingabvi pambeu inovora, asi pane isingavori, neshoko raMwari benyu rinogara nokusingaperi... Naizvozvo... savacheche vachangoberekwa, pangai mukaka womweya, usina kushatiswa, kuti mukure nawo, mugoponeswa.**

**Asi vose vakamugamuchira** [Kristu]**, wakavapa simba kuti vave vana vaMwari, ivavo vanotenda kuzita rake; avo vasina kuberekwa, neropa kana nokuda kwenyama. Kana nokuda kwomurume, asi naMwari** (Johane 1:1,2).

**Nokuti imi mose muri vana vaMwari nokutenda munaKristu Jesu; nokuti vose pakati penyu, vakabhabhatidzwa munaKristu, makafuka Kristu. Zvino zvamuri vanakomana, Mwari wakatuma Mweya woMwanakomana wake mumoyo menyu, unodana, achiti: Aba, Baba! Saka iwe hauchiri muranda, asi mwanakomana; kana wava mwanakomana, wava mudyi wenhaka yaMwari muna Kristu.** (VaGaratia 3:26,27; 4:6,7).

## Mhuri: Kereke

Mumhuri yatakazvarwa munguva iye yatakabhabhatidzwa hakusi kudzengereka, mweya vesangano usingaonekwe. Sezvakaita iwe neni tiri vanhu venyama, saka kereke pachezvayo inoonekwa munyika yanhasi. Apo yakava nemavambo ayo, muna Mabasa 2 pakave nevanosvika 3000 vakatenda ndokubhabhatidzwa,

---

## Hurukuro:

**19. Mumweya tinokwanisa kusarudza kuva mu __________ mumhuri kans _________.**

**20. Tose tiri vana vaMwari kubudikidza ne____________ muna Kritsu Jesu.**

**21. Asi "tinopfeka sei Kristu?" ________________**

**22. Kereke yakatanga rini? Kupi? Nani? Inopfeka zita raani? ____________________________**

u

**Chimiro Chemhuri Dzevanhu:**

1. Mune mwenga **MUMWE** nemurume mumwe.

2. Mwenga anopfeka **ZITA** remurume.

3. Panenge paine **ZUVA** ravenenge vakaroorana.

4. Panenge paine **ZVIMBO** yavanenge vakaroorana.

5. Mukadzi anenge achiremekedza **CHIDO** chemurume.

6. Murume anotora mukadzi vake kuenda naye **KWAANOGARA**.

yakagadzirwa neungano yevanhu ava vaive muJerusarema. Hakusi bedzi kubhabhatidzwa muna Kristu kuti uve mutsva Mumhuri asi kuti mhuri yaitsungirira**"... Vakatsungirira pakudzidzisa kwavaapostora, napakuyanana kwavo, napakumedura chingwa, napaminyengetero"** (Mabasa 2:42). Ndima yemukati ya 47 inoenderera mberi ichitsanangura, **"... Ishe akawedzera kukereke zuva rimwe nerimwe avo vaifanira kuponeswa."**

Boka revanhu ava rinotsanangurwa munenzira zhinji muTestamente Itsva. Vanodanwa kuti **mhuri yaMwari,** Kristu ari Dangwe. Inodanwa kuti **mwenga vaKristu** (Johane 3:28-30; VaEfeso 5:22-33, muviri vaKristu), **muviri vaKristu** (VaEfeso 1:22,23), **kereke yeDangwe** (VaHeberu 12:23), **kereke yaMwari** (Mabasa 20:28). **Kereke yaKristu** (VaRoma 16:16). Kazhinji muzvinyorwa inotsanangurwa kazhinji "sekereke" nokuti kwaingova neimwechete.

**Mhuri yaKristu:**

**(kereke Yake)**

1. Kungori **NEMHURI IMWE, NEKEREKE IMWE,** yakataurwamuTestamente Itsva.
2. Inodanwa kuti **"MUVIRI VAKRISTU", "KEREKE YAKRISTU", "kereke yaMwari", "kereke yeDangwe".**
3. Kereke ine mavambo ayo semukadzi vaKristu **NEZUVA REPENTECOSTI, MUNA A.D. 33.**
4. Kereke yakatangira mu**JERUSAREMA.**
5. Kereke **INOTUNGAMIRIRWA** hurongwa hwayo kubva muTestamente Itsva.
6. Kristu achatora mudzimai vake **KUNDOGARA NAYE NOKUSINGAPERI.**

Kereke yakaramba ichirarama mumasangano ainge akapararira nenyika. Satani anovhiringidza vanhu kubudikidza nekugadzira makereke emasekete mazhinji, achidzidzisa dzidziso dzinopokana neZvinyorwa uye nekukonzera vazhinji vakatendeseka kuti vasaone nzira. Mukugadzirisa mukubidisa pachena kune avo vanoshingaira kutevera dzidziso dzeTestamente Itsva chete uye yatinoverenga nezvayo muzvinyorwa nekuva muviri mumwechete veMakristu vatinoverenga pamusoro pazvo Muzvinyorwa, nhasi kereke inodanwa kuti kereke yaKristu. Kazhinji vanhu vanoti, "Ndakabhabhatidzwa saka ndiri nhengo, kunyangwe hangu ndakazofunga kuti ndindonamata ndiri kukereke ye__________." Kuti ukwanise kuvedzerwa naMwari kukereke iyo Kristu akafira, zvirokwazvo tinofanirwa kuziva musiyano vayo kubva kumasekete kana mamwe masangano, uye takafanirwa *kusarudza* kusiya nyika ino kuti tikwanise kubhabhatidzwa muna Kristu uye mukereke. Mwari anovedzera here munhu asina hanya nekereke iyo yaasina kubvira ambonzwa pamusoro payo uye iyo Mwari asina kusarudza?

## Kuenderera Mberi Kwekudyidzana NaKristu Sehama.

Zvinyorwa zvizhinji mumagwaro zvinoratidza ukama usinamagumo vaBaba neMwanakomana pakati paMwari naKristu, zvinova zvinoita kuti nesuvo tikwanise kuva sehama kuna Kristu unova hukama hwedu hwatinavo sevana kuna Mwari:

**Mweya amene unopupurirana nomweya wedu, kuti tiri vana vaMwari; zvino kana tiri vana, tiri vadyi venhaka _ vadyi venhaka yaMwari, vadyi venhaka pamwe chete naKristu; kana tichitambudzika pamwe chete naye, tichakudzwa vo pamwe chete naye** (VaRoma 8:16,17).

**Nokuti uyo, unovaita vatsvene, naivo vanoitwa vatsvene, vose vakabva kunomumwe; nemhaka**

**iyi haanenyadzi kuvaidza hama... Naizvozvo, vana zvavakagoverwa ropa nenyama, naiye vo wakagovana navo panaizvozvi; kuti nokufa kwake iye aparadze uyo unesimba rorufu, iye Dhiabhorosi; agosunungura avo vaiva varanda pavupenyu bwavo bwose nokuda kwokutya rufu... Naizvozvo wakafanira kuti aenzaniswe nehama dzake pazvinhu zvose, kuti ave muPirisita mukuru unengoni, wakatendeka pazvinhu zvaMwari, kuti adzikinure zvivi zvavanhu** (VaHeberu 2:11,14,15,17).

**... asi Kristu soMwanakomana, wakaiswa pamusoro peimba yake; iye, tiri imba yake isu... nokuti tava vagoverani pamwe chete naKristu...** (VaHeberu 3:6,14).

Sezvakaita Kristu mukutora chimiro chemunhu mukuzvidurura, madzikoma ake vakave vagoverani venhaka yehuMwari kana vachinge vazadziswa nekuzadziswa kwose!

**...nokuti nesimba rovuMwari bwake takapiwa zvose zvinodikanwa pavupenyu napakunamata Mwari, nenzira yokumuziva iye wakatidana nokubwinya kwake nokunaka; akatipa nazvo zvipikirwa zvinokosha zvakakura kwazvo; kuti nazvo muve vanhu vakagoverwa vuMwari, matiza kuvora kuri panyika nokuchiva** (2 Petro 1:3,4).

**... nokuziva rudo rwaKristu, runopfuvura kuziva, kuti muzadziswe nokuzara kwose kwaMwari** (VaEfeso 3:19).

Mwari anechinangwa kune avo vanoMuda

**... kuti vafanane nomufananidzo woMwanakomana Wake...** (VaRoma 8:29).

**... Hamuzivi kuti miviri yenyu mitezo yaKristu?... Asi wakasonganiswa naShe, wava mweya mumwe Naye...** (1 Vakorinte 6:15,17).

Saka, Ishe Jesu vakadzokera mudenga kundoenderera mberi nebasa rake rekuva muyananisi kukereke inova Mhuri Yake. Anova Mwanakomana vaMwari neMwananakomana vemunhu: rumuko rwedu, Muponesi vakashandurwa. Mumweya, tinova "vadyi venhaka yemweya mutsvene" Maari.

---

**Hurukuro:**

**23. Imhuri ngani Kristu anadzo? ______________**

**24. MaKristu vadyi venhaka yaMwari, uye _________ _________ nemukoma vavo Jesu Kristu.**

**25. Kubudikidza naJesu, mumweya tinoitwa ____________**

u



## *Chirangaridzo*

### Chitsauko Chegumi nerimwe

Muhupenyu hweChikristu mune zvimwe zvinhu zvinokanganiswa mukutorwa setsika: kurangarirwa kweChirariro icho chinova chimwe chikamu chekunamata kwedu.

Zvinyorwa zvinotaura pamusoro peMakristu ekutanga

**... apo vadzidzi vainge vakaungana kuti vamedure chingwa...** (Mabasa 20:7).

Ndicho chaive chinangwa chekuungana, chinangwa chikuru chiri chekunamata, kwaive kutora chirariro chaIshe mukurangarira kufa kwaIshe.

### Mabiko emuTestamente Yekare

Chiporofita chechirariro ichi chainge chiri chirangaridzo chaiitwa muTestamente Yekare, aive mabiko ekuurayiwa kwematangwe muEgipita, ayo aishanda sendangaridzo kumaJudha munguva yavo vari muEgipita. Mwari akataura kumaIsraeri kubudikidza naMosesi:

**`Nomusi wegumi womwedzi uno mumwe nomumwe ngaatore gwayana, vachiverenga dzimba dzamadzibaba avo... ipapo ungano yose yavanhu vose valsiraeri ngavariuraye madekwana.**

**Zvino ngavatore rimwe ropa raro, variise pamagwatidziro maviri egonhi, napachivivo chokumusoro, padzimba pavacharidyira... Vadye nyama yaro usiku ihwohwo, yakagochwa pamoto, nechingwa chisina kuviriswa; vaidye nemiriwo inovava. Regai kuidya isina kuibva, kana yakabikwa nemvura, asi yakagochwa pamoto musoro waro namakumbo aro pamwechete noura hwaro. Musasiya chimwe charo kusvikira mangwana; zvose zvaro zvinosara kusvikira mangwana muzvipise nomoto.' Muridye kudai: Makasunga zviuno zvenyu, makapfeka shangu dzenyu patsoka dzenyu, makabata tsvimbo dzenyu mumaoko enyu; muridye muchikurumidza; iPasika yaJehovha. Nokuti nousiku ihwohwo ndichafamba napakati penyika yeljipiti, ndichirova madangwe ose avanhu panyika yeljipiti, navana vose vemhongora dzezvipfuwo; ndichatonga vamwari vose veljipiti; ndini Jehovha. Asi ropa richava chiratidzo kwamuri padzimba mamugere, kana ndichiona ropa ndichakupfuurai, kuti dambudziko rirege kukuwirai, rikuparadzei, kana ndichirova nyika yeljipiti. Zuva iri richava chirangaridzo kwamuri...** (Ekisodho 12:1-14).

### Mashoko Maererano nechibayiro

Mamwe mashoko anoshamisa pamusoro pezvibayiro zvePasika nezvibayiro zvezvivi zvaibayirwa muTestamente Yekare:

**(1)** Chibayiro chezvivi chaiitwa kunze kwemagedhe avo panzvimbo yainge yasarudzwa naMwari (Dhuteronomi 16:5,6).

**(2)** Hakuna bhonzo rechibayiro raifanirwa kuvhunwa (Numeri 9:12).

**(3)** Kunze kwezvipiriso zvaiipiswa nguva nenguva, zvavaibayira **"... mbudzi imwechete sechibayiro chechivi kuti akuyananisirwe, yekuti aite chipiriso kwauri** (Numeri 28:22).

**(4)** Chibayiro chaifanirwa kunge chisina chipomerwa (Numeri 28:19).

**(5)** Kugadzirira kwezvingwa zvisina mbiriso zvaiitwa nemazvo (Numeri 26:20).

## Kutaurwa Kwechiporofita Kwakazadziswa muna Kristu.

Chiporofita ichi munhoroondo yeIsiraeri chakazova chokwadi muna Kristu. 1 Vakorinte 5:7 inoti,

**Nokuti paseka yedu, yakatibayirwa isu, ndiKristu.**

**(1)** Munhu aive muusungwa vechivi, sehuranda vaive nevaIsiraeri muEgipita.

**(2)** Ropa regwayana rechibayiro chePasika rakatsiiwa neropa reMwanakomana vaMwari.

**(3)** Mumwe neumwe akafukidzwa neropa achange akachengetedzwa apo kutongwa kuchavira vanhu sechiitiko chakamboitika kuIjipita:

**...Kuna Iye wakatida Akatisuka, pazvivi zvedu neropa Rake....** (Zvakazarurwa 1:5).

**(4)** Chibayiro chedu chinoitwa kunze kwegedhe:

**Nokuti mitumbu yezvipfuwo, zvakaisirwa ropa razvo panzvimbo tsvene nomuPirisita mukuru nokuda kwezvivi, inopiswa kunze kwemisasa. Saka naIye Jesu vo wakatambudzika kunze kwesuvo, kuti Aite vanhu vave vatsvene neropa Rake** (VaHeberu 13:11,12).

---

## Hurukuro:

**1. Kubva mukotesheni iri muna Mabasa 20:7, tinopa mhedziso yekutii pamusoro pemaitikiro akutorwa kwechirariro Ishe.**

**2. Zvinofambidzana sei kuitwa kwaiitwa Pasika nekufa kwaKristu?**

**3. Takasukwa sei zvivi zvedu? Ko rubhabhatidzo runodyidzana papi neizvi?**

**(5)** Segwayana rechibayiro, hapana kana rimwe remapfupa ake rakavhunwa:

**Asi vakati vachisvika kunaJesu, vachivona kuti watofa hake, havana kuvhuna makumbo ake.... Nokuti izvozvo zvakaitwa, kuti Rugwaro ruitike, runoti, "Fupa rake haringavhunwi"** (Johane 19:33,36).

**(6)** Kristu akava chipiriso chedu chechivi, chibayiro chainge chisina gwapa kuzvivi zvedu:

**...zvikuru sei ropa raKrsitu, Iye wakazviita noMweya usingaperi chibayiro kunaMwari, chisina chachingapomerwa, richanatsa hana dzedu pamabasa akafa, kuti tishumire Mwari mupenyu** (VaHeberu 9:14).

## Chinangwa Chemabiko

Saka, mabiko ePasika nezvibayiro zvemhuka nokuda kwezvivi chaisangove chirangaridzo chaitiratidza kumashure kweuranda vekuEgipita mukusvika mukusukwa kwevanhu naMwari; zvakare kwaive nezviporofita zvekuuya kwegwayana rePasika iye chibayiro chechivi mumunhu vaJesu Kristu.

Mabiko echirangaridzo chakapihwa kukereke mukurangarira kufa kwake kunoponesa nhasi muchiitiko chakada kufanana nemabiko ekare: anonongedzera kumashure kumuchinjiko, nekuzodzoka Kwake.

**Nokuti nguva dzose, kana muchidya chingwa ichi, kana kunwa mukombe uyu, munoparidza rufu rwaShe, kusvikira achivuya** (1 Vakotinte 11:26).

## Kuziviswa KweChirariro ChaIshe

Ndeapi mavambo echirariro ichi?

**Zvino nguva yakati yasvika, Akagara pakudya navaapostora. Akati kwavari, "Ndakanga Ndichida zvikuru kudya paseka iyi nemi Ndisati ndatambudzika. Nokuti Ndinoti kwamuri, Handichazoidyi, kusvikira yaitika muvushe hwaMwari."**

**Akatora chingwa, akavonga, akamedura, akavapa, achiti, "Ichi muviri Wangu, unopiwemi; itai izvi, mugondirangarira." Nokudaro vo, vapedza kurayira, akatora mukombe, akati, "Mukombe uyu isungano itsva muropa Rangu, rinotevurirwemi"** (Ruka 22:14-16; 19,20).

Mukutanga, mukutaurwa kwezviporofita pamusoro pekurangarira kwechirariro ichi, Jesu akati:

---

## Hurukuro:

**4. Sei rubhabhatidzo rwakakosha kudarika tsika? ____________**

**5. Chii chatakaita kamwechete muhupenyu chakaratidza kuzvitsaurira kwedu? __________**

**6. Ndezvipi zvatinoita vhiki roga roga mutsidziro yekuzvitsaurira? ____________**

**7. Dzidziso dzeKatoriki dzinotaura kuti chingwa nemuto vemudzambiringa zvatinotora zvinova chaizvo muviri neropa raKristu. Kurukura kuti Bhaibheri rinotii pamusoro pezvinhu izvi.**

**____________**

**Ndini chingwa chipenyu, chakaburuka kudenga; kana munhu achidya chingwa ichi; uchararama nokusingaperi; chingwa chandichapa, inyama Yangu, hwuve vupenyu hwenyika....Kana musingadyi nyama yoMwanakomana womunhu, nokumwa ropa Rake, hamunovupenyu mamuri. Aninani unodya nyama Yangu, nounomwa ropa Rangu, unovupenyu hwusingaperi; Ini ndichamumutsa nezuva rokupedzisira** (Johane 6:51-54).

Vamwe vanofunga kuti Jesu aitaura nenzira yekufananidzira yechikafu chepamweya. Zvirokwazvo, hurukuro dzake pamusoro pechingwa chehupenyu (Johane 6:33,35) mukutanga kwechidzidzo chake Ane chirevo ichi here. Mashoko mamwechete ari muna Johane 4:10-14 zvakare anoshanda nechidzidzo chezvekudya zvomweya, izvo Jesu aidana kuti mvura yehupenyu munyaya iyi. Mundima dzose anotaura achizvinongedzera Iye, achiti Ndiye aive chingwa nemvura yehupenyu.

Asi somumuenzaniso uyu, Jesu akabva munekutaura kwekutaura chikafu chemweya, apo kuiswa kwedimikira rechingwa [nemvura, kumwewo] rakashandiswa, kumashoko asiri chaiwo, uye kana kuti aitaura achiisa zvinobva muchimiro chenhaurwa. Anotaura kuti vateedzeri vake vaifanirwa kudya muviri Wake nokunwa ropa Rake kana vachinge vachirarama. Nokuti hakuna kudyidzana, kana nzira yekufananidzira kudyiwa kwemunhu, vateereri vasina kumunzwisisa, uye

**Kune Kusanzwisisa pamusoro pechimiro chaKristu, muviri Wake, uye nehukama Wake muhukuru hwaMwari mumakore ekutanga emazana eChikristu.**

**"Masekete" mavivi anodanwa kuti maGnostics uye ma Docests, vanotenda kuti zvinhu zvenyama zvakaipa , saka vamodzidzisa kuti Jesu ainge asiri munhu chaiye asi kuti aionekwa bedzi seaive nemuviri vemunhu.**

**Kunyangwe nazvino kereke yeRoma Katoriki inodzidzisa dzidziso dze"dzekupinduka": zvinoreva kudya kwechirariro, icho vanodana kuti chingwa che"Sakirimente", zvirokwazvo chavanoti unova muviri unobatika nemuchero vemudzambiringa unova chaiwo ropa raKristu**

...**Kubva panguva iyo vadzidzi vake vazhinji vakadzokera shure, vakasazofamba naye** (Johane 6:66). Mukurarama mumazuva anhasi, mushure memakore zvuru zviviri mukurangarira vhiki roga roga chibayiro chemuviri vake pamuchinjiko, vatendi vanoona kutaura Kwake mumuono uyu nekutenda kuzadzisa kwezvinhu zvaaitaura. Aizivisa mamiriro emabiko ekudya kwemweya uko akazvitsaurira sekurangarira kufa kwake. Pachiitiko ichi bedzi nehusiku hwekutengeswa Kwake apo akataura pamusoro **pemuviri** Wake **neropa** Rake sechinhu chakafanirwa kudyiwa.


---

**Hurukuro:**

**7. Chii chinofanirwa kuitwa nemuKristu asati adya mabiko ekurangarira? ______________**

**8. Mufananidzo upi vakaratidzwa muZvinyorwa zvaKristu nekereke? ______________**

u




**Muviri** ne**Ropa** sechinhu chakafanirwa kuti vazodya. Mashoko anofambidzana kusarudzwa mumazvokuda. Asi kuvateereri venguva yake vaifamba netsika dzemutemo veTestamente Yekare vairambidza kudyiwa kweropa, kutaura kwaJesu kwakaonekwa kuri kutaura kwemanyepo. Aizviziva izvi, asi zvainge zvakakosha kuti kuziviswa kwechokwadi chakadzama ichi kuitwe.

## CHINGWA CHESUNGANO

Mukutora chingwa Asati aroverwa akatsanangura,

**Torai, mudye Uyu muviri Vangu...** (Mateo 26:26).

Mamotiro anovaka, nekusimbisana, nekudzidzisa chidzidzo ichi:

**(1) Tangarira, kubudikidza nendangaridzo yemuviri vakapihwa iwe** (Ruka 22:19).

**(2) Nokuti nguva dzose, kana muchidya chingwa ichi....** (1 Vakorinte 11:26).

Makristu ekutanga aive nemienzaniso miviri yezvidyo zvendangaridzo: chingwa chekuratidzwa muTemberi chaichinjwa *vhiki rega rega*, paSabata (Revitiko 24:5-9), uye chingwa chePasika chinova chaiitwa chirariro *gorenegore.* Kazhinji, nhasi, nhengo dzemasangano emasekete vanotenda kuna Kristu vanotora chirangaridzo chavo kamwechete pagore rega rega, uye zvaisavanikwa kuti chingwa chisina mbiriso kana muto vemuchero vemudzambiringa kuti uchinjaniswe kuchiiswa chimwe chinhu.

Asi avo vaive pasi pemitemo yeTestamente Yekare vainge vasina dambudziko mukusiyanisa pakati pemaitiro exvidyo zvavo kana zvinhu zvaibatanidzwa mazviri. Makristu ekutanga emumakore mazana ekutanga vaive vachiita zvakafanana zvaive pachena mukunzwisisa kwavo kuti kazhinji Mwari Aida kuti Mwanakomana vake agorangarirwa uye nekuda kuti zviratidzo zvinomiririra muviri neropa Rake.

Makristu echokwadi nhasi anotevera nzira yakafanana neiyi. *Nomusi vekutanga vevhiki svondo roga roga, chinangwa* chavo chekuungana pamwechete kutora *chingwa nemukombe* (1 Vakorinte 11:24-24).

**(2) Zvino munhu ngaazviidze.... Nokuti unodya nokunwa, nomutovo usina kufanira unozvidyira nokuzvimwira kurobwa....*** (1 Vakorinte 11:28:29).

**(3) Aninani unodya nyama Yangu, nounomwa ropa Rangu, unovupenyu hwusingaperi...** (Johane 6:54).

**(4) Baba vapenyu, sezvavakandituma, neni ndichararama naBaba; saizvozvo unondidya, uchararama neni*** (Johane 6:57).

Saka upenyu hwedu hwepaMweya vakasunganidzwa mukutora nguva nenguva kakafanira chirariro chatenzi. Tinorarama nokuti Akafa kuti agotipa hupenyu, uye nokuti anorarama matiri.

**Musoro neMuviri Vavo.**

**Nokuti somuviri uri mumwe, unemitezo mizhinji, nemitezo yose yomuviri, kunyange iri mizhinji, muviri ndomumwe chete; wakadarovo Kristu... Zvino, imi muri muviri waKristu, nomumwe, nomumwe mitezo yawo...** (1 Vakorinte 12:12,27).

Ndima haina kutaura kuti, **"... saka ndizvo zvakaita muviri vaKristu..."**, ndokuti, *umwe, vakabatanidzwa.* Asi kuti, **"... wakadarovo Kristu...",** anozviratidza kuva musoro uye kereke uri muviri, mukubatana kwose anodana kuti *Kristu*.

Pfungwa dzedu dzinoteera here kuita kwekuzvidurura Kwake mukusazvitutumadza zvakamupa chipingidzo chekuti akwanise kuva nekodzero dzake nenhaka yake yehuMwari kuti akwanise kuponesa vanhu kubva mumhosva yechivi? Zvainge zvisina kukwana Kwaari kuti ambosiya kubwinya kwake kusingaperi, uye nekuve anozvarwa mumuviri vemunhu; zvainge zvisina kukwana Kwaari kutambura kufa, mafiro epamuchinjiko nokuda kwekutadza kwedu. Muchiitiko ichi kwanemakore anokwanisa kusvika zvuru zviviri kubva kurumuko Rwake, Anoenderera mberi muchisungo chekuve pachinzvimbo chemutungamiri pamusoro peboka rinogadzirwa nevanhu.

Kazhinji mukuona zvirwere zvinovanikwa zvichirwarwa nevanhu, tinoona muviri yainge yakasimba ichiparadzwa kana kuona pfungwa dzaive nehutano dzichiiswa muhusungwa nemitezo inenge yakaoma. Kunyangwe kukura kwemakore kunokwanisa kukonzeresa kutya. Zvinorwadza sei kuti unorarama gore negore uine kumanikidzika kwakadai!

Zvipingaidzo Zvinorambidzwa neMuviri

Mukurarama kwechokwadi, Kristu rumuko rwedu aisangana nazvo mazuvaese zvipingaidzo zvekuva Mutungamiri vedu, nokuti dzimwenguva tiri vashingaira Vake, dzimwenguva tinova hushingi Hwake, pamwepacho simbe, pamwepavho vasingateereri, pamwepacho kuomeswa mitezo, pamwdpacho kutove pedyo nekuve miviri yakafa panyika ino.

---

**Hurukuro:**

**9. Unoziva here munhu akafa mutezo vekuti muviri vake hauchateerera zvinorairwa nepfungwa dzake? _______________ Vakambonzwa kurwadziva nokuda kwekukoniwa pamwe nekutambudzika kwake here?**

**10. Jesu anoda muviri vake kuti uitei munyika? ____________________**

Nderipi basa remusoro muukama nemuvi? Ndivo nguva yekutanga kufunga, nekuzvisarudzira nekusarudza mabasa. Musoro unoona nekutsvaka zvangadiva, asi unomira nekufambiswa kwemushandira pamwe kwemitezo yemuviri mukuzadzisa chinangwa.

Zvose izvo Mwari akaita kubva pakutanga kwenguva zvakaitwa muchinangwa chekuvhura nzira yeruponeso kumunhu. Kristu akafa kuzadzisa chinangwa ichi. Asi kuti basa raMwari nerufu rwaKristu rubatsire vanhu, vanofanirwa kuziva kuti chii chakafanirwa kuitwa. Ko Mwari anotaura nemunhu achiziva inzwi rake richibva kudenga here? Ko Kristu achadzika pasi kushandura moyo nechishamiso? Ko ngirozi dzinofamba munyika dzichidzidzisa Evangeri here?

Kwete.

Zvino mumaoko ani upfumi uyu unozorora? Mumaoko emuviri Vake. Musoro unoona nyika; Unotarira kune vanorasiki; Unechido kuti vose vaone rudo netsitsi dzeEvangeri. Shoko rinotumirwa kune kubva kupfungwa kuendeswa kumaziso, kururimi, kumusoro, kumakumbo, uku kunenge kuine kurongeka kwekuitwa kwezvinhu, unova mufaro vakadii vaanonzwa kuti hurongwa hwemakore unenge uchizadziswa!

Asi funga zvakare, kune zvishingaidzo nekurwadziwa Kwaangasangana nako apo mashoko anenge anenge achibuda kubva mumusoro asi nhengo dzemuviri Vake dzichiramba kuteerera mukuraira kwake. Funga kangani kaakaiswa muhusungwa meusimbe hwedu uye nekuoma kwemuyezo mukusateerera. Fungisisa, ufungisise, kuti anova neshungu zvakadii kana nhengo yemiviri vake ichinge yamurasisa Iye, tinomutuka Iye nokuda kwezvinhu zvatinoita zvinonyadzisa. Iye chaizvo izvo angarambe Mwari, mumanyepo, mukunyengera, kurarama muunzenza, kufarira mufungo yakashata, kudhandiswa kwemutauro vakaipa, kuparadzana kwemusha, kushaya hanya nevanoda rubatsiro...? Asi, *zvose zvatinoita semuviri Vake, tinozviita Kwaari.*

Vhiki rega rega *tinotora* muviri Vake kuitira kuti tikwanise kurarama Maari. Mazuva ose *tiri* muviri vake kuti akwanise kurarama matiri.

## ROPA RESUNGANO

Akatora mukombe akavonga, akavapa achiti, "**Inwai mose pauri. Nouti ichi iropa Rangu resungano itsva, rakadururirwa vazhinji kuti vakanganwirwe zvivi"** (Mateo 26:27,28).

Sezvo muviri Wake uri hupenyu kwatiri, saka ropa Rake hupenyu kwatiri. Munyika yatinoona tinoona chete kana muviri vatadza kushanda zvakanaka. Kana dambudziko rakakomba


---

## Hurukuro:

**11. Makristu anofanirwa kurangarira kuti mazuva ose vanofamba munyika se________________**

**12. Chii ropa raJesu' riri matiri? _________**

**13. Ndedzipi pfungwa dzechisainzi idzo Genesisi 9:4 dzakadzidzisa makore anezvuru zvemakore vanhu vasati vakuziva pfungwa iyi? ______________**



zvakanyanya, munhu anofa, saka ropa nerufu zvakava zvakabatanidzwa pamwechete mupfungwa dzedu zvachose.

Asi, kubva pakutanga Mwari akati,

**Asi nyama, kana inoupenyu hwayo, iro ropa rayo, musaidya iyo** (Genesisi 9:4).

Ndezvipi zvinovanikwa muropa nebasa reropa mukati.memuviri? Sei ropa irir *hupenyu vemuviri?*

## Ropa: Hupenyu Vemuviri

Tiri zvisikwa zvakaumbwa nenemazana ematiririoni emasero anorarama. Rimwe nerimwe remasero aya rinorarama nokufamba kweropa mumuviri mukuenderera mberi kwehupenyu, saka - zvinoshamisa - kuti sero rimwe nerimwe rinosvika mufambo ve60,000 dzetsinga dzemuviri dzinogadzira maitiro anokosha aya. Sekuita kwenzizi dzinopa mvura munyika, saka ndizvo zvinoita tsinga dzeropa dzinofambisa muviri.

Asi rinoita basa rei? Kune mabasa matatu: kupa zvokudya, kuchenesa nokuchengetedza.

## Kupa Zvokudya

Chimwe chechikamu *cheropa masero eropa tsvuku*. Mashandiro aro nderekupa *zvokudya* ne*kunatsa* matiriyoni emasero mumuviri. Mukufananidza nenzizi dzinoverera mumuviri medu. Macero etsinga tsvuku anoenzaniswa nenzizi dzinofamba nezvikepe zvakatakura chikafu chakakosha, zvikafu zvinovaka muviri nemweya vatinofema. Cero rimwe nerimwe rinokwanisa kutora kubva mumaava makumi maviri nemana

---

## Hurukuro:

**14. Mukati memuviri medu mune _____________ cheropa; _________kureba kwemamaira.**

**15. Chii chinoitika kumacero ose kana kufamba kweropa kwavo kuchinge kwamiswa? ______**

**16. Chii chinoitwa nemacero matsvuku? ______________**

**17. Macero eropa chena anoitabasa rei? _________**

**18. Tinokwanisa kurarama here tisinamacero eropa chena rinorwisa vatori? ______________**

mukupa zvose zvingadiva mune zvose zvekudya. Mafambiro avo mukutenderera mumuviri vose anotora masekondi makumi maviri. Asi kana zvekudya chikepe chisina kutakura chinotora tsvina kubva mumacero zvichiiendesa kuitsvo. Mushure mekunge acheneswa ikoko anodzokera kumoyo kunotanga chimwe chikamu chekutakura chikafu nekuchenesa muviri vose.

Kana macero emiviri akangove nemukana vemweya vekufema nechikafu chaanoda, uye kana tsvina ichiramba ichienderera mberi mukubviswa, macero anogara akatsvinda aine hutano. Achiita basa ravo rekuita kuti muviri ushande zvakanaka, asi kana kufamba kweropa kukamiswa, masero anopera simba romweya vokufema zvinosvika mukuumba hutachivana. Pasina mweya vokufema muviri unofa mumaminetsi mashoma nane.

## 'Kukurira' Kweropa

Ma*cero eropa chena* ndivo *anotirwira.* Sezvo muviri uchikwanisa kurwiswa kubva kumativi ose, zvakakosha kuti cero rimwe nerimwe rive rakachengetedzwa nemasodya emacero mukufamba kweropa. *Kuchengetedzwa kubva kuvatori* ndiro basa rekutanga remacero aya. Apo muvengi anouya, ndivo *varwiri* vemuviri, mukurwa kukunda chose chingada kukunda hupenyu.

Munguva ino izere nemishonga yezvishamiso, tinotora masodya asingaurayivi anda tinobva takanganisa kupona kuwefu kubva kukumishonga. Asi mishonga chayo kubatsira kubata varwisi kuzvikira macero eropa chena akwaniswa zvekukwanisa kukunda utachivana. Hakuna mushonga pechezvavo pasina macero eropa chena anokwanisa kurwisa zvirwere zvose "SHURAMATONGO" yakaratidza chokwadi ichi

## Kunatsva Kweropa

Basa rechitatu remacero machena *nderekuchenesa* mushure mekunge mando dzaparadza. Nguvadzose, macero anenge afa kana kukuwadzwa mumuviri vose anofanirwa kubviswa kuitira kuti macero mapenyu akwanise kuita basa ravo zvakanaka. Zvirwere, kutsukuruka, kuita mapundu, kupindwa nechando nekuita zvironda, zviratidzo zvinotiudza kuti macero emuviri medu anenge aripabasa rekudzivirira nekuchenesa.

Zvirokwazvo, tinobatanidza ropa nerufu nekuti kazhinji tinoriona parinenge richibuda kubva pamuviri, asi zvakare ropa ndiro rinoraramisa hupenyu mumuviri medu. Nzwisisa, zvirinyore kwatiri kunzwisisa kuti sei Jesu akasimudza mukombe pachirariro achitaura kuti,

**Inwai kubva pauri... iri iropa Rangu....** (Mateo 27,28).

Zvakare tinokwanisa kuitirwa zvirinani kunzwisisa kuti sei akataura,

**Aninani unodya nyama yangu, nounomwa ropa rangu, unovupenyu hwusingaperi....** (Johane 6:54).

Nokuti *hupenyu* [unodazvokudya, zvimwechete nekukosha kwehupenyu] huri muropa. Tinoona kuti sei tadzidziswa,

**...neropa raJesu Kristu, Mwanakomana wake, *rinotinatsa* pazvivi zvose*** (1 Johane 1:7).



sezvo ropa richibvisa hutachivana neropa pamuviri, sei Zvinyorwa zvichiti,

**... ivo *vakamukunda* neropa reGwaiana*** (Zvakazarurwa 12:11), akatiita kuti tikunde chivi nokuti ropa Rake riri matiri rakaita kuti tikunde (Johane 16:33)

Tinotora muchero vemudzambiringa, chirangaridzo cheropa Rake, kuitira kuti ropa Rake riite kumweya yedu sokufamba kunoita ropa mumuviri medu.

**Magadziriro anoitwa chingwa** Komichi imwechete yefurawa isina mbiriso

Zvipunhu zvitatu zvemafuta ekubikisa eorivhi

Netusouti

Wozvivhenganisa pamwechete

Vedzera zvipunhu zvepatafura zviviri kana zvitatu zvemvura inotonhora.

Uchishandisa zvigunwe zvako zvivhenganise, gadzira kanenge kabhora. Kaise papuranga rekubikira chingwa, vozvicheka nebanga muzvidimbu zvinokodzera kuzotorwa munguva yekurangarira. Zvibike mukudziya kunozvika 425 madhigirizi.

Itai kuti chingwa chive chakakodera chisina kuora nguva dzose panorangarirwa. Mukuitwa kwaiitwa kwemhemberero muTestamente Yekare. Chingwa chaigara chakabikwa chitsva vhiki rega rega. Tingaite zvishima here kuna Ishe?

## Mundangariro Unogutsa

Saka, tsika mbiri idzi Mwari akatumira muhurongwa hweChikristu hurikumberi kudarika tsika. Kune humboo hwakanaka une chirevo cherudo Rwake kwatiri nekuita kwerudo kwatinoita Kwaari.

**(1) Rubhabhatidzo ndivo mufananidzo vedu verufu, kuvigwa nekumuka kwaJesu;** kutaura kwedu kunyika kuti, sekuzvipira kwaakaita nokuda kwekudarika kwedu nekutora zvivi zvedu, nokutifira pachinzvimbo chedu, tinopa hupenyu hwedu Kwaari.

Rubhabhatidzo kuiswa mukufa, nekuitwa chisikwa chitsva (Johane 3:3,5). Mukuzvarwa kwemuviri nebvura, neropa iye neMweya vehupenyu kunoitika.

**Kune zvitatu zvonova zvinotireverera panyika: Mweya, mvura neropa; uye zvitatu izvi zvinotenderana sechinhu chimwe.**

Rubhabhatidzo mumvura kuzvarwa kwemweya chinhu chisingaonekwe unova Mweya vaMwari, unonatsa upenyu hwemweya uri matiri, uye ropa raJesu rinotinatsa isu zvivi zvedu zvekare nekupa zvokudya

---

## Hurukuro:

**19. Chii chinoitwa nemacero eropa richena mushure mekunge muvengi aparadzwa? ________**

**20. MaKristu anokunda sei nyika? ______________**

**21. Izvi hazvibatane sei nekukwanisa kukunda kweropa? ______________**

kumweya yedu, kudzivirira nekuramba uchinatsa hupenyu hutsva huri matiri.

**(2) Chirariro chirangaridzo chekufa nehupenyu hwake watinorangarira vhiki roga roga,** uye nehupenyu Wake kwatiri, mukutarisira kudzoka kwake nekushandurwa kwedu kuitwa muviri vekusafa.

Zvirokwazvo, Mwari anoda kuti tive tinoramba tichirangarira kukosha uku kweruponeso. Zvimwe, anokwanisa asina kumaisa mumabasa maviri nokuda kwekuti vanhu vanozozvitora setsika. Makristu pachezvavo, vanofanirwa kunge vakangwarira kuitira kuti vasapinde mudambudziko rimwechete iri. Rubhabhatidzo, rukaitwa kakawanda rinova rwenhando. Nhatisakanganwei kuti mukana vakadii vatakapihwa vekuve zvapupu kunaka kwenguva: kukundwa kwechivi nekuzvarwa kwechisikwa chitsva mumhuri yaMwari.

Ngatisaderedze simba kana kukosha kweTafura yeChirariro chaIshe. Hakusi kuita kwekufambisa nguva kana tsika. Kugoverana kwedu kwevhiki roga roga mukufa kwakatipa hupenyu, uye kuita uku kwakakosha kumweya vedu.

Chimwe chingave chikonzero cheMakristu mukusaita nepfungwa dzinoda mukutora Chirariro kushaikwa kwekurongeka kwekugadzirira kwakakwana.

**(a) Takafanirwa kuyeuka zvakakwana chirevo chekurangarira,** zvakakosha kwazvo kuti zviitwe mukukoshesa kudarika tsika.

**(b) Takafanira kucherechedzwa kutaurwa kwechiporofita,** mumabiko emuTestamente Yekare. Umo kuchengetedzwa kwaiitwa chero zvazvaitwa? Kwete. Hurongwa hwemitemo waipihwa naMwari, iye vaiteedzerwa sekupihwa kwavaiita. Sechingwa chisina mbiriso, somuenzaniso (Revitiko 24:5-8) chaiitwa chitsva vhiki roga roga, mumupimo vakatarwa. Chingwa chePaseka chaibikwa zvakangwarira zvakakodzera. Inokwanisa kufungidzira uchiona maJudha muEgipita achibuda akananga kutotenga chingwa kune mamwe maEgipita kuti vashandisa pachidyo chakakosha ichi?

Asi, nhasi mukunamata kuzhinji kwatinoita haasi maoko eMakristu arikugadzira chingwa

---

## Hurukuro:

**1. Zvii zvinhu zviviri zvatinoita nokuti Jesu Akazviita kwatiri?**

**2. Ko rubhabhatidzo rinopa sei mufananidzo vekufa, kuvigwa uye kumuka kwaKristu?**

**3. Chii chatinoti chinoitika kamwe mukuzvipira muna Kristu?**

**4. Chitsidziro chipi chatinoita svondo roga roga kudzoreredza kuzvipira uku?**

**5. Chii chinomiririrwa nechingwa chisina mbiriso?**

**6. Chii chinomirirwa nemuto vemudzambiringa?**

**7. Chii chakafanirwa kuitwa nemuKristu asati adya Chirariro?**

**8. Kuva Mukristu zvinoreva kubva kune __________**

**9. Ndiani anogadzira chingwa cheChirariro chekurangarira Ishe chamunotora?**

ichi chatinodya mukurangarira muviri vaIshe. Vazhinji vanotendera kurerukirwa kuti kuve kunotonga mukurarama kwavo. Mabhokisi ezvingwa zvisina mbiriso zvakanyorwa kuti zvisina mbiriso "Haashandiswe paPasika", ndizvo zvirangaridzo zvedu. Chingwa ichi chisingakwane kunyangwe kushandiswa semuenzaniso vechaishandiswa paPasika zvinova zvakutenderwa nekugamuchirwa kushandiswa meMakristu sechingwa chekurangarira Muponesu vedu. Kangani kazhinji patinechokwadi chekuti chingwa chakadai chinotengwa pasina kufungisisa kwakakwama choshandiswa, pasina kufunga kwakadzama, kunhengo dzesangano dzinomedura nekudya pasina muono? Zvimwe Pauro kutaura kwake kuVakorinte kunokwanisa kushandiswazve nhasi uno:

**Nemhaka iyi vazhinji varipo pakati penyu vasinesimba, vanorwara; vazhinji vavete** (1 Vakorinte 11:30).

Kwete. Ndinobvuma kuti hakuna *mutemo* vakaita seuyu, pamubvunzo uyu; ingori nyaya yemaitiro. Asi kuita kwedu hakuratidze zvizhinji here pamusoro pekutendeka mumibvunzo yedzidziso? Zvichida tinokwanisa kuve takanyanya kuita zvomweya mukurarama mumararamire emubhaibheri kana kuita kwedu kunokwaniswa kuonekwa sokuduku asi kukosha kwemashoko kwakareruka. Handifungidziri Maria naMartha vachinotenga chingwa kubhekari. Kana kufungidzira ndichivanzwa vachitaurirana sekuti "Kugadzira chingwa kune matambudziko mazhinji" kana kuti "Handizivi kugadzira chingwa. Kana ndichinge ndagadzira handichafanirwe kugadzira ndiro dzepatafura mumwevo ndiye anenge akufanirwa kuita," kana kuti "Ndaneta nebasa iri."

Asi kuti, ndineidi kuti madzimai ava vaiziva rudo rwaive naJesu urwo rawaivasunda ivo pachavo kuti vashandise maoko avo semukana vekugadzira chingwa chinokosha mukunamata kwesangano. Ndinofunga kuti vaisava nokunyunyuta kana pfungwa dzekugunun'una mupfungwa dzavo apo vaipima furawa nemafuta, asi kuti vaifadzwa munguva yekunamata kwavo sekushanda kwavaiita. Zvirokwazvo, vainzwa kufara kubudikidza nekuve pedyo naIshe vaitaura Naye, nekumubikira, nekumusukira, kumuvatyira uye nekumuda apo Ainge achiri panyika. Tinenge tichimushuva zvakadii apo tinenge 'tichimugadzirira' kugadzira kwatinomuitira Chirariro!

Sezvo zvose chingwa nemuto vemudzambiringwa zvichishandiswa mukurangarira mubvunzo unokwaniswa kuvepo ndevekuti, "Sei tiine pfungwa yekuti chingwa chakafanirwa kugadzirwa pakati pedu asi tichitendera kuti muto vemudzambiringa utengwe?" Zvirokwazvo zvinhu zvakanaka kana tikakwanisa kuita zvose, asi kazhinji hazvikundike (nokuda kwemamiriro ekunze uye kushaikwa kwepekurima) kuti Mukristu mumwe neumwe ave nemunda vake vemudzambiringa. Kana mumwe pakatipedu achikwanisa zvakanaka! Kana zvisizvo, Mwari hapana paakati ndizvo anoda. Pamusoro pechingwa, kana tichinge takwanisa kuzvigadzirira kudzimba kwedu, chinova chinhu chakanakisa kwatiri. Asi kana izvi zvisingaitika, zvirokwazvo

Mwari haade kuti tiite izvo tisingagone.

**(c) Tinoda kuti pasangano tinyatsotora pfungwa dzedu nekutora nguva yedu mukugadzirisa chidyo ichi.** Takadzidziswa kuzvinzvera (1 Vakorinte 11:28). Murayiro uyu urikuteedzerwa here zvakanaka, kana pari pamusoro peChirariro, munyengetero vakaitwa, zvichiteerwa nechinguva chekunyarara? Mukana unofanirwa kupihwa kuti kutadza kureururwe, kukumbirwa kweruregerero kune avo vatakatadzira, kugadzirira mukurevesa moyo yedu mukutora Chirariro.

**(d) Zvinova zvinobatsira kana zvinyorwa nekukosha kwazvo kukadzidziswa pamusoro penhoroondo, zvirevo zvayo uye chinangwa chendangaridzo chichipihwa.** Tave kuita vazivi vetsika nekubata nguva mukunamata kwedu Mwari, kuti nguvazhinji tinoshandura zvinhu zvatinenge tichiita mukunyengera. Chinangwa chedu chekuungana pamwechete, ndechekumedura chingwa. Hakusi kuzadzisa basa redu remusi vekutanga vevhiki kuitira kuti tikwanise kuenda mberi kuvhiki rinotevera.

Isu, pachezvedu seMakristu tine chimwe chinhu chiri matiri chakavanzika nezuva raIshe, chakasiyaniswa nevamwe vanozviti Makristu munzira yatinoyanana nayo. Kamwe tinogara mumumvuri vechivakwa chekare muguta reRoma. Takamirira kutora chingwa nemuto vemudzambiringa, takakomberedzwa nendangariro dzechiitiko chakaitika. Makore zvuru zviviri zvakadarika, Roma yaionekwa senyika yaive nesimba pasi rose. Chimiro chayo chaive chezvivakwa zvaibwinya yaiyemurwa navanhu. Masimba eRoma aiziikanwa kunyika dzose, munguva iyi chimwe chechinangwa cheRome chainge chiri chekuona Makristu achiurava ose.

Makristu nekumwe kutaura, vainge vasina mauto, vasina hutungamiri hwepasipano, vasina ndangaridzo 'zvakanyorwa' zvavaiti ndizvo zvose' zvainge zvakanyorwa pamatombo zvaivarangaridza nezvehukuru hweshoko raIshe wavo. Zvisinei, vainge vakapihwa zvirinyore - uye zvaisakara - ndangariro yaigadzirwa nechingwa newaini. Kushingaira kwakadii munhoroondo munhu angatarisere ndariridzo kunge dziri, kunyanya kana pachinge padarika mazana nemazana emakore?

Asi, zvose zvakatitenderedza zvinova umboo vemazvirokwazvo unotirangaridza zvakafanirwa kushingairwa, uye kuti munhu anosimuka achidonha. Mukusiyanisa, kutenda nekuita kwemaKristu emumakore anezana ekutanga, zvirikuenderera mberi mukuita kwatirikuita isu kunyangwe nanhasi; uye zvakange zvakaiswa pakati pemuturunhuru veRome, nechingwa, chinomira semuviri vake nemuto vemudzambiringa unomira seropa Rake, ndangariro yakararama kwemakore anodarika zvivuru zviviri, zvisenei nekutaridzika kwayo sekunge yaisakwanisa kugara kwenguva refu.

u



## *Ishe Varikutonga*

### Chitsauko Chegumi Nembiri

Zvirokwazvo tinoona zvisina mubvunzo kuti Mwari anotonga munyika yemweya. Kana kuti anotonga ari panyama, munyika izere nezvivi, mubvunzo uzere negakava mupfungwa dzevanhu. Zvinyorwa zvinotsigira kumasimba aMwari, zvakare anosimudzira Jesu Kristu saIshe, kwete kudenga bedzi, asi nepanyika zvakare:

**Ndakapiwa simba rose kudenga napanyika** (Mateo 28:18).

**...ndikaona**[paive] **nomumwe akafanana noMwanakomana womunhu Achiuya namakore okudenga, Akasvika kune akakwegura pamazuva ake, vakamuswededza pamberi pake. Akapiwa simba, nokubwinya, noushe, kuti vanhu vose namarudzi ose namarimi ose vamushumire; simba Rake roushe isimba risingaperi, risingazopfuuri, uye ushe Hwake haungazoparadzwi** (Dhanieri 7:13,14).

**... gwaiana... ndiro Ishe wamadziShe, namambo wamadzimambo ....**(Zvakazarurwa 17:14).

Asi Jesu ainge akataurira vadzidzi vake apo ainge achiri mumuviri venyama:

**...nokuti suvo rakamanikana nenzira nhete inoenda kuvupenyu, vanoiwana vashoma** (Mateo 7:14).

Zvirinyore kuMakristu, anogara munyika uye nekucherechedza kumapoka ezvitendero zvine nhengo dzinosvika mazana emamiriyoni, mukugadzira zvinhu zvisingakoshi. Mukuenzanisa tiri vashoma nesimba redu rinoratidzika kuwaridiki. Uye mukuenzanisa nezera redu, tinosvika pakuita dambudziko rekupima simba raMwari. Asi Zvinyorwa zvinotaura pachena kuti haasi usine simba kana kuva muduku Iye Mwari vatinoshumira.

### Mwari Arikutonga Zvaakasika

Bhaibheri inhoroondo yakafuridzirwa yaMwari achibata nenyika. Kunyangwe hazvo akapa kumunhu sarudzo yekusarudza vaangade kana kuteerera - Iye kana Satani - uye kunyangwe ruzhinji rwevanhu rwichisarudza kuzvigutsa muzvinhu zvavo pane kuti vateerere kuna Mwari, zvisinei Mwari vachiri nemasimba saIshe pasirose. Mamiriro ezvisikwa zvakasikwa naIye uye zvinoraramiswa Naye. Mukuratidza simba Rake, raakataura muna Jobho 38:8-11 kuti aive Iye akagadzira mhenderekedzo nemiganhu yemagungwa anoti,

**Ndikati, `Ungasvikira pano, asi haungapfuvuri; Mafungu ako, anozvikudza, achadzivirirwa pano!**

VaHeberu 1:1-3 inodzidzisa kuti kunyangwe nazvino, Mwanakomana

**...unotakura zvinhu zvose neshoko resimba rake....**

## Mwari Ari Pamusoro PeHutungamiri Vehurumende

Mumabasa ehurumende, zvinyorwa zvakafuridzirwa zvinoratidza kuti, zvisinei Mwari asina haana kutarira kuti agadzire hutungamiri vakanaka kana vakashata asi, anotarira pamusoro pezviitiko zvemunyika kuti aise masimba kune avo vaanoda kushandisa mune zvakanaka neavo vanenge vaine kuita kwakaipa kuti kushandiswe kutonga nekupamhosva kuvanhu kana vanhu vachikodzera kuitwa saizvozvo. SaFarao muEjipita, apo vaEjipita vainge vakaisa vaIsiraeri muhuranda, Iye anoti,

**... asi zvirokwazvo ndakakuraramisa nokuda kwaizvozvo, kuti ndikuratidze simba rangu, uye kuti zita rangu rikurumbire kunyika dzose. Zvino ucharamba uchingozvikudza uchirwa navanhu vangu .....** (Ekisodho 9:16,17).

Mwari akavimbisa vaIsiraeri mukutanga kwerudxi rwavo senyika:

**Tarirai, nhasi ndinoisa pamberi penyu kuropafadzwa nokutukwa; kuropafadzwa, kana mukateerera mirairo yaJehovha Mwari wenyu,** [Elohim, muuwandu: hukuru hwaMwari] **yandinokurairai nhasi; nokutukwa, kana musingateereri mirairo yaJehovha Mwari wenyu, asi muchitsauka panzira yandinokuraira nhasi, mukatevera vamwe vamwari vamusina kuziva** (Dhuteronomi 11:26-28).

Isiraeri yakave netsika yekusateerera, nokudaro, yakatambudzika mukugadziriswa mumaoko enyika dzehondo dzainge dzakaitenderedza. Mukupedzisira Mwari akatendera Asyria yaive nehutsinye kuti ukunde pamasimba zvakasakisa kukurirwa kweIsiraeri vakararama vakapambwa muhuranda. Mashoko aya akanyorwa pamusoro peAsyria:

**Nhaiwe Asiria, shamhu yokutsamwa kwangu, wakabata muruoko rwake tsvimbo yeshungu dzangu. Ndichamutuma kundorwa norudzi runomhura Mwari, ndichamurayira kundorwa navanhu vandinotsamwira, kuti andotora zvakapambwa, andotora zvakatapwa, azvitsikire pasi sedope riri munzira dzomumusha.**

**Asi iye**[Asiria] **haafungi kuita izvozvo** [kuve mudziyo vaMwari];.... **asi iye nomoyo vake anorangarira kuparadza nokupedza marudzi mazhinji....**

**Saka zvino kana Ishe apedza basa rake rose pagomo reZiyoni napaJerusaremu, "ndicharova zvibereko zvomoyo unozvikudza wamambo weAsiria, namanyawi okuzvikudza kwake. Nokuti akati, 'Ndakazviita nesimba roruoko rwangu, uye nouchenjeri hwangu.... ' Ko sanhu ringazvirumbidza pamusoro poanotema naro here?...Kana jeko ringazvikudza pamusoro paanobata naro here?...." Saka zvanzi nashe, Jehovha wehondo: "Imi vanhu vangu.... musatya muAsiria, kunyange akakurovai neshamhu nokukusimudzirai tsvimbo yake, sezvaakaitira Ijipiti. Nokuti kwasara chinguva chiduku, kutsamwa Kwangu kuchapera, hasha Dzangu dzichavaparadza." Jehovha wehondo achamusimudzira tyava....** (Isaya 10:57, 12, 13, 15, 24-26).

Kubva muchinyorwa ichi tinokwanisa kunzwisisa zvinhu zvakawanda:

**(1) Mwari anotendera vanhu vose kuzvisarudzira. Akavimbisa kuporesa vanoteerera nokupa mutongo kune vasingateereri.**

**(2). Kubata kwekuvirirana kwaMwari kuvanhu kunotungamirwa nehukama hwatiinavo Naye.**

**(a) Avo vanova mumhuri Yake anobata navo saBaba nevana vavo.** Mwana anoteerera anovimba nemaropafadzo ake nekutarisira. Mwana asingateereri (sezvaiita maIsiraeri) anotarisirwa kurangwa (VaHeberu 12:5-7) kuitira kuti akwanise kugadzirisa hunhu hwake; kana kuti akasateerera mukurangwa, anosvika mukudzingwa mumhuri.

**(b) Avo vanenge vasiri muMhuri yaMwari vanosvika mukushairwa hanya nekungosiiva vachiita zvavanoda maringe nezvido zvavo;** kana kuti masimba avo anosvika mukuvedzerwa kuitira kuti vashandiswe semudziyo yaMwari mukugadzirisa kwekuranga vanhu Vake. Zvirokwazvo, kana chikamu chavo chekushandiswa mukuranga nekuita zvakaipa chadarika, Mwari anopa mutongo kunyika nekuvanhu vanesingamudi kusanganesira avo vaanenge ashandisa somudziyo yekuranga.

**(c) Zvisinei nemasimba mutongi venyika angaonekwe kunge anavo, Mwari ndiye mutungamiri anovedzera nekutendera simba rake kana kupa mugumo kusimba rake.** Mune kumwe kukosha kwenguva dzenhoroondo, simba renyika yeBabhironi rakavedzerwa kuitira kuti rishandiswe kuranga kusatenda kwevakasara vevanhu vaMwari muJudhiya nekuvadzosazve Kwaari. Nebukadhinezari ndiye murume akasimudzwa naMwari kuti akwanise kuita basa iri, asi mukufamba kwenguva Nebukadhinezari nekuzvikudza kwake zvakamupa kuvhaira:

**Ko iri harizi Bhabhironi guta guru, randakavaka ini nesimba rangu guru, ndikurise umambo hwangu, huve hugaro hwamadzimambo, here?** (Dhanieri 4:30).

Mwari akapa mutongo kuna Nebhukadhinezari nokuda kwekuita kwake, uye pamberi akazoti,

**...Ndikatenda Wokumusoro-soro, ndikamurumbidza nokumukudza Iye Ari mupenyu nokusingaperi; nokuti ushe Hwake hauperi, nokubata Kwake ushe kunosvikira kumarudzi namarudzi; vose vagere panyika vakaita savasina maturo; Iye anoita sezvaanoda pahondo yokudenga, napakati pavagere panyika; hakuna angadzora ruoko Rwake, kana angati Kwaari, "Unoiteiko?"** (Dhanieri 4:34,35).

Mukutongwa kwaJesu Pirato akabvunza,

**Hautauri neni here? Hauzivi su kuti ndinesimba rokukusunungura, nesimba rokukurovera pamuchinjikwa?** (Johane 19:10).

Jesu akapindura akati,

**Haungatongovi nesimba pamusoro Pangu, kana usina kuripiwa richibva kumusoro' naizvozvo wakandiisa kwauri, unezvivi zvinokunda zvako** (Johane 19:10,11).

Zvakare munhoroondo yepasirose yakaitika, tinoudzwa nezvekuzvikudza kwaHerodhe,

**... Ipapo nezuva rakanga ratarwa, Herodhe akafuka nguvo dzovumambo, akagara pachigaro chake chovushe, akataura kwavari. Ipapo vanhu vakadanidzira vachiti, "Inzwi raMwari, harizi romunhu!" Pakarepo mutumwa waShe ukamurova, nokuti wakanga asinakukudza Mwari; akadyiwa nehonye, akafa** (Mabasa 12:21-23).

VaRoma 13:1-7 inotaura chitsungo chemaitiro aMwari, apo anotendera masimba kana kumaramba kuvatongi venyika:

**Munhu mumwe nomumwe ngaazviise pasi pamasimba makuru; nokuti hakunesimba risina kubva kunaMwari; iwo aripo akaiswapo naMwari. Saka unoramba simba, unodzivisa zvakaiswapo naMwari; zvino ivo vanodzivisa, vanozvitorera mhosva. Nokuti vabati havatyisi unobata basa rakanaka, asi rakaipa. Unoda kusatya simba here? Ita zvakanaka, ugorumbidzwa navo; nokuti ndiye mushumiri waMwari kwauri, kuti akuiitire zvakanaka. Asi kana uchiita zvakaipa, chitya; nokuti iye haabati munondo pasina; nokuti ndiye mushumiri waMwari, mutsivi wokutsamwa kunounoita zvakaipa. Naizvozvo munofanira kuzviisa pasi pavo, musingadaro nokuda kwokutsamwa bedzi, asi nokuda kwehana vo. Nokuti nemhaka iyo munoripa vo mutero; nokuti ndivo varanda vaMwari vanoramba vachingobatira chinhu icho. Ripirai vose zvavanofanira kuripirwa: Mutero kunavanofanira kutererwa; muripo kunavanofanira kuripirwa; kutya kunavanofanira kutyiwa; kukudza kunavanofanira kukudzwa.**

Saka kubva pakutanga, munhu akatenderwa kutonga munyika yekwake, asi ari pasi pemasimba aMwari. Kunyangwe akasarudza kuva pasi pekuteerera, kana kusateerera, anoshandiswa seturusi rinobatsira kuzadzisa chinangwa chaMwari. Mwari pachake Ndiye ega Chaiye Anotungamira.

## Mwari Unotonga Ari Kunyika yoMweya

Izvi zvinova chokwadi zvakare kumanzwi akasiyana tisingaone: zvimbo yemweya. Inova yakazadzwa zvenengirozi nemweya uyo unenge vaparadzaniswa nemuviri vayo venyama murufu, yose yakatendeka neisina kutendeka. Kurondedzerwa kunopihwa kungirozi dzehondo yekudenga:

**... ndikanzwa inzwi ravatumwa vazhinji vakanga vakakomberedza chigaro chovushe... kuwanda kwavo kwakanga kuri zvuru zvezvuru nezvuru zvamazana** (Zvakazarurwa 5:11).

2 Petro 2:25 inoti, mukuenzanisa nengirozi dzisingateereri:

**Nokuti kana Mwari asina kurega vatumwa vakatadza, asi wakavakandira muTartaro nokuvaisa kumakomba erima, kuti vachengeterwe kutongwa....**

Jesu anoratidza chiitiko ichi mukufa kwemuviri vemunhu munyaya yajaya mupfumi naRazaro muna Ruka 16:19-31:

**...Zvino murombo wakati afa, vatumwa vakamuisa pachifuva chaAbhurahamu. Mufumi akafa vo, akavigwa. Zvino ari muHadhesi, ari pakurwadziwa, akatarira kumusoro....**

Zvakazarurwa 6:9-11 inotaridza zvizhinji pamusoro pezviitiko zvekudenga, apo kunovanikwa mweya yevanhu vanenge vafa:

**...Ndikavona panyasi pearitari mweya yavanhu vakanga vavurawa nokuda kweshoko raMwari, nokupupura kwavo kwavakapupura; vakadana nenzwi guru vachiti: Tenzi mutsvene wazvokwadi, mucharega kutonga vanogara panyika nokuvatsiva ropa redu kusvikira riniko? Ipapo mumwe nomumwe wavo wakapiwa nguvo chena; vakavudzwa kuti vambozorora chinguva chiduku, kusvikira vamwe varanda pamwe chete navo nehama dzavo, dzaifanira kuvurawa saivo, varinganiswa vose.**

**Shure kwaizvozvo ndakatarira, ndikavona vazhinji-zhinji vasingagoni kuverengwa nomunhu, vakabva kundudzi dzose, namarudzi, navanhu, nendimi, vamire pamberi pechigaro chovushe, napamberi peGwaiana, vakapfeka nguvo chena....** (Zvakazarurwa 7:9).

## Umambo Uviri Munyika

Mukati menyika mune Umambo uviri unorarama nokuda kwaMwari, uyo unotendera munhu kuzvisarudzira. Umwe veumambo uyu unotongwa naSatani. Akava ishe muumambo vake kubva mukupanduka kwengirozi uye tevere Adhamu naEva vachisarudza kusateerera pachinzvimbo chekururama.Umambo uyu unoumbwa nengirozi dzakadzingirwa pasi, vasingateereri nekusateerera mukurarama.

Umwe ushe ndevaMwari. Inoumbwa nengirozi dzinonyengetera mutsoka dzaMwari uye dzinomukudza uye nevakafira mukururama, nevatsvene vapenyu. Abrahamu aiwe uye ari mukati meumambo uyu. Zvimwechete naEnoki, Eraija naDanieri.

Jesu akabarwa panyama kuti zvive nyore kuumambo hwekudenga uzare pasirose munyika muchimiro chekereke yake, Saka apo patinozvarwa mumhuri tinopinda umambo hwekudenga. Tinorarama muumambo zvino, takashandurwa kubva kuumambo hwerima kuiswa kuumambo hwechiedza... umambo unova muviri vaKristu, kereke yaKristu. (Vakorose 1:13,18; VaRoma 16:16). Apo mweya yedu inosiya nyika ino, unonopinda munyika yemweya yeumambo, muParadiso.

VaFiripo 2:5-9 inotsanangura kuti, nokuti Kristu Akazvidirura neKuzvininipisa mukuteerera,

**...Ivai nomoyo uyo, wakanga uri munaKristu Jesu vo... Iye, kunyange akanga akafanana naMwari, haana kuti kuenzana naMwari ndechinhu chinofanira kubatisiswa; asi wakazviita usina maturo, akazvitorera chimiro chomuranda, akaitwa nomufananidzo womunhu. Akati awanikwa anomufananidzo womunhu, akazvininipisa, akaterera kusvikira parufu, irwo rufu rwomuchinjikwa. Saka Mwari wakamukudza zvikuru, akamupa zita rinopfuvura mazita ose;**

Semumwe pakati pehukuru hwaMwari, Shoko rakave rinotonga munyika kubva pakutanga. Rakazvidurura, rakasiya masimba emasimba saMwari, rakazviisa pasi mukuzvarwa munyama "nekuitwa unezvivi" zvevanhu mukuteerera Kwake mukusvika mukufira zvivi zvedu, zvino vakasimudzirwa naMwari. Izita Rake rinova pamusoro pemazita ose. Muzita Rake Jesu - mabvi ose anopfugamira Kwaari.

Mukucherechedza, tinoona shanduko yakauya nokuda kwehumwe hwaIshe nevanhu. Kunyangwe akakunda rufu uye nekudzokera mukubwinya kwedenga kwaaigoverana nako kubvu pakutanga [kukudzwa Kwaaikumbira kuti hama dzake kuti vabvumirwe kudyidzana nehumambo: **"Neni Ndakavapa kubwinya Kwamakandipa; kuti vave vamwe, Nesu Tiri vamwe..."** (Johane 17:22]. Haana kuda kudzorerwa nhaka yake nekodzero dzake, asi kuti akakudzwa nokuti Mwari *Ndivo vakamupa kukudzwa uku;* Akagara kuruoko rwababa rwerudyi *nokuti Mwari Vakamugadza ipapo*, Iye ane masimba ose kudenga nepanyika (Mateo 28:18) nokuti *Mwari akamupa Iye;* Ndiye Mambo vemadzimambo - mumwe anotonga pasi rose, kwose kunyika yomweya nokunyika yenyama - nokuti umambo *vakapihwa kwaari* (Danieri 7:13,14). Ndiye gwayana... Mambo vemadzimambo naIshe vemadzishe (Zvakazarurwa 1:5).

SaIshe arikutonga, inzwi iri rinoratidza masimba Ake:

**Nokuti zvino Kristu wakamutswa kuvakakafa, Akava chibereko chokutanga kuvakafa. Nokuti rufu zvarwakavuya nomunhu, kumuka kwavakafa kwakavuya nomunhu vo. Nokuti vose sezvavanofa munaAdhama, saizvozvo vo vose vachararamiswa munaKristu. Asi mumumwe nomumwe padzoro**

**rake: Kristu chibereko chokutanga; tevere, avo vari vaKristu pakuvuya Kwake. Ipapo kuguma kunosvika, panguva yaachazopa Mwari, Baba, vushe panguva yaachaparadza kubata kwose, novushe hwose, nesimba. Nokuti Unofanira kubata vushe, kusvikira Aisa vavengi vake vose pasi petsoka Dzake. Muvengi wokupedzisira, uchaparadzwa, ndirworufu. Nokuti "Wakaisa zvinhu zvose pasi petsoka Dzake." Zvino kana Achiti: "Zvose zvakaiswa pasi Pake", zvinovonekwa pachena kuti Iye, wakaisa zvose pasi Pake, haana kuiswapo. Zvino kana zvose zvaiswa pasi Pake, ipapo noMwanakomana vo amene uchaiswa pasi paiye wakaisa zvose pasi Pake, kuti Mwari ave zvose kunavose** (1 Vakorinte 15:20-28).

**Uchatuma vatumwa Vake nehwamanda huru. Vachavunganidza vasanangurwa Vake kunobva mhepo ina kubva kurutivi rumwe rwedenga kusvikira kunorumwe rutivi** (Mateo 24:31).

Hondo dzengirozi Dzake - zvuru zvezvuru nezvuru zvamazana, uye zvuru zvezvuru - pamwechete nevasarudzwa kudenga nepanyika Ndezvake kurayira. Simba rimwechete rinodarika Rake:

**Nokuti wakaisa zvinhu zvose pasi petsoka Dzake. Zvino kana Achiti: Zvose zvakaiswa pasi Pake, zvinovonekwa pachena kuti Iye, Wakaisa zvose pasi Pake, haana kuiswapo** (1 Vakorinte 15:27).

***Jesu Kristu urikutonga nhasi, asi masimba anobva kuna Mwari .***

---

**Hurukuro:**

**1. Ndeupi umambo uviri unorarama? ______________**

**2. Nderipi inzwi chairo rekutsungirira kutsungirira? _______________**

**3. Ndiani ane masimba ose pamusoro peumambo hwose? ______________**

**4. Sei Jesu akaitwa Mambo vemadzimambo? ______________**

**5. Jesu akataura kuti ______ ____________ zvakapihwa Kwaari _________ uye ________.**

**6. Ndiani akabata zvinhu zvose nokuda kweshoko resimba rake? _______________**

**7. Zvinyorwa zvinotaura here kuti Mwari anoshandisa "vavengi" madzimambo nemauto mukugadzirisa kutadza kwevanhu Vake? ______________**

**8. Maererano ne 13:1-7, hutungamiri vemasimba ehurumende uriko vakagadzwa na__________**

**9. Ndiani anotonga munyika yeMweya? ______________**

**10. Ko ngirozi dzinoita chinhu here munyika nhasi? ______________**

**11. Kunyangwe hazvo Jesu achigoverana kubwinya naMwari zvino, uye nokupihwa masimba ose naMwari, Haana kuzviita chii? ______________**

**12. Jesu anotonga nhasi ne_________ _________ kubva _________**

u



## *Mwanakomana Nokusingaperi*

**Chitsauko Chegumi Netatu**

Chidzidzo chedu cheZvinyorwa charatidza kuti murumuko rwaJesu Akadzoreredza hukama hwake nevanhu, zvakaita sehuMwanakomana vake naMwari nehukoma Wake kuvanhu.

Tinoona zvakare kuti nokuda kwekuteerera Kwake kuzvinhu zvose, Iye akasumudzirwa kuiswa pachinzvimbo chekuitwa Mambo vemadzimambo naIshe vemadzishe. Nhasi uno unotonga kudenga nepanyika uye Mwari ega ndiye asiri pasi paKristu.

Saka, chibayiro chakatanga nekuzvipira Kwake kutora chimiro chemunhu kwakaenderera mberi kubudikidza nekutonga Kwake musimba raakapihwa naMwari munguva yemakore anokwana kusvika kana kudarika zvuru zviviri zvemakore.

Zvino chii chichaitika mudanho rinotevera? Apo nyika ino ichaguma uye vatsvene vachagara ugaro mudenga idzva nenyika itsva, ndeupi uchave hukama pakati paJesu naMwari Baba? **Chibayiro chichaguma here uye nyika ichadzokera here muchinzvimbo cheruenzano muukuru hwaMwari vaiva Vake kubva musingaperi?** Zvakazarurwa 19:11-16 inotsanangura Shoko seUshe unotonga nyika:

**Ipapo ndakavona kudenga kwakazarurwa, ndikavona bhiza jena; naiye wakanga agere pamusoro paro wakanzi: Wakatendeka noWazvokwadi; unotonga nokurwa zvakarurama. Meso ake akanga akaita somurazvo womoto; pamusoro wake pakanga panekorona zhinji; wakanga anezita rakanyorwa, risina kuzikanwa nomunhu, asi naiye bedzi. Wakanga akapfeka nguvo yakanyikwa muropa; zita rake rinonzi Shoko raMwari. Hondo dzokudenga dzakamutevera, dzakatasva mabhizha machena, dzakafuka mucheka wakanaka muchena, usinetsvina.**

**Mumuromo make makabuda munondo unopinza, kuti arove marudzi nawo; uchaafudza netsvimbo yedare; unotsika chisviniro chehasha dzokutsamwa kwaMwari wamasimba ose. Panguvo yake napachidzva chake pakanga pakanyorwa zita rinoti: MAMBO WAMADZIMAMBO, NASHE WAMADZISHE.**

Magumo acharatidzwa,

**...pakuvonekwa kwaShe Jesu, kana achibva kudenga navatumwa vesimba rake, mumoto unopfuta, achitsiva avo vasingazivi Mwari, navasingateereri Evhangeri yaShe wedu, Jesu Kristu** (2 VaTesaronika 1:7,8).

u

**NGUVA SHANHU DZEKURARAMA KWESHOKO**

1. Kubva mukusingaperi.
Johane 1:1
VaHeberu 1:3
VaFiripi 2:6

2. Nguva YeTestamente Yekare
Johane 1:3
Vakorose 1:16
1 Vakorinte 10:4
Ekisodho 3
Johane 8:58,59
1 Petro 1:11

3. Nguva YeTestamente Itsva.
VaFiripo 2:5-7
VaHeberu 1:5
VaHeberu 2:14-17
VaHeberu 5:8
Ruka 2:52
VaHeberu 4:15
Johane 1:4,5,26

4. Zvino - kurudyi rwaMwari salshe vedu verumuko Mukoma vedu kusvika zuva rekutongwa.
VaEfeso 1:20-23
Mateo 28:18
Mabasa 1:9
Danieri 7:13,14
Zvakazarurwa 17:14
1 Vakorinte 15:24

5. Mushure mekutongwa kusingaperi.
1 Timotio 2:5
VaFiripo 3:20,21
VaRoma 8:17
1 Vakorinte 15:24-28,49
VaGaratia 4:7
VaRoma 8:17
1 Timotio 3:16
Zvakazarurwa 3:21

**Ipapo ndakavona vakafa, vaduku navakuru, vamire pamberi pechigaro chovushe; bhuku dzikazarurwa,neimwe bhuku youpenyu ikazarurwa, vakafa vakatongwa nezvakanga zvakanyorwa mubhuku, sezvavakabata** (Zvakazarurwa 20:12).

**Nokuti naBaba havatongi munhu, asi vakapa Mwanakomana kutonga kwose** (Johane 5:22).

**Ava** [vasingatendi, Mateo 25:41-45] **vachaenda kukurobwa; asi vakarurama kuvupenyu bwusingaperi** (Mateo 25:46).

Ndima iyi inoratidza zvichazoitika munguva inoteera mukusvika mukutongwa kwenyika. Asi pachange paine kuparadzwa kwemuvengi vekupedzisira - rufu - nemaropafadzo ekururama muhupenyu hesingaperi, Shoko pakupedzisora harina kuparadzanisa muviri Varo vekusafa vemunhu uyo vakamusunganidza muhukama nevanhu. Nokudaro, akaisa parutivi masimba Akapihwa naMwari saMambo vemadzimambo ndokuzviisa Iye pasi paMwari, **"...kuti Mwari ave zvose panezvose."** Manzwi aya akagadzira chiitiko chezvaizouya uye nekutsanangura hukama muhukuru hwaMwari nokusingaperi.

Asi kana vakarurama vachinge vazvarwa mumhuri yaMwari apo vachigara munyika, uye kana pakufa nhaka yavo yohupenyu husingaperi naMwari vanenge vakatopihwa kare, sei shanduko mukudyidzana naMwari kuchienderera mberi?

**Kunguva ipi yekurarama uko mazita aya anoratidza**

**1.Shoko? ____________**

**2. Ngirozi dzalshe? ____________**

**3. Jesu Kritsu? ____________**

**4. Mambo vemadzimambo? ____________**

**5. Mubatanidzwa veMugari venhaka naMukoma? ____________**

**Zvino akasvika magumo apo Akandopa umambo kuna Mwari Baba, apo Iye akaisa kumagumo mutemo vese nemasimba ese. Sezvo achifanirwa kutonga kusvikira aisa vavengi vose pasi pedzoka dzake. Muvengi vekupedzisira achapatwadzwa ndirwo rufu.**

**Nokuti Iye** [Mwari] **akaisa zvinhu zvose pasi palye** [Kristu]. **Asi apo Akati,"Zvinhu zvose zvakaiswa pasi Pake," zvakaratidza umboo kuti Iye** [Mwari] **Wakaisa zvinhu zvose pasi Pake** [Kristu] a**notarisirwa.**

**Zvino zvinhu zvose pazvakaiswa pasi Pake, Zvino Mwanakomana pachezvake anofanirwa kuzviisa pasi Pake uyo wakaisa zvinhu zvose pasi Pake, kuitira kuti Mwari Ave zvose panezvose** (1 Vakorinte 15:24-28).

VaGaratia 4:4-7 inotsanangura hwaro yekuitwa vanakomana kwemunhu naMwari:

**Zvino nguva yakati yazara kwazvo, Mwari akatuma Mwanakomana Wake, wakaberekwa nomukadzi, wakaberekwa pasi pomurairo, kuti Adzikinure vari pasi pomurairo, kuti tipiwe vumwana hwedu. Zvino zvamuri vanakomana, Mwari wakatuma Mweya woMwanakomana Wake mumoyo menyu, unodana, achiti, "Aba, Baba!" Saka iwe hauchiri muranda, asi mwanakomana; kana wava mwanakomana, wava mudyi wenhaka yaMwari muna Kristu.**

Inzwi rekupedzisira muchinyorwa ichi rinoti *Kritsu.* Iri harisi zita remunhu akambonge aripo muhukuru vaMwari asi *chidano chakapiva kuna Iye naMwari, zita remunhu Vaaizova,* Mwanakomana vaMwari, Mwanakomana vemunhu. Ndiye munhu uyu munhu akauya sechisikwa apo Shoko rakazvidururira, rikatora chimiro chemunhu. Ndiye munhu uyo akafira vanhu, akamuka, uye arikutonga nhasi kuruoko rwerudyi, semurevereri kuhama Dzake.

---

**Hurukuro:**

**1. Apo Jesu anodzokazve, tichange tichigamuchira umambo, asi zvakare kutsiva pane ripi boka revanhu? ______________**

**2. Jesu achaita sei neumambo? ______________**

**3. Ndeupi muvengi vekukupedzisira kuparadzwa? ______________**

**4. Panguva iyoyo mushure memutongo, Mwanakomana vemunhu achaisva pasi Pani? ______________**


**5. Ko Kristu zvino akabva afanana naMwari here? ______________**

**6. Ndeupi ukoshi vaunofunga kuti ungavanikwe mukushandisa zita rekuti "Kristu" muna Vagaratia 4:7. ______________**

Ndekupi kutaridza pfungwa kwakaita nechinyorwa pamusoro pemunhu mutsva, uyu *Kristu?* Kuti chimwe chinhu chiitwe *kubudikidza Naye;* **kuti *nhaka* ibve kuna Mwari kubudikidza Naye.** Zvino funga: Mwari aripo, muruoko Rwake akabata nhaka yakakosha; munhu anenge aripo

zvakare, achishuvira kugamuchidzwa nhaka. Asi zambuko pakati pevaviri rinofanirwa kuvepo kana chipo chichipihwa. Kristu, seMwanakomana vaMwari, semukoma vemunhu, ndiye mupi vezambuko iri, nekuita nhaka isingaperi ivepo kunemunhu vekuteerera.

Tora Kristu uite seusati vaudzwa chimito chake chaari nhasi, vomudzosera kuchinzvimbo chake chekutanga muukuru hwaMwari. SeShoko, **pasina uMwanakomana;** uye **pasina uDangwe.** Saka chii chinoitika muukama mumhuri, kune avo vakazvarwa muuMwanakomana Vake? *Kana kusina Dangwe, kungave nevamwe vanakomana kana vanasikana here?*




Zvinyorwa zvinoti iMweya Vake urimumoyo yedu unoreverera ukama vaBaba neMwana unotiita vana vaMwari. Kubudikidza nekuenderera mberi kweukama uyu kunoita kuti hukama vedu uendeke. Kubudikidza nekodzero dzaMukoma vedu mukuru kuti tiri vadyi venhaka.

Imwe ndima inotaurwa nekugara kunoita huMwanakomana vaKristu:

**...asi shoko rokupika,** [Mwari akavimbisa pamusoro peruponeso rwaizouya kubudikidza nerudzi rwaAbrahamu] **rakatevera murairo, rinogadza Mwanakomana, wakakwaniswa**

**nokusingaperi** (VaHeberu 7:28).

VaHeberu 5:8,9 inotsanangura kuti Mwanakomana Ainge akakwaniswa kubudikidza nekutambudzwa Kwaakaitwa, sechibayiro chakaitwa nokuda kwechivi kamwe nokusingaperi kunavose. Saka kutorwa kwechivi chemunhu, zvakasakisa kutambudzwa kwerufu, uye nekukwaniswa [kuzadziswa kwechinodiwa kuti akodzere Iye semuponesi vevanhu] uku kuita *kweMwanakomana* - uye Mwanakomana akava akarurama *zvachose*, kunova zvakare kutaura kuti **uMwanakomana ukama unogara nokusinhaperi.**

Zvinyorwa zvinoti pamusoro peShoko, kuti zvinhu zvose zvakasikwa *kubudikidza* Naye, uye *nokuda* Kwake (VaKorose 1:16). Nokudaro, **Shoko** Ndiro raive muridzi vezvinhu zvose pachinzvimbo *chekupa* nhaka kwete *kugamuchidzwa* chimwe. **SaKristu mukoma vevanhu, Iye akava *mudyi venhaka:***

**Mwari... zvino pakupedzisira kwamazuva ano Wakataura kwatiri muMwanakomana Wake, Waakaita *mudyi wenhaka* yezvinhu zvose....*** (VaHeberu 1:2).

VaRoma 8 chitsauko chinotaura zvikuru pamusoro peukama veMhuri vatinonakidzwa mauri. Ndima 15 -17 inoti,

**Nokuti hamuna kupiwa mweya wovuranda kuti mutye zve, asi makapiwa mweya wokuitwa vana, watinodana nawo, tichiti, "Aba, baba."**

---

**Hurukuro:**

**7. Chii chinotiita kuti tive neukama vaBaba neMwana naMwari? ______________**

**8. Sei tiri vadyi venhaka yaMwari? ______________**

**9. Tinova takarurama here zvekukwanisa kuva nehukama hwakanaka naMwari pachezvedu? ______________**

**10. Kwenguva yakadii Jesu anova Mwanakomana nekuve Mukoma vedu? ______________**

**11. Pasi pemutemo vekare, zvibayiro zvaiitwa kakawanda nokuda kwezvivi here? _________**

**12. Jesu chibayiro chakaitwa _________ uye _____ _________ nokuda kwezvivi zvedu**

**13. Ndiani akasika zvinhu zvose? ______________**

**14. Ndiani aripachinzvimbo chekupa nhaka? ______________**

**15. Asi, ndiani mudyi venhaka yaMwari uye anobatanhidza vanhu? _____________**

**Mweya amene unopupurirana nomweya wedu, kuti tiri vana vaMwari; zvino kana tiri vana, tiri vadyi venhaka - vadyi venhaka yaMwari, vadyi venhaka pamwe chete naKristu; kana**

**tichitambudzika pamwe chete Naye, tichakudzwa vo pamwe chete Naye.**

Ndima iyi inoendetera mberi kuzadzisa iyo irimuna VaGaratia 4:4-7. Haingotauri bedzi kuti tiri vadyi venhaka. yaMwari, asi kuti inotsanangura kuti takabatanidzwa mukudya nhaka naKristu.

**Kana Kristu Ari mudyi venhaka yaMwari,**
**uye hama Dzake dziri vadyi venhaka Naye,**
**nhaka yacho ingave iri yei?**

**(1) Denga idzva nenyika idzwa (Zvakazarurwa 21,22).**

**Unokunda** [Isu, takadzikinurwa] **uchagara nhaka yezvinhu izvi: ndichava Mwari wake, iye uchava mwanakomana Wangu (Zvakazarurwa 21:7).**

**(2) Kukudzwa kwakavimbiswa muna vaRoma 8:17:**

**...zvino kana tiri vana, tiri vadyi venhaka - ; vadyi venhaka yaMwari, vadyi venhaka pamwe chete naKristu; kana tichitambudzika pamwe chete naye, tichakudzwa vo pamwe chete naye.**

**(3) Kugara naKristu pachigaro Chake:**

**Unokunda ndichamupa chinhu ichi, kuti agare neni pachigaro changu chovushe, seni vo ndakakunda, ndikagara pamwe chete nababa vangu pachigaro chavo chovushe (Zvakzarurwa 3:21).**

Ndiyani anonyatsoziva kuti kubwinya kwakadii nenzvimbo yakadii yakamirira hama dzaKristu? Kurutivi rwehupenyu husingaperi hatingazvinzwisise kuti nyika iyo inenge yakadii, asi tinokwanisa kunzwisisa chivimbiso chakataurwa mumashoko aya: *Kunyangwe Angave akadii uye nhaka yake ichagoveranwa pakati peavo vachakunda kubudikidza Naye.*

## *Mhedziso*

Dzosa ndangariro dzako kumashure pamusoro pezvose zvakaziikanwa pamusoro pehukuru hwaMwari uye nemunhorondo yekushanda nomunhu kuti akwanise kumuyananisa. Kupa kwakadai, nerudo rwakadai kusava kunosvika pakupikiswa nani zvake anonzwisisa Chinyorwa ichi.

Kuzvidzidzo zvadarika ndakabvunza mubvunzo: Kufa kwepanyama kwoga kunochenesa here munhu panyama nepamweya kuna Mwari. Takadzidza kuti chibairo chisingaedzaniswe chikuru chakaitwa naKristu chaive chepanyama zvose nepamweya, uye kuti kushingaira kwemunhu kwakafanirwa kuvepo kusvikira zuva reruponeso. Musingaperi tichafara nokuda kwemaropafadzo ekuve vadyi venhaka yaMwari nokuti kubva kusingaperi, ropa raMukoma vedu ririkuverera pakati paBaba nesu, richotiita vana vaMwari.

Izvi ndizvo kunyangwe nazvino, semhuri dzakatendeka muna Mwari, tinosvika kunaMwari anosimbisa (VaHeberu 4:16), zvinoratidza rudo Rwake, ichokwadi nokuda kwekugamuchira kweru rwaMukoma wedu rinotitaurira nezvekurudyi rwenhaka yaBaba. Ruponeso rwedu rwakasimbiswa. Nekutitarisa kwake zuva nezuva, akavimbiswavo zvakare.

**Zvino tichatiyiko pa zvinhu izvi? Kana Mwari achitirwira, ndianiko uchatirwisa?**

**Iye usina kuramba kunyange noMwanakomana Wake, asi Wakamupa chose nokuda**

**kwedu tose, ungarega seiko kutipa vo zvose pamwe chete naye?**

**Ndianiko uchakwirira vasanangurwa vaMwari? Mwari Ndiye unoruramisa;**

**Ndianiko uchavapa mhosva? Kristu Jesu Ndiye wakafa, zvikuru Ndiye wakamutswa kuvakafa, uri kurudyi rwaMwari, Unotinyengeterera vo.**

**Ndianiko uchatiparadzanisa norudo rwaKristu? Kutambudzika, kana nhamo, kana kuvengwa, kana nzara, kana kushaiwa zvokufuka, kana njodzi, kana munondo here?**

**Sezvazvakanyorwa, zvichinzi: "Nokuda kwenyu tinovurawa zuva rose; Takanzi tiri makwai anobayiwa."**

**Kwete, pazvinhu izvi zvose tiri vakundi nokupfuvurisa nalye wakatida.**

**Nokuti ndinoziva kwazvo kuti kunyange rufu, kana vupenyu, kana vatumwa, kana vanesimba, kana zvazvino, kana zvinovuya kana masimba.**

**Kana kwakakwirira, kana kwakadzika, kana chinhu chimwe chakasikwa, hazvingagoni kutiparadzanisa norudo rwaMwari, ruri munaKristu Jesu, Ishe wedu** (VaRoma 8:31-39).

Uye mukupindura kurudo rwakadai, rudo rwedu harikure *mukusarenda kwakakwana,* mukukura kwakazara kwekuzvipa, pasina kuchengetedzwa Kwaari?

Hatingadewo here kugovera rudo runotapira zvakadai neavo venyika vasati vakuriziva?

u



**Mashoko Anotapira Erudo**

**Betty Burtton Choate**

Mashoko anotapira erudo

"*Ndadzikinurwa* nawe..."

Mwanakomana veDenga,

Waera kukosha kwangu Kwaari

Pamusoro pemukombe unovava,

Wakaisa pasi hupenyu Hwake

Uye akanditenga nokuda Kwake.

Mashoko anotapira erudo:

"Ndadanwa newe *nezita Rangu...*"

Chipo chinokosha

Icho Wakaita kuti ndipfeke

- kuita sokunge nderangu -

Iro zita rinova Rake,

Risina chipomerwa kubva mukutanga kwenguva.

Mashoko anotapira erudo:

"Ndive unova *Angu...*"

Hakuna munhu anomaita ake

Chinhu chakakosha,

Kana anoita Ishe vangu.

Mashoko ake - Anondizivisa ini Iye -

Achisiya kumwe kutaura kwose

u

Nekuisa chidhindo mukukosha kwangu

Mashoko erudo anotapira:

"*Ndadzikinurwa* newe,

Uye ndikadanwa newe nezita *Rangu*

Iwe uri wangu..."

Unozvipira - usingaperi -

Akabvunza ruregerero

Rusununguko kubva kuuranda rwakandisunga ini ...

Kunyangwe izvo zvainge zvisina kukwana:

Rudo rwakatenga mweya vangu

Asi rudo rwakaita seuru rwakapihwa zvakare Kwaari

Ndizvo izvo Waida

Zvakare *nezita rake*

Wemekedza kusakosha kwangu,

Uye zvino, makarwisa hondo dzaindidana,


Mukurwisa kubva murudo Rwake kumunhu Vaanoda.

Akandirwira kubva kunyika,

Kubva kune zvose zvinenjodzi,

Uye nekududzira zvakare kukunda kwerudo Rwake:

"Iwe....uri...***Vangu!"***



u

**Jesu Kristu Chibayiro Nokusingaperi**

**Manganyaya:** Chinangwa Chekusikwa ndechei?

**Hatisikuda kutadza kuwana "mufananidzo mukuru" nokuda kwekungoona bedzi chidimbu chemunhu**

**Nguva Isatiyakwana**

2 Timotio 1:9
VaEfeso 1:4
Zvakazarurwa 13:8
Mateo 25:34

**Zvisikwa:** Adhamu, Seti, Shemu, Hamu, Jafeti, Paregi, Noa, Tora

**Sungano paSinai:** Vatongi, Sameri, Davidhi, Solomoni, Isaya, Jeremia, Ezekeri, Dhanieri, Maraki, Jesu.

**Kereke Yake Jerusarema:** VaApostora, Makristu ese, Iwe Neni,

**Kurira kweHwamanda**

VaHeberu 13:8

**VaGaratia 3:19**

**Chivimbiso: Genesisi 3:15; 12:3**

**Chengedzo: Hakuna zvimwe zvibayiro zvakazoitwa: VaHeberu 10:26**

**Kuenderera kweNhanganyaya:** Kune kutenda kuzhinji pamusoro pehukuru vaMwari.

**1**. Kuti kungori naMwari mumwechete. Anozviratidza Pachezvake muzvimiro zvakasiyana munguva dzakasiyana - anova Baba, Mwanakomana naMweya.

**2.** Ndokuti vatatu muukuru hwaMwari, - Baba, Mwanakomana naMweya, mukuburuka kwemasimba akakosha nesimba.

**3.** Kuti Jesu ndiye "Mwanakomana wokusingaperi"

**4.** MaJehovha's Witnesses vanoti Jesu haasi Mwari asi kuti chisikwa chekutanga chaMwari.

**5.** Maonero chaiwo ndeekuti Iye Aive Mwanakomana akagara kurudyi rwaMwari kubva mukusingaperi, kuti Akauya munyika kwenguva duku, zvakando ndokukwidziridza chinzvimbo chake kuruoko rwerudyi rwaBaba vake.

*Zvisinei hapana kane kumwe kwekunzwisisa uku kungave kwechokwadi maererano neBhaibheri*

**Kana tichida kunzwisisa izvo zvinyorwa zvinotidzidziswa pamusoro peukuru hwaMwari, takafanirwa kunyatso teerera, nekunyatsopatsanura zvakanaka kuratidza kwaKritsu, uye hatifanirwe kunge tichinzwisisa kunorwisana uko nezvinenge zvadzidziswa kubva kune zvimwe zvidzidzo, asi zvakakosha kuti tidzidze nokuziva nokuti zvinhu zvizhinji zvenhema zvirikudzidziswa nemaJohovha's witnesses somuenzaniso: Vanoverenga VaHeberu 1:5 (Ndiwe Mwanakomana wangu; Nhasi ndakubereka) Vuye zve vanoti, "Tarira ndima iyi inoratidza kuti Jesu unemavambo; nokudaro haasi Mwari" Ndichava Baba vake, Iye uchava Mwanakomana wangu? Varikutaura chokwadi here? Tinovabatsira sei mukufunga kwavo?**

**1. Takafanira kupatsanura shoko razvokwadi.**

u

2. Takafanirwa kupa nzeve kunezvinhu zvakanyorwa.

I. NDIANI AINZI JESU, AIVE ARIPI JESU, KUBVA PAKUTANGA? (Johane 1:1;14).

*"Pakutanga Shoko rakanga riripo, Shoko rakanga riri kunaMwari, Shoko rakanga riri Mwari.... Shoko rakazova nyama, rikagara pakati pedu."*

1. *Vupenyu hwaiva Maari...."* nhaka yeupenyu, isina upenyu hwaiva chiedza chavanhu kutorerwa kubva kune imwe hwaro (Johane 1:4)

2. Iye Aiwe Mwari, akafanana naMwari (VaFiripo 2:6).

3. "Iye, kunyange akanga akafanana naMwari, haana kuti kuenzana naMwari."

Nokuti NdiMwari, Iye akararama kubva musingaperi ari michimiro uye nekukosha kwakanyanya kwaMwari.

*"Iye anova chaedza chekubwinya Kwake uye mufananidzo unotaridza umunhu Vake..."*

MuTestamente Yekare mune zvinyorwa zvinokwanisa kusvika kana kudarika 500 zvinoratidza "EL" rinechimiro cheinzwi rekuti "Mwari".

Kune zvinyorwa zvinokwanisa kusvika kana kudarika 3,000 zvinonongedzera kuchimiro cheuwandu, "ELO HIM" saka kazhinji patinoverenga pakati "Mwari" muchirungu, nekufunha "Mwari Baba" mukutaura kwechiHeberu chekutanga rinotaura kuti "UKURU HWAMWARI" Kazhinji muTestamemte Yekare hatikwanise kusiyanisa kuti ndeupi paukuru hwaMwari arikutaura.

II. TINOKWANISA KUONA BASA RAKE NEKUITA KWAKE MUTESTAMENTE YEKARE. AINGE ASINA KUNGOMIRIRA NGUVA YEKUZVARWA PANYIKA KUTI ISVIKE.

1. Tinomuona sei muTestamente Yekare? Anotaridzwa "seShoko" kwete "seMwanakomana" Johane 1 inotaridza kuti akararama mukusingaperi *seShoko;* VaHeberu 1:5 inotaridza kuti maive nenguva iyo yaaizozvarwa *seMwanakomana mumwechete oga vaMwari - Munguvaimwe chete yaakazvarwa panyika semwanakomana vomunhu. "Ndiwe Mwanakomana Wangu, NHASI ndakubereka." Vuye zve, "NDICHAVA Baba Vake, Iye UCHAVA Mwanakomana Wangu." Vuye, kana achizovuyisa zve DANGWE Rake panyika, unoti, "Vatumwa vose vaMwari ngavamunamate"* (VaHeberu 1:5,6).

Saka ukuru hwaMwari huri Muutatu, vose uine kukosha kwakafanana; Vaive neruenzano, Vaine kukosha, uye Uyo akazova Jesu ainge asiri Mwanakomana musingaperi asi aive Shoko - raitaura muukuru hwaMwari - kubva pakutanga.

2. Iye aive Shoko kubudikidza Naye zvinhu zvose zvakasikwa ( Johane 1:3; Vakorose 1:16) *"Zvinhu Zvose Zvakaitwa Naye; kunze kwake hakuna kuitwa kunyange chinhu chimwe chakaitwa"* (Johane 1:3)

"*Nokuti Maari zvinhu zvose zvakasikwa, zviri kudenga napanyika, zvinovonekwa nezvisingavonekwi, kana zviri zvigaro zvovushe kana vushe, kana vabati, kana masimba; zvinhu zvose zvakasikwa Naye, ZVIRIPO NOKUDA Kwake" (Vakorose 1:16).*

Pamwepacho munezvimwe zviitiko, sezvinoonekwa muTestamente Itsva, ndiye Mumwe anotaura nokudyidzana naVanhu - Murevereri kunyangwe nazvino. Tarisa 1 Vakorinte 10:4 uye naPetro 1:11.

*"Vose vakanwa zvokunwa padombo romweya rakavatevera; dombo iro rakanga riri Kristu."*

*"...vachinzvera kuti nguva ndeipi kana yakadini, yakataurwa noMweya waKristu, wakanga uri mukati mavo, nguva yaakapupura kare zvokutambudzika kwaKristu, nokubwinya kunozotevera izvozvo."*

4. Zvinoratidzika kuti ndiye Mumwe aiziikanwa nekunzi "Ngirozi yaIshe" (Ekisodho 2,3; Johane 8: "NDINI IYE"; Ekisodho 14:19; Isaya 63:7,9,10 (akadzikinurwa). Zvimwe zvinyorwa zvinoti "Kungirozi dzaIshe" Ekisodho 32:34; Vatongi 2:1; 13:6; Genesisi 13:14; 15:28; 1 Samueri 3:21.

Zviporofita zvizhinji zvemuTestamente Yekare zvakataurwa pamisoro paIshe, paMwari, paJehovha, muTestamente Itsva zvaishandiswa kuna Kritsu.

*"Gadzirai murenje nzira yaJehovha: ruramisirai Mwari wedu mugwagwa musango"* (Isaya 40:3).

*"... Inzwi rounodana murenje, 'gadzirai nzira yaShe, ruramisai migwagwa yake'"* (Mateo 3:3)

MUTESTAMENTE YEKARE, AKAFAMBA AKAITA SEINZWI RIMWECHETE REMASIMBA, IRO RATINODYIDZANA NARO ANOVA MWARI BABA. IYI HANDIYO NZIRA YATINOONA NAYO JESU MUTESTAMENTE ITSVA. CHII CHAKAKONZERESA MUSIYANO UYU?

III. SHANDUKO MUBASA RAKE - AKAZVIDIRURA.

*"Ivai nomoyo uyo, wakanga uri munaKristu Jesu vo; iye, kunyange akanga akafanana naMwari, haana kuti kuenzana naMwari ndechinhu chinofanira kubatisiswa; asi wakazviita usina maturo, akazvitorera chimiro chomuranda, akaitwa nomufananidzo womunhu.* (VaFiripo.2:5-7).

1. "Kuzvidurura" zvinorevei? Zvakakwana? Rudo? Kuchena? Wakarurama? - KWETE - asi kodzero nesimba izvo zvinova nhaka yaakasikirwa.

2. Asi aive achiri Mwari Here?

A. Anoregerera zvivi, rinova simba rakachengeterwa Mwari bedzi (Marko 2:7).

B. Ainamatwa saMwari (Johane 9:35-38).

[Ehe, kunyangwe Paaive munyama Akange angori Mwari]

IV. Iye AKAWE MWANAKOMANA - MUKOMA VEMUNHU.

*"Naizvozvo wakafanira kuti aenzaniswe nehama dzake pazvinhu zvose"* (VaHeberu 2:17). HUPENYU HWAKE HWAIFAMBIDZANA NEVEMUNHU.

1. Muviri vakagadzirirwa Iye. VaHeberu 2:14-17).

*"Naizvozvo, vana zvavakagoverwa ropa nenyama, naiyevo wakagovana navo panaizvozvi...."* *"Ndiwe Mwanakomana wangu, Nhasi ndakubereka...."* (VaHeberu 1:5,6).

2. Mutumwa veMweya, mukuzvarwa Kwake seMwanakomana vaMwari uye kwatiri (Mateo 1:20, Johane 3:5), zvisonei vaidanwa kuti "Mwanakomana vaMwari".

3. Kukosha "kwedangwe" (VaHeberu 1:6).

A. Mwari akafanogadza kuti Jesu ave *dangwe pakati pehama zhinji* (VaRoma 8:29).

B. Kubudikidza nokugamuchira Mweya Vake mumoyo medu kuti tinzwe kuva vanakomana

mukati maMwari uye nekuchema tichiti "*Abba Baba*" (VaGaratia 4:4-7).

4. Jesu akadzidza kuteerera kuna Baba SeMwanakomana (VaHeberu 5:8).

5. Mukuzvidurura, Iye akakura munjere, nemunezvimwevo zvizhinji (Ruka 2:52).

6. Akasangana nemiedzo - miedzo chaiyo.

"...*asi wakaidzwa pazvinhu zvose sesu, asinezvivi.* (VaHeberu 4:15).

"... Nokuti hatinomu Pirisita mukuru usingagoni kutinzwira tsitsi pavutera bwedu, asi wakaidzwa pazvinhu zvose sesu, asinezvivi" (4:15).

7. Mukubhabhatidzwa Kwake, Mweya Mutsvene vakapihwa (Mateo 3:16) .Mwari 100%? Munhu 100%? Mwari akapihwa kuna Mwari?

8. Anoziva zvinhu zvirimberi kana kubvunza ruzivo. Mweya vaimupa zvaaida zvaishamisa, zvishamiso mubasa rake, asi nokumwe kutaura aishanda somunhu, sezvaingoitwa nekuita kwevadzidzi.

9. Mienzaniso mizhinji yakanyorwa yezvinobatika nemupfungwa. Mukutarisa mumunyori vechidiki muna Marko 10:20. Iye akamuda. Muna Johane 13:21. Mukutaura nekutatarisana Kwake nenguva yekupandukirwa nerufu, Iye ainge akabatikana mumweya Johane 4:6 inotaura kuti Ainge Waneta.

V. KUZVINININIPISA KWAKE KUNA BABA.

1. Verenga kunyanya bhuku raJoshua kuti uone shanduko munzira iyo Shoko rinotaura kubva munzira yaanotaura muTestamente Yekare.

2. Johane 1:4 Enzanisa naJohane 5:26; hapana kupikisana; asi kushanduka bedzi mukuonekwa Kwake.

VI. KUBATIKANA KWEKUPEDZISIRA MUBHINDU

1. Marwadzo Ake. Sei?

2. Ainge akatarisa mukukosha kwemuchinjiko. Iyi ndiyo nguva yaakabatikana zvakanyanya kwekupedzisira kumunhu.

A. Akaitwa kuti ave nechivi (2 Vakorinte 5:21).

B. Aikwanisa kudzoka kumashure.

"*...Unofunga here kuti handigoni kukumbira kuna Baba vangu vakandipa ikozvino vatumwa vanopfuvura mapoka makuru-kuru anegumi namaviri?*" (Mateo 26:53).

VII. BASA REKUDZIKINURA.

1.Murunyararo rweMweya, Iye akazviisa mudambudziko rinosekesa rekutongwa nekuroverwa pamuchinjiko (Mateo 26:63,64).

2. "Mwari vangu, Mwari Vangu..." (Mateo 27:46)

A. Takanyeverwa kuti tisachemedza Mweya nokuda kwekutadza kwedu (VaEfeso 4:30); tisadzima Mweya (1 VaTesaronika 5:19) kuti zvinogoneka kutadza kuti Mweya utisiye (VaHeberu 10:25-29).

u

B. Iye akafa arioga seMwanakomana vemunhu nokuda kwezvivi zvemunhu.

VIII. RUPONESO RWANGU RWAKAUNZEI? KUFA PANYAMA KWAKANGE KWAKAKWANA HERE?

1. Ko "zvenyama" zvingabhadhare "zvepamweya" here?

A. Mwari anoda kuti tizvipe sechibayiro chibenyu Kwaari (VaRoma 12:1) - kwete chiratidzo.

B. Kuna Kristu, makore makumi matatu nematatu ari mumiviri vekukumbira nokuzousiya kubva mumuviri uyu?

2. Iye *zvirokwazvo* akatora zvivi zvedu; rufu ndiro rwakave chisunganidzo, (zvakangoita sekubhabhatidzwa murufu Rwake ndicho chinova chisungo kwatiri kuti tikwanise kuva vana vaMwari). Kubva panguva iyoyo zvichienda mberi, aisakwanisa kushandura; zvose zvaidikanwa mukubhadharwa kwezvivi zvedu, Zvaainge akazvipira kuripa.

3. Muripo vakaripwa sei? 1 Timotio 3:16 inoratidza kuti vakabva muhomwe yake yemweya kwete yepanyama:

*"Iye Mwari wakaratidzwa panyama, wakaruramiswa pamweya."*

IX. MUSHURE MERUFU - SHANDUKO YATAKAONA.

1. Waive muviri Vake venyama vakamuka.

A. Akave dangwe revakamuka kubva kuvakafa (Vakorose 1:18).

B. Muna VaRoma 6, takasimbiswa kuti saKristu kumuka kwaakaita mumuviri unofa kubva kuvakafa, nesuvo muviri yedu ichamutswa neMweya mumwechete ivovo.

3. Iye akasimudzirwa, Mateo 28:18; Mabasa 1:9 naDanieri 7:13,14; VaFiripi 2:9-11. Ukavanikwa achikwidziridzwa.

*"Naizvozvo Ishe vakamukwidziridza Vakamupa zita riri pamusoro pemazita ose...."*

3. Iye Anotonga pamusoro pedenga nenyika saMambo vemadzimambo naIshe vemadzishe (Zvakazarurwa 17:14).

4. Zvinhu zvose, zvakaiswa pasi Pake kunze kwaMwari Baba (1 Vakorinte 15:27).

X. MWANAKOMANA VOKUSINGAPERI

1. Mushure memutongo, Aizodzokera here kune mavambo ake ekutanga ehukama muukuru hwaMwari? Chibayiro chezvivi zvedu chinogara zvakadii?

2. Arikitonga Ari kurudyi rwaMwari SEMWANAKOMANA. Ainge akaita SEMWANAKOMANA unotireverere (1 Timoti 2:5).

3.Takavimbiswa kuti tichaita salye murumuko rwedu - Haana kubvira ativimbisa kuti tichava saMwari. *"Nokuti nyika yedu iri kudenga, uko kwatakatarira kuvuya kwoMuponesi Ishe Jesu Kristu; uyo uchavandudza muviri wokuninipiswa kwedu, kuti ufanane nomuviri wokubwinya kwake..."*(VaFiripi 3:20,21). Zvakare 1 Johane 3:2; VaRoma 8:11; 1 Vakorinte 15:49.

4. Akafanirwa kutonga kusvikira Iye akunda zvinhu zvose, ipapo unobva Iye anoshandura umambo kuudzosera kuna Mwari uye anobva aiswa pasi paMwari (1 Vakorinte 15:24:28).

5. Chivimbiso chakaitwa kwatiri ndechekuti tichave vadyi venaka yaMwari kubudikidza naKristu (VaGaratia 4:7). KRITSU haachasi mumwechete seSHOKO - Hukama hwake hwakashanduka;

**kubudikidza nekushanduka kwehukama uyu (HUMWANAKOMANA WAKE naMwari) kuti TAKAZVARWA uye tinokwanisa kunzwa Mweya veMwanakomana mumoyo hedu ichichema kuti, *"Abba, Baba!"*. Bvisai ZAMBUKO reuMwanakomana uye hakuna nzira kwatiri yekuyambukira kuna Mwari.**

**6.Mwari akagadza MWANAKOMANA ainge akakwaniswa NOKUSINGAPERI (VaHeberu 7:28:) - *Chinguva* chekugara uMwanakomana.**

**7.Tichave VADYI VENHAKA PAMWE naKristu (VaRoma 8:17).**

***"...zvino kana tiri vana, tiri vadyi venhaka - vadyi venhaka yaMwari, vadyi venhaka pamwe chete naKristu."***

**8. Tichagara naKritsu pachigaro Chake (Zvakazarurwa 3:21).**

**MHEDZISO: Takavimbiswa kuti kukudzwa kwose nenhaka yose yaainayo nokusingaperi, Hama dzake idzo akadzikinura kubva panyika vachagovana. Mufananidzo usingaperi ndeuyo vehudangwe husingaperi hwaKritsu uyo vakainza vanhu vazhinji kuna Mwari.**

**Uyu ndivo muripo veruponeso rwedu - shaduko yokusingaperi kubva MURUENZANO MUUKURU HWAMWARI mukusvika MUHUMWECHETE NEHAMA DZAKE!**

**Zvinhu zvishanu zvakasiyana Dzekurarama kwe"Shoko", Rinova Kristu**

**Kuzvarwa**

| **Kutanga** | **Testamente Yekare** | **Testamente Itsva** | **Zvino** | **Nokusingaperi** |
|---|---|---|---|---|
| **Johane 1:1** | **Johane 1:3** | **VaFiripi 2:5-7** | **VaEfeso 1:20-23** | **1 Timotio 2:5** |
| **VaHeberu 1:3** | **Vakorose 1:16** | **VaHeberu 1:5** | **Mateo 28:18** | **VaFiripi 3:20,21** |
| **VaFiripo 2:6** | **1 Vakorinte 10:4** | **VaHeberu 2:14-17** | **Mabasa 1:9** | **VaRoma 8:17** |
| | **Ekisodho 3** | **VaHeberu 5:8** | **Danieri 7:13,14** | **1 Vakorinte 15:24-28,49** |
| | **Johane 8:58,59** | **Ruka 2:52** | **Zvakazarurwa 17:14** | **VaGaratia 4:7** |
| | **1 Petro 1:11** | **VaHeberu 4:15** | **1 Vakorinte 15:24** | **VaRoma 8:17** |
| | | **Johane 1:4,5,26** | | **1 Timotio 3:16** |
| | | | | **Zvakazarurwa 3:21** |

**Handidi kuva muvhundusi kana kuvamufungidziri, asi**

**Chenjera!**

**Takanangiswa munjodzi**

Tiri vanhu vanezvizhinji zvekuita. Tinosangana nezvakavanda vhiki roga roga, tichiita zvinhu zvedu, tiine mufungo vekuti hatina zvimwe zvatingakwanisa kuita pasirino. Hatisi vanhu vanoshanda. Hatisi vanhu vakasimba panezvematongerwo enyika. Hatina kubatana patinofanirwa kubatana nokuda "kwechikonzero."

Timbori "anani"? ***Makristu. Kereke DzaKristu.***

u

## Uye chii chirikuitika apo tinenge tichiita "basa sezvatinogaroita?

- Kundoparidza - kushanyira mukusvika mumanharaunda - zvakazvika pakuregwa.
- Takarasa mapesendi anosvika 70% kusvika ku80% yezvizvarwa zvevana vedu.
- Dzimba dzedu dzizhinji dzakaita "sedzemunyika" zvakanguita munyika dzose, dziine chiratidzo "kwechitendero" nomusi vezvondo.
- Chiitiko chinoguma chave guva nokuda kwekushaikwa kweruzovo rwebhaibheri muMakristu kazhinji uye zvikiru pakati pezvizvarwa zvechidiki.
- Kereke munzvimbo zhinji dziri muchimiro chekutsauka pakutenda.

*"Vanhu vangu vaparadzwa nokushaiwa zivo; zvawaramba zivo, neni ndichakurambawo, kuti urege kuva mupirisiti wangu; zvawakanganwa murayiro waMwari wako, neniwo ndichakanganwa vana vako ,"* (Hosea 4:6). Ko Mwari akachema here mumazuva aHosea, uye chinhu chinosivisa chose chimwechete ndicho zvakare chingave chikonzero chedambudiko ririkumunetsa nhasi.

"Nderipi dambudziko"? unokwanisa kubvunza.

- Kuti maonero epfungwa dzezvouMwari dzazara mukereke. Zvimwe zvikoro zvedu zveChikristu hazvisisina kuvimbika muzvidzidzi zvazvo (zvinokonzereswa nehutungamiri zvikoro zveChikristu kuti kutsauka pakutenda kwa1906 kwakatungidzwa). Masangano makuru haachisina dzidziso dzakavimbika - *mamwe akazviratidza pachena kuti arikuteedzera masekete, mamwe ndivo akavedzera zviridzwa mukuimba kwekunamata, mamwe ndivo akasiya zita ralshe akunamata achizviti "kereke dzemunharaunda" , vamwe ndivo vakuramba kukosha kwerubhabhatidzo mukukanganirwa kwezvivi" - uye mazhinji ari munzira yekutsauka pakutenda.*
- Kunze kwekuti paine chinenge chaitwa, kana zvizvarwa zvikuru pasisina - mumakore amwe arikumberi anosvika 15 kuenda ku20 - tinoona nhoroondo ichizvidzokorora mukuenda kufanana neiyo yemuna1906 apo 85% yekereke yakava kereke yeMakristu nekuve Vadzidzi vaKristu.

## Panechingaitwa here kudzivirira dambudziko iri?

Mushure mekuona dambudiko, mubvunzo unotevera ndevekuti, " Rinopedzwa sei? Tinokwanisa kusvika sei kukereke yese?"

Tine zvekushandisa zvakawanda pakatipedu zvinokwanisa kutipa dzimwe dzemhinduro: vaparidzi vakatendeka, zvikoro zveBhaibheri zvinoticha zvakarurama, Mapepa anoshambadza Evangeri, hurongwa hwepachidzangaradzimu, zvidzidzo zvedzidziso dzakatendeka zvakaita sechinonzi "Lads to Leaders" kuvana vedu, mabhuku ekudzidza akanaka, nezvimwe zvandisina kutaura.

Dambudziko nderekuti zvinhu izvi zvinosvika kuchikamu chidiki chekereke. Hakuna zvinyorwa kana zvidzidzo zvizhinji zveEvangeri uko Makristu mazhinji anodzidza; hakuna mumwe munhu anofunga kuti makereke mazhinji anokwanisa kusvikwa kwaari kubudikidza nehwaro rwekutsigira. Asi funga pamusoro pezvizvi! Chinhu chimwechete masangano akafanana kuva nezvinyorwa zvavanosarudza kuti zvakafanirwa kudzidzwa! Kwete, hakuna kufanana kwezvinyorwa zvinoshandiswa. Mamwe emakereke mahombe anogadzira zvavo; vamwe vanhu pachezvavo vanotsikisa zvavo; zvakare panemiganhu inova yakaiswa nekugadzirwa neMakristu akavimbika.

u

**Nokure pesendi ikuru zvinhu zvinoshandiswa mukereke yalshe zvizhinji zvakagadzirwa nemapoka emasekete kuti zvishandiswe pasirose zvose mukushandiswa kwezvidzidzo zvevhiki muzvidzodzo uye Muzvikoro Zvekufamba zvichidzodzisai!**

Chokwadi! Nokure pesendi hombe inoshandiswa yezvinhu zvinoshandiswa mumakirasi zvakagadzirwa nemasekete kuti zvishandiswe nemasekete muzvidzidzo zvavo zvemavhiki uye nemuZvikiro zveMavhakesheni! Uye vamwe vehama dzadu vanozvitengera kodzero yekuti zvinyorwa zvinyorwe mumazita avo, muine kuvedzerwa kushoma. Uwandu vevana vemukereke yalshe 85% vanovanikwa vachidzidziswa muzvidzidzo zvavo nezvinhu izvi.

Sei vaine mukurumbira vakadai? *Nokuti* vatengi vazhinji *havazivi kuti* zvakanyorwa nevanhu vemasekete. Chechipiri ndechekuti *anotaridzika zvakanaka!* Anoyevedza kutarisa. **Vanopa zvikwezvero zvose, zviratidzwa zvinoita kuti mudzidzisi anodakushanda anozvida mukudzidzisa kwake.** Nokudaro anoshandiswa, gore negore, mumasangano mazhinji.

Ndeapi mamiriro ezvinhu izvi?

- Kunyora kwakaita mazhinji acho mifananidzo yavo inoitwa semakatuni, mukushaya hanya mumaitiro avo zvinoshaisa rukudzo nechokwadi zvatinofanirwa kuve pamusoro pezvinhu zvemweya.

- Mhosvo yekubatanidzwa kwemasekete kurikufuratirwa mukupepeta, uko vazhinji vadzidzisi vechidiki havaone semhosvo vakakudzwa muzvinhu izvi.

**Dambudziko Hombe nezvinhu izvi nderekuti HAVADZIDZISE DZIDZISO DZINOGUTSA!**

Chokwadi! Dambudziko Hombe rekubatanidzwa kwezvinhu zvemasekete nderekuti zvirikutishandura kuva KEREKE YEMASEKETE! vashamisika nazvo here?

***Tinova izvo tinotora!***

Saka, kana tichida kubva mudambudziko iro rakatitarisa, tinofanirwa kuve takasimba mukushandura kudya kweMweya kwevana vedu, kunyangwe kunemamwe vechidiki nevakuru muzvidzidzo zvedu. Chokwadi mabhuku emasekete nekunyorwa (dzimwenguva kwemisoro yenyaya muchikamu, pamwepacho kunyorwa kuripachena) dzidziso "dzeruponeso kubudikidza nokutenda bedzi" "kubata kwemabasa ezvishamiso eMweya Mutsvene nhasi", "kana uchinge vakaponeswa vakatoponeswa", nekumwe kutaura kwakadaro zvirikuvedzerwa kushandiswa zvakanyanya muzvidzidzo zvevakuru nemumadzimai. Uye kereke irikutambura nokuda kwedzidziso dzenhema idzi.

***KEREKE, ngatishande pamwechete tibudise zvinyorwa zvedu!***

Chokwadi, KEREKE ngatishande pamwe tibudise zvinyorwa zvedu! Ndizvo tinozama kuita. Uye pano tinotaura kuti ungazviita sei:

**Munguva ino yemakombiyuta, Isu Makristu tinokwanisa kuita zvinyora nekuzviisa mubasa**

rineurongwa hwakanaka pachedu chinova chinhu chikuru chinorerutsa ndima. Munguva yatiri kudindisa zvinhu zvineruvara zvakachipa kunyika yeChina munguva ino Tinokwanisa kugadzira nekunatsurudza mukubudisa zvakanaka tichishandisa makambani emaChina.

MUNHU VESE ANOZIVA KUTI TINODA IZVI!

**Batana nevamwe vanozvipira avo vatove kufamba vachibata pabasa iri**

**HANDEI NAZVO!**

- MAKEREKE: Munofanirwa kumira nesu pachinhu ichi, mukubatsira nemari nehutungamiri.
- Makristu mumunokwanisa kuzvipira nebasa.
- Nyora pafomu, votitumira kwatiri kana kufona pa(+263) 772625642 kana (+263) 772941890

**Titumire ruzivo urwu:**

**Ndinozvipira kubatsira munenzira (iyi) kana (idzi):**

- **Kunyora zvinokwanisa kubatsira vadzidzisi kudzidzisa**
- **Kunyora mabhuku ezvidzidzo**
- **Kuchengetedza zvinhu mukombiyuta**
- **Kugadzirisa zvinyorwa muurongwa vechimiro chakanaka**
- **Kugadzirisa makadhi endima dzekuramgarira**
- **kunyora nziyo dzitsva dzevana**
- **Kuita hurongwa hwekunyora mufananidzo**
- **Kugadzira hurongwa vekunamata "urimaringe nekunamata" Muzvitatu, muzvidzidzo.**
- **Kutsvaka mari dzekutsikiswa kwezvinyorwa**
- **Ndichabatsira kuti shoko risvike kumakereke**
- **Kupa hurongwa hwekufambiswa kwehutungamiri.**

**Zita:** ______________________________

**Mugwagwa:** ______________________________

**Guta/Nyika/Zip:** ______________________________

**Nhare:** ______________________________

**Email:** ______________________________

u

u